Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**U. ǴAFUROV, Q. SHARIPOV**

# ISBILERMENLIK TIYKARLARÍ 11





Ulıwma orta bilim beriw mekteplериniń 11-klası hám orta arnawlı, kásip óner bilimlendiriwi mákemeleriniń oqıwshıları ushın sabaqlıq

*Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tastıyıqlaǵan*

*1-basılım*



TASHKENT
«O‘ZBEKISTON»
2018

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UOK 338.22(075.32)
KBK 65.290-2
T 14

P i k i r  b i l d i r i w s h i l e r:

Respublikalıq Bilimlendiriw orayı «Ekonomikalıq bilim tiykarları» páni metodisti **A.N. Sattarov;**

Mırza Ulıǵbek atındaǵı Ózbekstan Milliy universiteti «Ekonomikalıq teoriyası» kafedrası docenti, e.i.k. **Sh.O. Olimjanova;**

Tashkent finans institutı «Biznes hám isbilermenlik» kafedrası aǵa oqıtıwshısı **U.K. Muxtorova**.

## Shártli belgiler:

— *Jedellestiriwshi soraw hám tapsırmalar*

— *Biliminizdi sınap kóriń*

— *Tema boyınsha ámeliy tapsırmalar hám shınıǵıwlar*

— *Bul qızıq...*

— *Bilesiz be?*

## Shártli qısqartıwlar

| | |
|---|---|
| AIKB | Akcionerlik innovaciyalıq kommerciyalıq banki |
| AJ | Aksionerlik jámiyeti |
| JSHJ | Juwapkershiligi sheklengen jámiyet |
| ÓRN | Ózbekstan Respublikası Nızamı |
| SHK | Shańaraq kárxanası |
| SHI | Shańaraqlıq isbilermenligi |
| PP | Prezident pármanı |
| JK | Jeke kárxana |

**Respublika maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı.**

© U. Ǵafurov, Q. Sharipov, 2018
© «O'ZBEKISTON» BPDÚ, 2018
Qaraqalpaqsha awdarma
© «Bilim» baspası, 2018

ISBN 978-9943-25-606-4

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# I BAP — ISBILERMENLIK, ONÍŃ TÚRLERI HÁM FORMALARÍ

## 1-TEMA. ISBILERMENLIKTIŃ MAZMUNÍ HÁM ÁHMIYETI

Biziń jáne bir áhmiyetli wazıypamız — kishi biznes hám isbilermenlik tarawların qollap-quwatlaw hám xoshametlew, mámleketimizdiń ekonomikalıq qúdiretin, elimizde tınıshlıq hám turaqlılıq, jámiyetlik tatıwlıqtı bekkemlewden, bul tarawdıń úlesin jáne de arttırıw ushın qolaylı shárt-sharayatlar jaratıp beriwden ibarat. Nege degende, isbilermen tek ǵana ózin hám shańaraǵın ǵana emes, bálki xalıqtı da, mámleketti de baǵadı. Men tákirar bolsa da, hesh aytıwdan sharshamayman, yaǵnıy xalıq bay bolsa, mámleket te bay hám qúdiretli boladı.

***Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoev***













AQSH




Madagaskar




Malayziya

### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. 1—3-súwretlerde kórsetilgen adamlardıń turmıs jaǵdayı neler menen ajıralıp turadı?
2. 4—6-súwretlerdegi bayraqları kórsetilgen qaysı mámlekette isbilermenlik xızmeti kóbirek rawajlanǵan dep oylaysız? Ne ushın? Pikirińizdi tiykarlań.
3. Qorshaǵan ortalıq hám shárt-sharayatlardıń isbilermenlik xızmetiniń rawajlanıw dárejesi menen qanday baylanısı bar?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## ISBILERMENLIK DEGENIMIZ NE?

Siz isbilermenlik túsinigi menen 9-klasta ótilgen «Ekonomikalıq bilim tiykarları» páni arqalı jaqsı tanıssız. Onda isbilermenlik degende adamlardıń payda kóriw maqsetinde táwekelshilik tiykarında óz qarjıları, múlki, bilimi hám imkaniyatların iske qosıp, ónim islep shıǵarıw hám xızmet kórsetiw iskerligi túsiniledi, delingen. Bunnan belgili boladı, isbilermenlik bazar ekonomikasınıń tiykarın qurap, onıń qatnasıwshıların háreketke keltiriwshi xızmet bolıp tabıladı.

Isbilermenlik xızmeti (isbilermenlik) isbilermenlik xızmeti subyektleri tárepinen nızam hújjetlerine muwapıq ámelge asırılatuǵın, ózi táwekel etip hám óziniń múlklik juwapkershiligi tiykarında dáramat (payda) alıwǵa qaratılǵan baslama kórsetiwshi háreketi bolıp esaplanadı.

***Ózbekstan Respublikasınıń 2012-jıl 2-maydaǵı ÓRQ – 328-sanlı jańa redakciyadaǵı «Isbilermenlik xızmeti erkinliginiń kepillikleri haqqında»ǵı nızamı, 3-statya.***

Isbilermen óndiristiń basqa tiykarǵı faktorları — jer (tábiyiy resurslar), kapital (óndiris quralları) hám miynet resursların óz ara biriktirip, olardıń bir-birine muwapıq háreket etiwin támiyinlep, jańa ónimlerdi islep shıǵarıw yaki xızmet kórsetiwdi ámelge asıradı.

**Isbilermen** — isbilermenlik uqıplılıǵına, yaǵnıy qanday da bir túrdegi tovar islep shıǵarıw yaki xızmet kórsetiw procesin shólkemlestiriwde bilim, kónlikpe hám tájiriybege iye shaxs.

## ISBILERMENLIKTIŃ TIYKARǴÍ TÁREPLERI

Eger isbilermen bolıwdı qáleseńiz, siz ózińizde isbilermenliktiń tiykarǵı tároplerin qáliplestiriwińiz zárúr boladı. Olar tómendegilerden ibarat:

**1. Baslamashılıq.** Isbilermen óz ideyasın ámelge asırıp, payda alıw maqsetinde ekonomikalıq resurslardı óz ara birlestiriw arqalı jańa ónim jetistiriw hám xızmetler jaratıw baslamasın alǵa qoyadı.

**2. Táwekelshilik.** Isbilermen óz xızmetin qanshelli puqta rejelestiriwine qaramastan, onıń tabısqa erisiwine kepillik joq. Xızmet



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

dawamında onıń nátiyjesine keri tásir etiwshi júdá kóp qáwip-qáter (risk)ler payda bolıwı múmkin. Isbilermen — bunday hár túrli qáwip-qáter, tosqınlıq hám mashqalalardan qorıqpastan, óz maqsetine erisiw jolında táwekelshilik ete alatuǵın shaxs bolıp tabıladı.

**3. Juwapkershilik.** Isbilermenniń baslaması hám táwekelshiligi negizinde onıń juwapkershiligi, yaǵnıy óziniń is-háreketi ushın mal-múlki hám resursları menen juwap beriwge tayar turadı.

**4. Jańalıqqa umtılıw.** Isbilermenliktiń mazmunında jańalıqqa umtılıw, yaǵnıy óz xızmetin shólkemlestiriw hám iske asırıwda jáne de joqarı nátiyjelerge erisiw ushın belgili dárejede jańalıq hám ózgerisler kirgizip barıw áhmiyetli orın iyeleydi.

## ISBILERMENLIKTIŃ ÁHMIYETI

Siz ózińizdiń shańaraǵıńızdıń turmıs sharayatınıń joqarı dárejede bolıwın qáleysiz be? Bul jaǵdaylardıń derlik kópshiligi isbilermenlik xızmeti arqalı jaratılatuǵının oylap kórgensiz be?

Isbilermenlik hárbir insandı belgili bir dáramat penen támiyinlep, onıń óz mútájliklerin tolıǵıraq qanaatlandırıp, turmıs dárejesin jaqsılawǵa imkaniyat jaratadı. Eger jámiyette isbilermenler kóp bolsa, onda tınıshlıq hám tatıwlıqqa, turaqlılıqqa umtılıw sonsha kúshli boladı. Isbilermenlik jaqsı rawajlanǵan jámiyette dóretiwshilik, ilim-bilim hám sawap isler jetekshi orında turadı.

Isbilermenlik óz xızmetinen tólenetuǵın salıq hám ajıratılǵan aqshalar arqalı mámlekettiń byudjet dáramatların da támiyinleydi. Byudjet qarjıları qansha kóp bolsa, jámiyet aǵzalarına xızmet etiwshi shárt-sharayatlar (úy-jaylar, jollar, medicina mákemeleri, oqıw orın-ları hám basqalar)dı jáne de jaqsılaw imkaniyatı payda boladı. Demek, isbilermenliktiń áhmiyeti, onıń hárbir shaxs, jámiyet hám mámlekettiń imkaniyatların keńeyttiriw arqalı kórinedi. Soǵan baylanıslı, elimizde isbilermenlik xızmeti mámleketimiz tárepinen qorǵaladı hám qollap-quwatlanadı.

## KIM ISBILERMEN BOLÍWÍ MÚMKIN?

Isbilermenlik xızmeti menen shuǵıllanıwǵa qızıqqan barlıq puqa-ralar isbilermen bolıwı múmkin. Biraq bunıń ushın puqara baylanıs uqıplılıǵına iye bolıwı, yaǵnıy, on segiz jasqa tolǵan bolıwı tiyis.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

On altı jasqa tolǵan erjetpegen shaxs miynet shártnaması boyınsha islep atırǵan bolsa yaki ata-anası, perzentlikke alıwshısı yamasa ǵamxorlıqqa alǵan insanlardıń ırazılıǵı menen isbilermenlik xızmeti menen shuǵıllanıp atırsa, ol tolıq dárejede qatnasıqqa uqıplı dep esaplanıwı múmkin.

***Ózbekstan Respublikasınıń Puqaralıq kodeksi, 28-statya***

Sonıń menen birge, ayırım sebeplerge baylanıslı isbilermenlik penen shuǵıllanıwı múmkin bolmaǵan shaxslar yaki toparlar da bar. Bularǵa:

— mámleket organları;

— mámleket organlarınıń lawazımlı shaxsları;

— isbilermenlik xızmeti menen shuǵıllanıwı nızam hújjetlerinde qadaǵan etilgen basqa shaxslardı kirgiziw múmkin.

## ISBILERMENLIK USHÍN NELER ZÁRÚR?

Siz isbilermenlik xızmetin iske asırıwıńız ushın tómendegiler talap etiledi:

— biznes-ideyaǵa iye bolıw;

— biznes-ideyanı ámelge asırıw ushın anıq is-háreketler rejesi (biznes-reje) islep shıǵıw;

— isbilermenlik xızmetin jolǵa qoyıw ushın zárúr bolǵan dáslepki (baslanǵısh) kapitalǵa iye bolıw;

— isbilermenlik xızmetin ámelge asırıw ushın kerekli materiallıq resurslar hám múmkinshiliklerge iye bolıw.

## BUL QÍZÍQ...

1997-jılı kolledjde birge oqıp atırǵan doslar Internetten hárqanday maǵlıwmattı tawıp bere alatuǵın algoritm jaratıw ideyası menen qızıqqan waqıtlarında bunıń izi nege alıp keletuǵının, hátte qıyalına da keltirmeydi. Bul waqıtları olar jaqsı bilim alıwǵa talaplanatuǵın jas oqıwshılar edi. Algoritm jaratıw ústinde islewdi dawam ettiriw ushın waqıt jetpegenlikten olar óz dóretpelerin «Yahoo» kompaniyasına 1 mln. dollarǵa satıwǵa qarar etedi. «Yahoo» menen sawdalasıw narqı 500 mıń dollarǵa shekem



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bardı, biraq aqır-ayaǵında algoritmdi satıwdan bas tartadı. Jigitler algoritm ústinde islewdi dawam etedi. Nátiyjede, bahası 250 mlrd. dollarǵa bahalanıp atırǵan «Google» kompaniyası dúzildi.

### BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Isbilermenlik túsinigi neni ańlatadı?
2. Ne ushın isbilermenlik bazar qatnasıwshıların háreketke baǵdarlawshı xızmet bolıp esaplanadı?
3. Isbilermenlik uqıplılıǵı qanday ózgeshelikler arqalı kórinedi?
4. Ne ushın isbilermenlik islep shıǵarıw faktorları arasında eń áhmiyetlisi bolıp esaplanadı?
5. Isbilermenliktiń tiykarǵı táreplerin túsindirip beriń.
6. Isbilermenlik ayrıqsha shaxs, jámiyet hám mámleketke qanday payda keltiriwi múmkin?
7. Kimler isbilermen bola aladı?
8. Isbilermenlikti baslaw ushın neler zárúr?

## TEMA BOYÍNSHA ÁMELIY TAPSÍRMA HÁM SHÍNÍǴÍWLAR

### Test: «Siz isbilermenlik uqıbına iyesiz be?»

Usı test siziń isbilermenlik uqıbıńız dárejesin bahalaw imkaniyatın beredi. Sorawlarǵa «Awa» yaki «Yaq» dep juwap beriń.

1. Baslaǵan isińizdi qanday da bir tosqınlıqlar payda bolıwına qaramastan aqırına jetkere alasız ba?
2. Óz qararıńızda qatań tura alasız ba yaki sizdi ańsat ǵana pikirińizden qaytarıw múmkin be?
3. Siz juwapkershilikti moynıńızǵa alıwdı, basqarıwdı jaqsı kóresiz be?
4. Átirapıńızdaǵılardıń húrmet hám isenimine iyesiz be?
5. Densawlıǵıńız jaqsı ma?
6. Dárhal nátiyjege erispeseńiz de tań atqannan kún batqanǵa shekem miynet etiwge tayarsız ba?
7. Basqalar menen pikirlesip hám birge islesiwdi qáleysiz be?
8. Tańlaǵan jolıńızdıń tuwrılıǵına basqalardı isendire alasız ba?
9. Sizge basqalardıń ideyası hám pikirleri túsinikli me?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

10. Siz ózińiz is baslawdı qálegen tarawıńız boyınsha tájiriybeńiz bar ma?

11. Siz ámeldegi salıqqa tartıw, is haqını esaplaw, buxgalteriyalıq esabatlardı júrgiziw qaǵıydaları menen tanıssız ba?

12. Siz usınbaqshı bolǵan tovar yaki xızmetke ózińiz jasap atırǵan qala yaki wálayatta talap bar ma?

13. Sizde marketing yaki finans tarawı boyınsha baslanǵısh bilimler bar ma?

14. Siz jasap atırǵan qalańız (wálayat)da siz tańlaǵan baǵdardaǵı basqa isbilermenlerdiń jumısları jaqsı ketip atır ma?

15. Ijaraǵa alıw ushın gózlep júrgen imaratıńız bar ma?

16. Siz óz kárxanańızdı xızmettiń birinshi jılında támiyinlep turıw ushın jeterli finanslıq qarjıǵa iyesiz be?

17. Sizde ózińiz shólkemlestirip atırǵan kárxananı finanslastırıwǵa aǵayinler hám tanıslardı tartıw imkaniyatı bar ma?

18. Zárúr materiallardı jetkerip beriwshi támiynatshılardı názerge alıp qoyǵanbısız?

19. Siziń názerińizde ózińizde jetispeytuǵın bilim hám tájiriybege iye qánigeler bar ma?

20. Ózińniń jeke jumısqa iye bolıw — siziń tiykarǵı ármanıńız ekenligine isenesiz be?

**Gilt:**

Hárbir unamlı juwap ushın bir ballǵa iye bolasız. Ballardıń jıyındısın esaplap shıǵıń.

**Nátiyje**

**Eger ballar jıyındısı 17 yaki onnan kóp bolsa,** ol jaǵdayda siz isbilermen bolıw ushın barlıq zárúr sıpatlarǵa iyesiz. Siziń maqset hám umtılıwshılıǵıńız, kúsh hám nátiyjege isenimińiz hárqanday ideyanı ámelge asırıwda járdem beredi.

**Eger ballar jıyındısı 13 ten 17 ge deyin bolsa,** siziń isbilermen sıpatında nátiyjelerge erisiwde isenimińiz júdá bekkem emes. Biraq siz jaqsı isbilermen bolıwıńız múmkin.

**Eger ballar jıyındısı 13 ten kem bolsa,** sizden isbilermen bolıwıńız ushın kóbirek tájiriybe hám háreket etiw talap etiledi. Isbilermenlikti baslawdan aldın ózińizdiń qızıǵıwshılıǵıńız, qálewińiz hám imkaniyatlarıńızdı salıstırıp, anıq maqsetke qaray umtılıwıńız lazım.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 2-TEMA ISBILERMENLIKTIŃ TÚRLERI HÁM FORMALARÍ

Jedel isbilermen degende, biz básekige shıdamlı ónim islep shıǵarıwǵa bolatuǵın, eń baslısı, jańa jumıs orınların jaratıp, tek ózin hám shańaraǵın baǵatuǵın emes, al jámiyetke payda keltiretuǵın isbilermen insanlardı túsinemiz.

***Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoev***





### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Joqarıdaǵı súwretlerde isbilermenliktiń qanday túrleri kórsetilgen? Óz pikirińizdi tiykarlap beriń.
2. Bir waqıttıń ózinde birneshe isbilermenlik túri menen shuǵıllanıw múmkin be? Mısallar keltiriń.

### ISBILERMENLIK XÍZMETINIŃ TÚRLERI

Ekonomikalıq xızmet túrli kórinislerde ámelge asırıladı. Máselen, biz túrli ónimler (nan, kiyim, oqıw quralları, avtomobil, jay hám basqalar)di islep shıǵarıw menen xızmet kórsetiw (turmıs xızmeti, bilimlendiriw xızmeti, densawlıqtı saqlaw, másláhát beriw hám basqalar) túrlerin bilemiz. Soǵan baylanıslı, ekonomika tarawları hám tarmaqlarınıń ózgesheliklerinen kelip shıqqan jaǵdayda isbilermenlik xızmeti túrleri ózindegi procesler forması hám mazmunı hám olardı iske asırıw usıllarına baylanıslı bir-birinen parıqlanadı. Isbilermenlik xızmeti xızmet kórsetiw, dáldalshılıq xızmeti, tutınıw tovarların islep shıǵarıw, finanslıq operaciyalar sıyaqlı tarawlarda nátiyjeli ámelge asırıladı. Isbilermenlik xızmetiniń baǵdarlanǵanlıǵı, kapital kiritiw obyekti hám anıq nátiyjelerge baylanıslı isbilermenlik túrleri ajıraladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Isbilermenlik túri** — isbilermenlik xızmetiniń baǵdarı, kapital kirgiziw tarawı hám xızmet nátiyjesine baylanıslı parıqlanıwshı belgiler sisteması.

## ÓNDIRIS ISBILERMENLIGI

Siz isbilermenlik penen shuǵıllanıwdan aldın onıń ózińizge qolaylı túrin tańlap alǵanıńız maqul. Aytayıq, siz kishi konditer (mazalı zatlar) cexın ashpaqshısız. Bunıń ushın sizde imarat, zárúr ásbap-úskene hám ánjamlar hám de jeterli muǵdarda finanslıq qarjılar bolıwı talap etiledi. Siziń konditer ónimlerin islep shıǵarıw xızmetińiz óndiris isbilermenligi delinedi.

**Óndiris isbilermenligi** — tutınıwshılarǵa satıw maqsetinde ónim islep shıǵarıw yaki xızmet kórsetiwge baǵdarlanǵan xızmet.

Óndiris isbilermenligi xızmet kórsetiwdi de óz ishine aladı. Máselen, avtomobillerge texnikalıq xızmet kórsetiw, kiyimlerdi ximiyalıq tazalaw, hár túrli máselelerde másláhát beriw, bilimlendiriw xızmeti hám basqalar usılar qatarınan bolıp tabıladı.

Óndiris isbilermenliginiń xızmet tarawın tańlaw isbilermenniń finanslıq resursları hám jeke qızıǵıwshılıǵı arqalı belgilenedi. Dáslep marketing izertlewleri ótkeriledi, bazar úyreniledi, usınılatuǵın tovardıń tutınıwshıǵa qay dárejede zárúrligi, talaptıń dárejesi hám ózgeriwi, talap dárejesine tásir kórsetiwshi faktorlar, shama menen qárejetler hám satıwdıń kólemi anıqlanadı.

## KOMMERCIYALÍQ ISBILERMENLIK

Aytayıq, sizde óndiris isbilermenligi menen shuǵıllanıw ushın jeterli resursıńız joq. Bunday jaǵdayda siz óndiris resursları sıyaqlı úlken múmkinshilik talap etpeytuǵın, kóbirek aylanıs qarjılar jetekshi orın tutatuǵın kommerciyalıq isbilermenligi menen shuǵıllanıwıńızǵa boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Kommerciyalıq isbilermenligi** — tovar-pul qatnasıqları hám sawda-almastırıw operaciyalarına, yaǵnıy, tovar hám xızmetlerdi qayta satıwǵa tiykarlanǵan xızmet.

Usaqlap satıw hám kótere sawda, hár qıylı mal-múlkler, sonıń ishinde kóshpes múlkler sawdasın dáldalshılıq etiw kommerciyalıq isbilermenlikke mısal bola aladı.

Kommerciyalıq isbilermenlikte tovardı satıw bahası onıń satıp alıw bahasınan joqarı bolıwı tiykarǵı qaǵıyda bolıp esaplanadı. Soǵan baylanıslı, kommerciyalıq isbilermenlikti baslamastan aldın bazardıń jaǵdayı puqta analizlenedi.

## FINANSLÍQ ISBILERMENLIK

Siz, sonday-aq, arnawlı bilim hám kónlikpeler talap etetuǵın finanslıq isbilermenlik penen de shuǵıllanıwıńız múmkin.

**Finanslıq isbilermenlik** — pul hám bahalı qaǵazlardıń aldı-sattısı menen baylanıslı bolǵan isbilermenlik xızmeti.

Finanslıq isbilermenliginde qımbat bahalı qaǵazlar (akciyalar, obligaciyalar hám basqalar), valyuta qunları hám milliy pullar aldı-sattısı isleniwi onıń ózine tán ózgeshelikleri bolıp esaplanadı. Sonday-aq, finanslıq isbilermenlikti shólkemlestiriw ushın kommerciyalıq bankler, finans-kredit kompaniyaları, fond, valyuta birjaları hám basqa sol sıyaqlı arnawlı mákemelerdiń xızmetin jolǵa qoyıw talap etiledi.

## QAMSÍZLANDÍRÍW XÍZMETI

Turmıs hár túrli jaǵdaylarǵa, kútilmegen hádiyselerge tolı. Hárqanday adam kútilmegende densawlıǵın, tábiyiy apatshılıq yaki baxıtsız hádiyse nátiyjesinde mal-múlkin joǵaltıwı múmkin. Sonday-aq, bazar ekonomikası jaǵdayında heshkimniń xızmet nátiyjesine tolıq kepillik berilmegen bolıp, kárxanalar finanslıq kriziske túsip qalıwı múmkin.

Sonday jaǵdaylarda qamsızlandırıw xızmetine zárúrlik tuwıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Qamsızlandırıw** — hár qıylı kútilmegen jaǵdaylar nátiyjesinde júzege keletuǵın finanslıq mashqalalardan qorǵaw xızmeti.

Qamsızlandırıw xızmeti de isbilermenliktiń arnawlı túri esaplanadı. Oǵan múlk qamsızlandırıwı, ómirdi hám densawlıqtıń jeke qamsızlandırıwı, risk qamsızlandırıwı, juwapkerlik qamsızlandırıwı kiredi. Ulıwma jaǵdayda qamsızlandırıw isbilermenligin qamsızlandırıw xızmetiniń aldı-sattısı formasında sıpatlaw múmkin.

## ISBILERMENLIK TÚRLERINIŃ ULÍWMA ANALIZI

Siz shuǵıllanbaqshı bolǵan isbilermenlik túrinen muwapıǵın tańlaw ushın hárbir isbilermenlik túriniń ózgesheligi boyınsha maǵlıwmatlardı ulıwma keste tiykarında analizlewińizge boladı. Bunda anıq belginiń quramalılıq dárejesin bahalaw ushın «tómen» — 1 ball, «áhmiyetli» — 2 ball, «joqarı» — 3 ball menen belgilep alamız.

| Ózgesheli belgileri | Isbilermenlik túrleri | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Óndiris isbiler-menligi | Kommer-ciyalıq isbilermenlik | Finanslıq isbilermenlik | Qamsız-landırıw xızmeti |
| Materiallıq resurslarǵa bolǵan talap dárejesi | Joqarı (3) | Tómen (1) | Tómen (1) | Tómen (1) |
| Finanslıq resursqa talap dárejesi | Áhmiyetli (2) | Joqarı (3) | Joqarı (3) | Joqarı (3) |
| Risk dárejesi | Tómen (1) | Áhmiyetli (2) | Áhmiyetli (2) | Joqarı (3) |
| Arnawlı bilim hám ruqsatnamaǵa talap dárejesi | Áhmiyetli (2) | Tómen (1) | Joqarı (3) | Joqarı (3) |
| **Ulıwma dáreje** | **8** | **7** | **9** | **10** |

Máselen, óndiris isbilermenliginde materiallıq resurslar (imarat, qurılıs, texnologiyalıq liniyalar, stanoklar, shiyki zat hám materiallar) ǵa bolǵan talap qalǵan isbilermenlik túrlerine salıstırǵanda joqarı boladı. Finanslıq resurslarǵa bolǵan talap ta áhmiyetli dárejede, biraq, kommerciyalıq, finanslıq hám qamsızlandırıw isbilermenligine salıstırǵanda tómenirek boladı. Usı tárizde, hárbir isbilermenlik túri-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

niń ózgeshe belgileri boyınsha payda etilgen ballar jıyındısı olardıń quramalılıq dárejesiniń hár qıylı ekenligin kórsetedi. Usıǵan baylanıslı, siz de ózgeshe belgilerin bahalaw arqalı ózińiz shuǵıllanıwıńız múmkin bolǵan isbilermenlik túrin tańlawıńızǵa boladı.

## ISBILERMENLIKTIŃ FORMALARÍ

Isbilermenlik túrleri menen bir qatarda, isbilermenlik formaların da tuwrı tańlaw áhmiyetli. **Isbilermenlik forması** — xızmet boyınsha birge islesiwshiler, basqa isbilermenler hám mámleketlik basqarmaları menen qatnasıǵı jaǵınan ajıralatuǵın belgiler sisteması.

Isbilermenliktiń belgili bir forması bazar jaǵdayı hám isbilermenniń erkindegi kapitalı arqalı belgilenedi. Isbilermenliktiń tiykarǵı formalarına jeke tártiptegi isbilermenlik, jámáátlik isbilermenlik, korporativ isbilermenlik kiredi. Isbilermenlik hárbir formasınıń ózine tán ózgesheliklerin keyingi temalarda kórip shıǵamız.

### BUL QÍZÍQ...

Berto Jekobs hám onıń inisi Jon ómirge bolǵan jaqsı qatnasın da satıw múmkin degen sheshimge keldi. Bunıń ushın olar «Life is good» brendin jarattı. Dáslep 1984-jılı 48 futbolkaǵa sonday súrenli logotipler basıldı. Olar Boston qalasında tuwrıdan-tuwrı avtofurgonda satıla baslandı. 45 minut ishinde barlıq kiyimler satıp bolındı! Sonda aǵalı-inililer adamlarǵa optimizm úlestiriw menen de baylıq toplaw múmkinligin túsindi. Búgingi kúnde «Life is good» brendi ónimleri AQSHtıń ózinde 4500 sawda shaqapshasında satıladı, dúnyanıń 27 elinde onıń filialları bar. Jámi dúkánlarınıń sanı júzge jaqın. Kompaniyanıń paydası 2007-jılı 100 million dollarǵa jetken.

### BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Isbilermenlik qanday túrlerge bólinedi?
2. Belgili bir isbilermenlik túrin tańlawda neler esapqa alınadı?
3. Óndiris isbilermenliginiń ózine tán belgileri qanday?
4. Qanday jaǵdayda óndiris isbilermenligin tańlaw múmkin?
5. Kommerciyalıq isbilermenliktiń tiykarǵı táreplerin túsindirip beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 3-TEMA JEKE TÁRTIPTEGI ISBILERMENLIK





### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Joqarıdağı súwretlerde kórsetilgen qaysı xızmet túrlerin jeke tártiptegi isbilermenlik formasında shólkemlestiriwge boladı?
2. Usı xızmet túrlerin jeke tártiptegi isbilermenlik tiykarında alıp barıw múmkinligi ne menen túsindiriledi?
3. Kimler jeke tártiptegi isbilermenler bola aladı dep oylaysız?

## JEKE TÁRTIPTEGI ISBILERMENLIKTIŃ MAZMUNÍ

Siz isbilermenlikti baslamastan aldın onı qanday formada ámelge asıratuǵınıńızdı anıqlap alıwıńız kerek. Bunıń ushın dáslep eń ápiwayı formanı tańlaw maqsetke muwapıq boladı. Bul bolsa jeke tártiptegi isbilermenlik bolıp tabıladı.

Jeke tártiptegi isbilermenlik — yuridikalıq shaxs shólkemlestirmesten jeke isbilermenlik xızmetin ámelge asırıw forması bolıp esaplanadı. Bunday xızmetti ámelge asırıw ushın «jeke tártiptegi isbilermen» sıpatında mámleketlik dizimnen ótiwdiń ózi jetkilikli.

Jeke tártiptegi isbilermenlik fizikalıq shaxs (jeke tártiptegi isbilermen) tárepinen isbilermenlik xızmetin yuridikalıq shaxs shólkemlestirmegen halda ámelge asırıw bolıp tabıladı.

***Ózbekstan Respublikasınıń 2012-jıl 2-maydaǵı ÓRQ-328-sanlı jańa redakciyadaǵı «Isbilermenlik xızmeti erkinliginiń kepillikleri haqqında»ǵı nızamı, 6-statya.***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## FIZIKALÍQ YAMASA YURIDIKALÍQ SHAXS

Jeke tártiptegi isbilermenlerge berilgen sıpatlamada fizikalıq hám yuridikalıq shaxs túsinikleri ushıraydı. Solay eken, bul túsiniklerdiń mánisin bilip alıw isbilermenlik formaları haqqında keńirek maǵlıwmatqa iye bolıw múmkinshiligin beredi.

**Yuridikalıq shaxs** — puqaralıq huqıq hám minnetlemeleriniń subyektleri esaplanıwshı kárxana, mákeme, shólkemler. Ózbekstan Respublikası nızamlarına muwapıq, yuridikalıq shaxs óz múlkinde, xojalıq júritiwde yaki operativ basqarıwda óz aldına mal-múlkke iye bolǵan hám de óz minnetlemelerinen kelip shıǵıp usı mal-múlki menen juwap beretuǵın, óz atınan múlklik yamasa jeke múlklik emes huqıqlarǵa iye bolıp, olardı ámelge asıra alatuǵın, minnetlemelerdi orınlay alatuǵın, sudta dawager hám juwapker bola alatuǵın shólkem bolıp tabıladı. Yuridikalıq shaxslar óz balansına yaki smetaǵa iye bolıwları kerek.

**Fizikalıq shaxs** — huqıqıy qatnasıqlardıń qatnasıwshısı bolǵan jeke bir puqaranı ańlatıwshı túsinik. Ol jámáátlik dúzilis bolǵan yuridikalıq shaxstan parıqlanadı: fizikalıq shaxs tikkeley óz atınan is júrgizedi — xızmet júrgiziwi ushın jámáátlik dúzilme — tiyisli firma yaki kárxananı nızamda belgilengen tártipte dizimnen ótkiziwi shárt emes.

| JEKE TÁRTIPTEGI ISBILERMENLIKTIŃ | |
|---|---|
| **ABZALLÍQLARÍ** | **KEMSHILIKLERI** |
| ***Óz xızmetin erkin basqarıw huqıqına iye ekenligi.*** Jeke tártiptegi isbilermenlik quramalı basqarıw dúzilisine iye emes. Yaǵnıy, onda kárxanadaǵı sıyaqlı direktor, buxgalter sıyaqlı lawazımlar bolıwı shárt emes. Bul wazıypalardıń barlıǵın jeke tártiptegi isbilermenniń ózi atqaradı | ***Óz xızmetiniń nátiyjeleri ushın sheklenbegen jeke óziniń juwapkerligi.*** Aytayıq, siz jeke tártiptegi isbilermen sıpatında zıyanǵa túsip qaldıńız. Ol qalay júz bergenine qaramastan, sol qarjılardı óz mal-múlkińiz esabınan qaplawǵa májbúrsiz |
| **Xızmet júrgiziwdiń jeńilligi.** Máselen, yuridikalıq shaxs bolǵan kárxanalar zárúr bolǵan jaǵdayda óz xızmetin waqtınsha toqtatıp turıw imkanıyatına iye emes. Jeke tártiptegi isbilermen ushın bolsa tiyisli salıq basqarmasına múrájáát etiw arqalı óz xızmetin | ***Xızmet túrlerin keńeytiwde jallanba miynetten paydalanıwdıń sheklengenligi.*** Yaǵnıy, nızamshılıqqa baylanıslı xızmet túrine qaray, bir adamnan úsh adamǵa deyin jallanba miynetke ruqsat etiledi. Bul bolsa, jeke tártiptegi isbilermenge kóp |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

| | |
|---|---|
| málim múddetke toqtatıp turıwǵa hám bul aralıqta salıq hám basqa da májbúriy tólemlerdi tólemewge ruqsat etiledi. | jumıs kúshin talap etetuǵın texnologiyalardı engiziwge imkaniyat bermewi múmkin. |
| ***Ustav fondın shólkemlestiriwdiń talap etilmewi.*** Yaǵnıy, siz heshqanday qarjı toplamastan, tuwrıdan-tuwrı háreketińizdi baslawıńız múmkin | ***Shuǵıllanıw múmkin bolǵan xızmet túrleriniń sheklengenligi.*** Siz jeke tártiptegi isbilermen sıpatında tek ǵana ruqsat etilgen xızmet túrleri menen shuǵıllanıwıńız múmkin |
| ***Arnawlı yuridikalıq mánzildiń talap etilmewi.*** Siz ózińizdiń turaqlı jasaw mánzilińizdi kórsetken halda jeke tártiptegi isbilermenlikti dizimnen ótkiziwińiz múmkin | ***Qarjılardıń júdá kóp bolmawı sebepli úlken joybarlardı ámelge asırıwǵa tosqınlıq etiwi.*** Siz akcionerlik kompaniyası sıyaqlı qosımsha akciya shıǵara almaysız, úlken sherikleslerdi tarta almaysız, qosımsha qarjılardı jumsay almaysız |
| ***Esabatlar tapsırıwdıń jeńilletilgen formalarınıń qollanılıwı.*** Máselen, nızam tiykarında kishi isbilermenlik subyektleri tek mámleketlik statistika organları hám mámleketlik salıq xızmeti organlarına, jeke tártiptegi isbilermenler bolsa, mámleketlik salıq xızmeti organlarına belgilengen formada esabat tapsıradı | |

## BILESIZ BE?

Ózbekstanda isbilermenlikti qollap-quwatlaw, olardıń máplerin qorǵaw menen shuǵıllanıwshı kóplegen jámáátlik shólkemleri xızmet júrgizedi. Tómende olardıń ayırımları menen tanıstırıp ótemiz.

**Ózbekstan Respublikası Sawda-sanaat palatası**

Ózbekstan Respublikası Sawda-sanaat palatası Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2004-jıl 7-iyuldegi pármanına muwapıq shólkemlestirilgen. Sawda-sanaat palatasınıń tiykarǵı maqseti jeke isbilermenlikti jáne de rawajlandırıw ushın qolay sharayatlar jaratıw hám de isbilermenlik ortalıǵın



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jetilistiriw bolıp esaplanadı. Usıǵan baylanıslı, Palatanıń tiykarǵı wazıypalarınan biri — respublikada isbilermenlik xızmetin, dáslep, kishi hám jeke biznesti rawajlandırıw, real múlkdarlardıń keń klasın qáliplestiriw, mámlekettiń ekonomikalıq turmısında jeke sektor roli hám áhmiyetin asırıwǵa járdemlesiwden ibarat.

Palataǵa aǵza bolǵan isbilermenler ushın bir qatar qolaylıq hám imkaniyatlar jaratılǵan. Sonıń ishinde, olar isbilermenlerdiń huqıqıy qorǵalıwın támiyinlew, tovarlar hám xızmetler eksportın qollap-quwatlaw, shet el investiciyaları hám minitexnologiyaların qatnastıra alıw, kadrlardı oqıtıw hám qayta tayarlaw hám de basqa kóplegen baǵdarlarda ámeliy járdem hám xızmetler alıw imkaniyatına iye boladı. Siz Sawda-sanaat palatası haqqındaǵı basqa kóplegen paydalı maǵlıwmatlar menen shólkemniń http://www.chamber.uz elektron beti arqalı tanısıp barıwıńızǵa boladı.

### Ózbekstan Respublikası «Ónermentshilik» uyımı

Ózbekstan Respublikasınıń xalıq ustaları, ónermentleri hám xudojnikler uyımı Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 1997-jıl 31-marttaǵı «Xalıq kórkem ónermentshilikleri hám ámeliy kórkem ónerdi rawajlandırıwdı mámleketlik jolı menen qollap-quwatlaw shara-ilajları haqqında»ǵı 1741-sanlı Pármanı tiykarında shólkemlestirilgen. Uyımnıń maqseti Ózbekstan xalqınıń bay mádeniy miyrası hám tariyxıy dástúrlerin tolıq saqlap qalıw hám kóbeytiw, milliy ónermentshilik, xalıq kórkem hám ámeliy ónerin jáne de rawajlandırıw, ónermentshilik xızmeti menen shuǵıllanıwshı puqaralardı hár tárepleme qollap-quwatlaw boyınsha maqsetli hám kompleks shara-ilajlardı ámelge asırıw, usı tiykarda xalıq, ásirese jaslar, hayallar hám kem támiyinlengen shańaraqlar bántligin támiyinlewden ibarat.

Respublikanıń barlıq wálayat hám rayonlarında uyımnıń basqarma (13) hám bólimleri (159) bar.

Siz «Ónermentshilik» uyımı haqqındaǵı basqa kóplegen paydalı maǵlıwmatlar menen mákemeniń http://handicraftman.uz elektron beti arqalı tanısıwıńızǵa boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ózbekstan «Isbilermen hayal» isbilermen hayallar associaciyası**

Ózbekstan isbilermen hayallar associaciyası 1991-jılı shólkemlestirilgen bolıp, hayallardıń ekonomikalıq hám jámiyetlik huqıqların keńeytiw hám qorǵaw menen shuǵıllanadı.

«Isbilermen hayal» associaciyasınıń wazıypası hayallardıń ekonomikalıq, sociallıq huqıqları hám imkaniyatların keńeytiw hám de qorǵaw, olardıń isbilermenlik hám jámáátlik baslamaların qollap-quwatlaw, finanslıq, bilimlendiriw xabar resurslarınan paydalanıwın támiyinlewge járdemlesiw bolıp esaplanadı.

Siz «Isbilermen hayal» associaciyası haqqındaǵı basqa kóplegen paydalı maǵlıwmatlar menen mákemeniń http://adju.uz elektron beti arqalı tanısıwıńızǵa boladı.

## JEKE TÁRTIPTEGI ISBILERMENLIKTIŃ TIYKARǴÍ ÓZGESHELIKLERI

Jeke tártiptegi isbilermenler xızmet túri hám onı iske asırıw ornına qaray eń kem is haqıǵa kóbeytilgen muǵdarlarda qatań belgilengen salıq tólemlerin ámelge asıradı.

**Eń kem is haqı** — mámleket tárepinen belgili bir waqıt (máselen, saat, kún, hápte, ay yaki jıl) ushın miynetke haqı tólewdiń belgilengen eń kem muǵdarı.

Máselen, nızam hújjetlerine tiykarlanıp Tashkent qalasınan dizimnen ótken, azıq-awqat hám azıq-awqatlıq emes tovarlardı usaqlap satıw xızmeti menen shuǵıllanıwshı jeke tártiptegi isbilermen eń kem is haqınıń 7 esesi muǵdarında qatań belgilengen salıq hám eń kem is haqınıń 1 esesi muǵdarında qamsızlandırıw tólemin tólewi tiyis. 2018-jılı 1-yanvar jaǵdayına qaray, eń kem is haqı 172 240 sumdı quraydı. Bul waqıt ushın jeke tártiptegi isbilermen tólewi zárúr bolǵan qatań belgilengen salıq summası 1 205 680 sum (172 240 × 7)dı, qamsızlandırıw tólemi bolsa 172 240 sum (172 240 × 1)dı quraydı.

Jeke tártiptegi isbilermen Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti tárepinen belgilengen tártipte xızmetkerlerdi jallawǵa haqılı. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2015-jılı 31-iyuldaǵı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

219-sanlı qararı menen tastıyıqlanǵan «Jeke isbilermenler tárepinen xızmetkerlerdi jallaǵan jaǵdayda isbilermenlik xızmetin ámelge asırıw tártibi haqqında»ǵı Ustavı buǵan tiykar bolıp xızmet etedi.

Xızmetkerler jallanǵan jaǵdayda hárbir xızmetker ushın jeke tártiptegi isbilermen tárepinen ámelge asırılatuǵın xızmet boyınsha názerde tutılǵan stavkanıń 30% muǵdarında qatań belgilengen salıq tólew minnetlemesi júkletiledi.

Ónermentshilik xızmetin ámelge asırıp atırǵan jeke tártiptegi isbilermenler tovarlar tayarlaw (jumıslar islew, xızmetler kórsetiw) ushın kóbi menen bes shákirtti olarǵa tiyisli haqı tólegen jaǵdayda qatnastırıwǵa haqılı.

***Ózbekstan Respublikasınıń 2012-jıl 2-maydaǵı ÓRQ-328-sanlı jańa redakciyasındaǵı «Isbilermenlik xızmeti erkinliginiń kepillikleri haqqında»ǵı nızamı, 6-statya.***

Jeke tártiptegi isbilermenler bir waqıtta birneshe xızmet túri menen shuǵıllanıwǵa boladı. Ózbekstan Respublikası Salıq kodeksiniń 375-statyasına muwapıq, xızmettiń birneshe túri menen shuǵıllanıwshı salıq tólewshiler qatań belgilengen salıqtı xızmettiń hárbir túri ushın usı túrdegi xızmetke salıstırǵanda belgilengen stavkalar boyınsha óz aldına bólek tóleydi.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Jeke tártiptegi isbilermenlik degen ne?
2. Fizikalıq hám yuridikalıq shaxs túsinikleri qalay ajıraladı?
3. Jeke tártiptegi isbilermenliktiń abzallıqları hám kemshilikleri neler arqalı kórinedi?
4. Jeke tártiptegi isbilermenlikte birneshe xızmet túri menen shuǵıllanıw múmkin be?
5. Eń kem aylıq is haqı túsinigin túsindirip beriń.
6. Qatań belgilengen salıq tólemleri degende neni túsinesiz?
7. Jeke tártiptegi isbilermenlikte xızmetkerlerdi jallaw qaysı nızam hújjetlerine tiykarlanıp tártipke salınadı?
8. Jeke tártiptegi isbilermenlikti salıqqa tartılıw tártibin túsindirip beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 4-TEMA SHAŃARAQ ISBILERMENLIGI

1

2

3

4

5

6


### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Qaysı súwretlerde shańaraq ağzaları ıqtıyarında bolatuğın ekonomikalıq resurslar kórsetilgen?
2. Siziń shańarağıńızda birgelikte isbilermenlik jumısına qatnasatuğın qanday ekonomikalıq resurslar bar?

### SHAŃARAQ ISBILERMENLIGI DEGEN NE?

Siz jeke tártiptegi isbilermenliktiń ayırım kemshiliklerin shańaraq isbilermenligi menen shuğıllanıp sheshiwińiz múmkin. **Shańaraq isbilermenligi** — shańaraq ağzaları hám olardıń jaqın tuwısqanları tárepinen shólkemlestiriletuğın isbilermenlik xızmeti.

Shańaraq isbilermenligi shańaraq ağzaları tárepinen táwekel etip hám óziniń múlklik juwapkershiligi tiykarında dáramat (payda) alıw maqsetinde ámelge asırılatuğın isbilermenlik xızmeti bolıp esaplanadı. Shańaraq isbilermenligi óziniń qatnasıwshılarınıń qálewine tiykarlanadı.

***Ózbekstan Respublikasınıń 2012-jıl 26-apreldegi ÓRQ-327-sanlı «Shańaraq isbilermenligi haqqında»ğı nızamı, 3-statya.***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ózińizdiń xızmetińizdi shańaraq isbilermenligi formasında shólkemlestiriw siz ushın maqul tańlaw bolıp esaplanadı. Sebebi, shańaraq isbilermenligin shólkemlestiriw arqalı ózińiz jasap turǵan aymaqta xızmet júrgiziwińiz hám de islep shıǵarılǵan ónimdi sol jerdiń ózinde satıwıńız múmkin. Bunda siz ózińizdiń turatuǵın jeríńizdi jasaw ushın mólsherlenbegen jerge aylandırıwıńız shárt emes. Sonday-aq, siz isbilermenlik xızmetin óz úyińizde shólkemlestirseńiz, elektr energiyası, suw támiynatı, kanalizaciya, gaz támiynatı hám ıssılıq támiynatı sıyaqlı kommunal xızmetler haqısın xalıq ushın belgilengen tariflerde tólewińiz múmkin. Bul bolsa, basqa formadaǵı kárxanalarǵa salıstırǵanda úlken jeńillik bolıp tabıladı.

## BUL QÍZÍQ...

Jáhánniń kóplegen kózge kórinetuǵın iri kompaniyalarınıń xızmeti shańaraqlıq bizneske tiykarlanǵan. Máselen, «Walmart» (AQSH), «Samsung Group» (Qubla Koreya) hám «Tata Group» (Hindstan) sıyaqlı iri kompaniyalar usılar qatarınan bolıp tabıladı.

## BILESIZ BE?

Shańaraq kárxanasınıń xızmetin ámelge asırıw shártleri nelerden ibarat?

Shańaraq kárxanası xızmetiniń ayırım túrlerin tek arnawlı ruqsatnama (licenziya) bolǵanda ámelge asırıw múmkin.

Shańaraq kárxanası akciz salıǵı tólenetuǵın ónimdi islep shıǵarıwdı hám jer astınan paydalanǵanlıǵı ushın salıq salınatuǵın paydalı qazılmalar qazıp alıwdı, sonday-aq, yuridikalıq shaxslar ushın qatań belgilengen salıq yamasa birden-bir jer salıǵı tólew kózde tutılǵan xızmetti ámelge asırıw múmkin emes.

Shańaraq kárxanası xızmetinde záhárli, radioaktiv zatlar hám materiallardan, joqarı basımlı ásbap-úskenelerden hám de insan hám qorshaǵan-ortalıq ushın úlken qáwip tuwdıratuǵın basqa ásbap-úskenelerden paydalanıwǵa jol qoyılmaydı. Shańaraq kárxanası paydalanıwı múmkin bolmaǵan zatlar, materiallar hám ásbap-úskenelerdiń dizimi Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2012-jıl 13-sentyabrdegi 269-sanlı qararı menen tastıyıqlanǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Shańaraq kárxanası tárepinen sanaat túrindegi xızmetti kóp kvartiralı úydiń turaq jaylarında ámelge asırıwǵa jol qoyılmaydı. ***http://qaraqalpaq.ádillik.uz/qaraqalpaq./uz/interaktivnye-uslugi/ siziń-sorawıńız/questions./php? ELEMENT_ID=12342***

## SHAŃARAQ ISBILERMENLIGI TÚRLERI

Shańaraq isbilermenligin yuridikalıq shaxs shólkemlestirmegen hám yuridikalıq shaxs shólkemlestirgen halda jolǵa qoyıw múmkin.

Yuridikalıq shaxs shólkemlestirmegen haldaǵı shańaraq isbilermenligi **shańaraq isbilermenligi (SHI),** yuridikalıq shaxs shólkemlestirgen haldaǵı shańaraq isbilermenligi **shańaraq kárxanası (SHK)** dep ataladı.

Isbilermenlik xızmetiniń hárqanday formasında bolǵanı sıyaqlı shańaraq isbilermenliginde de jetiskenlik hám kemshilik tárepleri bar. Olardıń tiykarǵılarına toqtap ótemiz.

| SHAŃARAQ ISBILERMENLIGINIŃ | |
|---|---|
| **ABZALLÍQLARÍ** | **KEMSHILIKLERI** |
| Shańaraq aǵzaları ortasındaǵı óz ara isenim birgeliktegi xızmettiń joqarı nátiyjeliligin támiyinleydi | Shańaraq qatnasıqlarınıń jumıs penen baylanıslı qatnasıqlarǵa unamsız tásiriniń bolıwı |
| Hárbir shańaraq aǵzasınıń aqılıy hám fizikalıq imkaniyatların jaqsı biliw nátiyjeli miynet bólistiriwinen paydalanıwǵa sharayat jaratadı | Ayırım jaǵdaylarda shańaraq aǵzalarınıń qánige sıpatındaǵı tájiriybe hám kónlikpeleriniń jeterli bolmawı |
| Isbilermenlik xızmetinde shańaraqtaǵı bar qosımsha resurs hám imkaniyatlardan paydalanıw nátiyjege jaqsı tásir kórsetedi | Shańaraq isbilermenligin iri kárxana formasında shólkemlestiriw imkaniyatınıń sheklengenligi |
| Shańaraqtaǵı jaslardıń isbilermenlik sırların úyreniwine múmkinshilik jaratadı | |
| Shańaraq isbilermenligin miyras qaldırıw imkaniyatı arqalı áwladlardıń keleshegin támiyinleydi | |

## SHAŃARAQ ISBILERMENLIGINIŃ ÓZGESHELIKLERI

Shańaraq isbilermenligi formasındaǵı xızmetti ámelge asırıw bir qatar ózgeshelikleri menen xarakterlenedi. Shańaraq isbilermeni óziniń



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

xızmetinde tek shańaraq aǵzalarınan paydalanıw múmkin bolıp, sırttan xızmetkerlerdi jallaw huqıqına iye emes. Bunda shańaraq aǵzaları bolıp, tiykarınan, erli-zayıplı, ata-analar hám perzentler bolıp esaplanadı.

Shańaraq isbilermenligi sıpatında dizimnen ótken shańaraq aǵzası qatań belgilengen salıqtı tólewshi esaplanadı. Shańaraq isbilermenligi ayına eń kem is haqıdan kem bolmaǵan muǵdarda, shańaraqtıń basqa aǵzaları bolsa eń kem is haqınıń 50% i muǵdarında qamsızlandırıw tólemlerin tóleydi.

## SHAŃARAQ KÁRXANASÍNÍŃ ÓZGESHELIKLERI

**Shańaraq kárxanasın** — yuridikalıq shaxs shólkemlestirgen jaǵdayda ámelge asırılatuǵın shańaraq isbilermenligi forması. Shańaraq kárxanası qatnasıwshılarınıń sanı eki adamnan az bolmay, olar kárxana xızmetin júrgiziwde jeke miynetleri menen qatnasıwları shárt. Shańaraq baslıǵı, onıń ómirlik joldası, balaları hám aqlıqları, ata-anası, miynetke jaramlı jasqa tolǵan basqa tuwısqanları shańaraq kárxanası qatnasıwshısı bolıwı múmkin. Bir shańaraq kárxanası qatnasıwshısı bir waqıttıń ózinde basqa shańaraq kárxanasınıń qatnasıwshısı bolıwı múmkin emes.

Shańaraq kárxanası qatnasıwshıları hám onıń jallanba xızmetkerleriniń ulıwma sanı kishi isbilermenlik subyektleri xızmetkerleriniń nızam hújjetlerinde belgilengen ortasha jıllıq sanınan kóp bolıwı múmkin emes.

Shańaraq kárxanası onıń qatnasıwshıları tárepinen tovarlar islep shıǵarıw (jumıslar islew, xızmetler kórsetiw) hám realizaciya etiwdi ámelge asırıw ushın qálegen tiykarda, shańaraq kárxanası qatnasıwshılarınıń úlesli yamasa birgeliktegi múlkinde bolǵan ulıwmalıq mal-múlk, sonday-aq, shańaraq kárxanası qatnasıwshılarınan hárbiriniń mal-múlki negizinde shólkemlestiriletuǵın kishi isbilermenlik subyekti bolıp tabıladı. Shańaraq kárxanası xızmeti onıń qatnasıwshılarınıń jeke miynetine tiykarlanadı. Shańaraq kárxanası isbilermenlik subyektleriniń shólkemlestiriwshilik-huqıqıy formalarınan biri bolıp tabıladı.

***Ózbekstan Respublikasınıń 2012-jıl 26-apreldegi ÓRQ 327-sanlı «Shańaraq isbilermenligi haqqında»ǵı nızamı, 4-statya.***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Shańaraq kárxanasınıń dúziliw hújjeti bolıp dúziliw shártnaması bolıp esaplanadı. Shańaraq kárxanası ustav fondınıń minimal muǵdarı eń kem is haqınıń on esesinen az bolıwı múmkin emes.

Shańaraq kárxanası birden-bir salıq tólewshisi bolıp esaplanadı. Salıqlar hám basqa májbúriy tólemlerdi tólegennen keyin shańaraq kárxanası qatnasıwshıları ıqtıyarında qalatuǵın payda summasına salıq salınbaydı.

Nızamshılıqqa tiykarlanıp shańaraq kárxanası shuǵıllanıwı múmkin bolmaǵan xızmet túrleri de bar. Máselen, ol akciz salıǵı salınatuǵın ónimlerdi islep shıǵarıw, jer astı paydalı qazılmaların qazıp alıw sıyaqlı xızmet penen shuǵıllanıwı múmkin emes.

### BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Shańaraq isbilermenligin shólkemlestiriwdiń qanday formaları bar? Olardıń arasındaǵı ayırmashılıqlardı túsindirip beriń.
2. Shańaraq isbilermenliginiń qanday abzallıq hám kemshilikleri bar?
3. Shańaraq isbilermenligi hám shańaraq kárxanası bir-birinen nesi menen ajıraladı?
4. Shańaraq isbilermenligi xızmetine baylanıslı ózgesheliklerdi túsindiriń.
5. Shańaraq kárxanasınıń qanday ózine tán ózgeshelikleri bar?
6. Shańaraq kárxanalarında ustav fondınıń eń az muǵdarı qansha bolıwı kerek?
7. Kimler shańaraq kárxanasınıń qatnasıwshıları bola aladı?
8. Shańaraq kárxanasında islewshiler sanınıń eń az muǵdarı qansha?

### TEMA BOYÍNSHA ÁMELIY TAPSÍRMA HÁM SHÍNÍǴÍWLAR

1. Aǵa-inili Anvar hám Asqar Sattarovlar «SEHRLI BO‘YOQ» shańaraq kárxanasınıń qatnasıwshıları esaplanadı. Finanslıq dereklerdi tartıw maqsetinde qatnasıwshılar quramına shańaraq aǵzası bolmaǵan Akmal Sabirovtı qospaqshı. Qanday tártiptegi ózgerislerge tiykarlanıp Akmal Sabirov qatnasıwshı bola aladı?

2. S. Fayzullaev óziniń 3 perzenti menen shańaraq isbilermenligin shólkemlestirdi. Hárekettegi nızamshılıqqa tiykarlanıp olar hár ayda qansha muǵdarda qatań belgilengen salıq hám qamsızlandırıw tólemlerin tóleydi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 5-TEMA MIKROFIRMA HÁM KISHI KÁRXANA

1

2

3


### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Joqarıdağı súwretlerde kórsetilgen qaysı xızmet túrlerin kishi isbilermenlik formasında shólkemlestiriw múmkin?
2. Usı xızmet túrlerin kishi isbilermenlik tiykarında alıp barıw múmkinligi ne menen túsindiriledi?
3. Ózińizdiń xızmetińizdi mikrofirma yamasa kishi kárxana formasında shólkemlestiriwdiń qaysı biri nátiyjeli dep oylaysız?

## KISHI ISBILERMENLIK SUBYEKTLERI

Jáhán ámeliyatında óziniń xızmet kólemi boyınsha xojalıq júrgiziw imkaniyatları sheklengen isbilermenlik subyektlerin ajıratıp alıw tájiriybesi bar. Sebebi, usı isbilermenlik subyektleri mámleket tárepinen qollap-quwatlanbasa, zárúr shárt-sharayatlar jaratıp berilmese, olar basqa iri kárxanalar aldında básekige shıdamlılığın joǵaltıp, óziniń xızmetin toqtatıwǵa májbúr boladı. Olar **kishi isbilermenlik** yamasa **kishi biznes subyektleri** dep júrgiziledi. Kishi isbilermenlik subyektlerin ajıratıwda dúnyada keń qollanılatuǵın normalar qatarına tómendegilerdi kirgiziw múmkin:

— islewshilerdiń ortasha jıllıq sanı;
— tiykarǵı hám aylanıs qarjılar kólemi;
— payda (dáramat) kólemi;
— ónim satıwdan ulıwma túsim hám basqalar.

Ózbekstanda kishi isbilermenlik subyektleri xızmet túri hám usı tarawda islewshiler sanına qarap belgilenedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Kárxananiń tiykarǵı xızmet túri** — esabat dáwiri juwmaqları boyınsha ulıwma realizaciya etiw kólemindegi túsim úlesi ústinlik etetuǵın xızmet bolıp esaplanadı.

Mısal ushın bir kárxanada islep shıǵarıw, transport xızmetin kórsetiw, múlkti ijaraǵa beriw xızmetleri alıp barıladı deyik. Esabat jılında kárxanada ulıwma realizaciya etiw kólemindegi túsimde xızmet túrleri boyınsha úles tómendegishe boladı:

| **Xızmet túrleri** | **Jámi túsim, mıń sumda** | **Úlesi, % te** |
|---|---|---|
| Islep shıǵarıw | 250 000 | 53,2 |
| Transport xızmetin kórsetiw | 135 000 | 28,7 |
| Múlkti ijaraǵa beriw | 85 000 | 18,1 |
| **Jámi** | **470 000** | **100** |

Bunnan kórinip tur, esabat jılında kárxananıń tiykarǵı xızmet túri islep shıǵarıw bolıp esaplanadı.

## MIKROFIRMA

Ózbekstanda kishi isbilermenlik subyektleriniń bir kórinisin **mikrofirmalar** quraydı.

**Mikrofirma** — belgili tarawdaǵı islewshiler sanı jaǵınan eń kishi bolǵan yuridikalıq shaxs kórinisindegi kishi isbilermenlik subyekti.

Mikrofirmadaǵı islewshilerdiń ortasha jıllıq sanı tómendegi shegaradan aspawı kerek.

| | |
|---|---|
| Óndiris tarawında | 20 adam |
| Xızmet kórsetiw hám de basqa óndirislik emes tarawlarında | 10 adam |
| Kótere satıw, usaqlap satıw sawda hám ulıwma awqatlanıw tarawında | 5 adam |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bunnan kórinip tur, eger siz kitap dúkánın ashsańız hám onda 3 satıwshı islese, onday jaǵdayda siziń kárxanańız mikrofirma dep júrgiziledi.

## KISHI KÁRXANA

Islewshiler sanı jaǵınan mikrofirmadan úlkenirek bolǵan kishi isbilermenlik subyekti **kishi kárxana** bolıp tabıladı.

Kishi kárxanadaǵı islewshilerdiń ortasha jıllıq sanı tómendegi shegaraǵa shekem bolıwı belgilengen:

| | |
|---|---|
| Jeńil, azıq-awqat hám de qurılıs materialları sanaatında | 200 adamǵa shekem |
| Metalǵa islew beriw hám ásbapsazlıq, aǵashsazlıq hám de mebel sanaatında | 100 adamǵa shekem |
| Mashinasazlıq, metallurgiya, janarmay-energetika hám ximiya sanaatı, awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw hám qayta islew, qurılıs hám basqa óndiris tarawlarında | 50 adamǵa shekem |
| Ilim-pán, ilimiy xızmet kórsetiw, transport, baylanıs, xızmet kórsetiw tarawları (qamsızlandırıw kompaniyalarınan basqa), sawda hám ulıwma awqatlanıw hám de basqa óndirislik emes tarawlarında | 25 adamǵa shekem |

Mikrofirma hám kishi kárxana esaplanıwshı isbilermenlik subyektlerin durıs anıqlaw ushın olarda bánt bolǵan ortasha jıllıq xızmetkerler sanın esaplap shıǵıw kerek boladı.

## ORTASHA JÍLLÍQ XÍZMETKERLER SANÍ

Kárxanadaǵı xızmetkerlerdiń ortasha jıllıq sanı barlıq aylarda bolǵan xızmetkerlerdiń ortasha aylıq sanın qosıw hám onı 12 ayǵa bóliw arqalı anıqlanadı.

Bul kórsetkishti anıqlaw ushın xızmetkerlerdiń jıl dawamındaǵı ortasha aylıq sanın esaplap shıǵıw zárúr. Xızmetkerlerdiń ortasha aylıq sanı olardıń hár kúngi sanınan kelip shıǵıp belgilenedi. Bul



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

muǵdar aydıń kalendar kúnlerine bólinedi. Dem alıw yamasa bayram kúnlerindegi xızmetkerlerdiń sanı bunnan aldıngı jumıs kúnlerindegi xızmetker sanına teń dep qabıl etiledi. Mısal ushın, yanvar ayınıń 25-sánesine shekem kárxanada 22 xızmetker isleytuǵın edi. 26-yanvarda 4 xızmetker óziniń wazıypasınan bosatıldı. Yanvar ayındaǵı xızmetkerlerdiń ortasha aylıq sanı tómendegishe esaplanadı.

$$\frac{22\times25+18\times6}{31}=21 \text{ adam}$$

Bul usılda basqa aylar ushın da xızmetkerlerdiń ortasha aylıq sanı esaplap shıǵılıp, barlıq aylardaǵı muǵdarların qosıp, shıqqan nátiyjeni 12 ge bóliw arqalı xızmetkerlerdiń ortasha jıllıq sanı anıqlanadı.

| Yanvar | Fevral | Mart | Aprel | May | Iyun | Iyul | Avgust | Sentyabr | Oktyabr | Noyabr | Dekabr |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 21 | 41 | 50 | 89 | 87 | 88 | 120 | 118 | 90 | 45 | 32 | 16 |

$$\frac{21+41+50+89+87+88+120+118+90+45+32+16}{12}=66 \text{ adam}$$

Demek, biziń mısalda xızmetkerlerdiń ortasha jıllıq sanı 66 adamdı quraydı.

## BUL QÍZÍQ...

Amerika Qurama Shtatlarında 30 mln. nan artıq kishi kárxana dizimge alınǵan. Bul san orta hám iri firma hám de kompaniyalardıń sanınan 2 000 ese artıq. Kishi biznes shólkemlerinde pútkil Amerikanıń 70% xalqı miynet etedi. Bul dálil ulıwma hárbir adam óziniń biznesin ashıw imkanına iye ekenligin kórsetedi.

Kárxanalardıń tek 55% i tórt jıldan artıq xızmet júrgizedi. Shama menen 55% ke jaqın jeke kárxanalar dizimnen ótkennen baslap bes jıl dawamında jawılıp ketedi. Buniń sebebi sonda, kárxananıń payda bolıwınıń dáslepki basqıshında isbilermenler básekiniń joqarı dárejesine shıdam bere almaydı, belgili qáteliklerge jol qoyadı hám t.b. Hárqanday firma ushın bolsa óziniń turmıs cikliniń eń quramalı dáwirlerinen biri dawamlılıǵı úsh jıldan jeti jılǵa shekem bolǵan dáslepki basqısh esaplanadı. Eger kárxana bul



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

basqıshtı salıstırmalı jumsaq basıp ótken bolsa, ol jaǵdayda onıń nátiyjesi kepilliklengen boladı.
***http://www.xn-e1atfhn.xn--j1amh/8-faktov-o-biznese/***

## BILESIZ BE?

2018-jıl 1-yanvar boyınsha elimizde xızmet kórsetip atırǵan kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı 229 666 nı quraydı.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Kishi isbilermenlik subyektleri qanday normalarǵa qarap anıqlanadı?
2. Kishi kárxana mikrofirmadan nesi menen ajıraladı?
3. Ózbekstanda mikrofirmada islewshilerdiń ortasha jıllıq sanı hám de kishi kárxanada islewshilerdiń ortasha jıllıq sanı shegaraları qanday?
4. Kárxanadaǵı xızmetkerlerdiń ortasha jıllıq sanı qalay anıqlanadı?

## TEMA BOYÍNSHA ÁMELIY TAPSÍRMA HÁM SHÍNÍǴÍWLAR

1. Kishi kárxanada mart ayınıń 20-sánesine shekem 30 xızmetker isleytuǵın edi. 21-martta 4 xızmetker óziniń wazıypasınan bosatıldı. Mart ayındaǵı xızmetkerlerdiń ortasha aylıq sanın anıqlań.

2. Esabat jılında kárxana birneshe ekonomikalıq xızmet túrlerin ámelge asırıp, ulıwma realizaciya nátiyjesinde tómendegi túsimlerge iye boldı:

| Xızmet túrleri | Ulıwma túsim, mln. sumda | Úlesi, % de |
|---|---|---|
| Islep shıǵarıw | 900 | |
| Transport xızmetin kórsetiw | 600 | |
| Múlkti ijaraǵa beriw | 500 | |
| **Jámi** | | |

1) esabat jılında kárxanada ulıwma realizaciya etiw kólemindegi túsimde xızmet túrleri boyınsha úlesin anıqlań;
2) esabat jılında kárxananıń tiykarǵı xızmet túrin anıqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 6-TEMA JEKE KÁRXANA

## JEKE KÁRXANA



| Shólkemlestiriledi hám basqarıladı: | Ustav fondı: | Shólkemlestiriw hújjetleri: | Birge islewshilerdi qatnastırıw: | Salıqqa tartıw: |
|---|---|---|---|---|
| *bir fizikalıq shaxs tárepinen* | *minimal ólshem joq* | *ustav* | *múmkin emes* | *salıqlardı kárxana tóleydi* |

### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Joqarıdağı infografikada keltirilgen jeke kárxananıń qaysı belgisin eń áhmiyetli dep esaplaysız?
2. Eger siz ózińizdiń isbilermenlik xızmetińizdi shólkemlestirmekshi bolsańız jeke kárxananıń qaysı tárepleri sizge maqul keledi?
3. Sizler ózińiz bilgen jeke kárxanalar haqqında mısallar keltiriń.

### JEKE KÁRXANA TÚSINIGI

Ayırım isbilermenler óziniń xızmetiniń kólemine emes, al onıń ǵárezsiz ekenligine úlken itibar qaratadı. Sebebi, basqarıw, xojalıq qararların shıǵarıw hám dáramatın bólistiriwdegi ǵárezsizlik isbilermenniń máplerine tolıq say keliwi múmkin. Bul jaǵdayda isbilermenliktiń jeke kárxana forması hár tárepleme muwapıq boladı.

Múlk iyesi birden-bir fizikalıq shaxs tárepinen dúzilgen hám basqarılatuǵın kommercant shólkemi jeke kárxana dep kórsetiledi. Jeke kárxana isbilermenlik subyektleriniń shólkemlestiriwshilik-huqıqıy forması bolıp tabıladı.

***Ózbekstan Respublikasınıń 2003-jıl 11-dekabrdegi 558-II-sanlı «Jeke kárxana haqqında»ǵı nızamı, 3-statya.***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jeke kárxana birden-bir múlk iyesi tárepinen dúziledi. Múlk iyesi jeke kárxanaǵa tiyisli mal-múlk beredi hám onıń ustavın tastıyıqlaydı. Jeke kárxana shólkemlestiriwshisi tek fizikalıq shaxs boladı. Bul bir shaxs tárepinen jaratılǵan mákeme bolıp, biznes xızmeti shólkemlestiriwshiniń óziniń múlkleri tiykarında ámelge asırıladı. Sizler elimizdegi jeke kárxanalar tárepinen islep shıǵarılǵan ónimlerdi ańsat ajıratıp alıwıńız múmkin. Sebebi, bul ónimlerdiń islep shıǵarıwshısı haqqındaǵı maǵlıwmatta firma atınan keyin «jeke kárxana» degen sóz yamasa «JK» abbreviaturası jazılǵan boladı.

## JEKE KÁRXANANÍŃ ÓZGESHELIK TÁREPLERI

Jeke kárxana xızmetiniń ózine tán tárepi sol, ol basqa shólkemlestiriwshilerdiń aralasıwısız, bir adamnıń jeke basshılıǵı astında ámelge asırıladı. Jeke kárxananıń múlk iyesi kárxananı basshı sıpatında jeke basqaradı.

Itibarlı tárepi, jeke kárxana xızmetine basqa shólkemlestiriwshilerdiń aralasıwı biykar etilse de, bul jeke kárxananıń basqa kárxanalar xızmetinde qatnasıwı ruqsat etilgen.

> Jeke kárxana nızam hújjetlerinde belgilengen tártipte basqa yuridikalıq shaxslardıń shólkemlestiriwshisi bolıwǵa yamasa olardıń ustav fondında ózgeshe tárizde qatnasıwǵa, wákillikke iye orınlar ashıwǵa hám filiallar dúziwge haqılı.
>
> ***Ózbekstan Respublikasınıń 2003-jıl 11-dekabrdegi 558-II-sanlı «Jeke kárxana haqqında»ǵı nızamı, 9-statya.***

Jeke kárxana birden-bir fizikalıq shaxs tárepinen shólkemlestirilgeni ushın onıń ustav fondı úleslerine bólinbeydi. Sonday-aq, ustav fondınıń kólemin múlk iyesiniń ózi belgileydi.

Eger siz jeke kárxana ashpaqshı bolsańız, onıń ustav fondına aqsha, qımbat bahalı qaǵazlar, aqsha menen bahalanatuǵın basqa mal-múlk yamasa múlklik huqıqların kirgiziwińiz múmkin. Bunda jeke kárxananıń ustav fondına kirgizetuǵın mal-múlkińizdi erkin bahalaw huqıqına iyesiz.

Shańaraq kárxanaları sıyaqlı salıqlar hám basqa májbúriy tólemlerdi tólegeninen keyin jeke kárxana múlk iyesi ıqtıyarında qalatuǵın payda summasına salıq salınbaydı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jeke kárxana múlk iyesi kárxananı basshı sıpatında jeke basqaradı, kárxana atınan isenimxatısız jumıs isleydi, onıń máplerin kórsetedi, jeke kárxananıń pul qarjılarına hám de basqa mal-múlkine iyelik etedi, shártnamalar, sonıń ishinde miynet shártnamaların dúzedi, isenim xat beredi, banklerde esap betler ashadı, shtatlardı tastıyıqlaydı, kárxananıń barlıq xızmetkerleri ushın májbúriy bolǵan buyrıqlar shıǵaradı hám kórsetpeler beredi.

***Ózbekstan Respublikasınıń 2003-jıl 11-dekabrdegi 558-II-sanlı «Jeke kárxana haqqında»ǵı nızamı, 14-statya.***

| JEKE KÁRXANANÍŃ | |
|---|---|
| **ABZALLÍQLARÍ** | **KEMSHILIKLERI** |
| Jeke kárxananıń birden-bir fizikalıq shaxs tárepinen dúziliwi hám basqarılıwı | Jeke kárxanalar fizikalıq shaxslar tárepinen shólkemlestiriliwi, yuridikalıq shaxs onıń múlk iyesi bola almawı |
| Jeke kárxana múlk iyesi kárxananı basshı sıpatında jeke basqarıwı nátiyjesinde qararlar qabıl etiw tezliginiń artıwı | Yuridikalıq shaxs onıń múlk iyesi bola almawı nátiyjesinde qosımsha qarjılardı jámlew arqalı kárxananı keńeyttiriw imkaniyatlarınıń sheklep qoyılıwı |
| Kárxana basshısınıń ózi waqtınsha bolmaǵan jaǵdayda usı múddetke basshılıq wazıypasın basqa fizikalıq shaxs juwapkershiligine júklew múmkinligi | Jeke kárxana múlk iyesi kárxananıń mal-múlki jetkilikli bolmaǵan jaǵdayda kárxananıń minnetlemeleri boyınsha ózine tiyisli mal-múlk penen nızamǵa muwapıq tolıq juwapker bolıwı |
| Salıqlar hám basqa májbúriy tólemlerdi tólegeninen keyin jeke kárxana múlk iyesi iyeliginde qalatuǵın payda summasına salıq salınbawı | Kárxana kriziske ushıraǵanda barlıq qarızların hám basqa tólemlerdi shólkemlestiriwshiniń ózi tóleydi. Bul bolsa isbilermenge sheklenbegen juwapkershilik júkleydi |
| Salıqqa tartıwdıń ulıwma belgilengen hám ápiwayılastırılǵan salıq sisteması (birden-bir salıq tólemi) nan birin tańlaw huqıqına iyeligi | |
| Jeke kárxana iyesine kárxananı tolıq túrde múlk kompleksi sıpatında satıwı yamasa sawǵa etiwi yamasa onı saplastırıp, mal-múlkin óz aldına satıw huqıqı berilgenligi | |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BILESIZ BE?

Ózbekstanda nátiyjeli xızmet alıp barıp atırǵan jeke kárxanalardan biri — «Murad Buildings» kompaniyası esaplanadı. Bul kompaniyanıń tiykarǵı xızmet jónelisi óz ishine kóp qabatlı úylerdi hám olarǵa xızmet etiwshi sociallıq infrastrukturalardı alıwshı turaq jay joybarların rawajlandırıw bolıp esaplanadı. Turaq jay kompleksleri jeke tártiptegi arxitektura koncepciyası boyınsha qurılıp, hár túrli dárejedegi dáramatqa iye bolǵan keń xalıq ushın arnalǵan.

«Murad Buildings» kompaniyası imarat qurılısı procesiniń tómendegi barlıq basqıshlarında jumıs alıp baradı: obyektti joybarlastırıw, tozǵan eski imaratlardı satıp alıw, olardı keyin buzıw hám jańaların qurıw, sapası jaǵınan qadaǵalaw, satıw hám satıwdan keyingi xızmet kórsetiw.

***https://www.goldenpages.uz/company/?Id=80592***

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Jeke kárxana túsinigi neni ańlatadı?
2. Jeke kárxana kim tárepinen shólkemlestiriliwi múmkin?
3. Jeke kárxananıń ózine tán tárepleri túsindirip beriń.
4. Jeke kárxana basshısı kárxananı waqıtsha basqarıw imkaniyatı bolmaǵan jaǵdayda qanday jol tutıwı múmkin?
5. Salıqqa tartıw boyınsha jeke kárxananıń qaysı tárepleri basqa isbilermenlik formalarına uqsaydı?
6. Jeke kárxanada qanday múlklik huqıqlar bar?
7. Jeke kárxananıń isbilermenlik forması sıpatında qanday kemshilik tárepleri bar?
8. Jeke kárxanada xızmet nátiyjeleri boyınsha juwapkerlik qanday xarakterge iye?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 7-TEMA JUWAPKERSHILIGI SHEKLENGEN JÁMIYET

## JUWAPKERSHILIGI SHEKLENGEN JÁMIYET



| Iyeleri: | Ustav fondı: | Tiykar salıw hújjetleri: | Birge islesiwshilerdi qatnastırıw: | Eń kóp qatnasıwshılar sanı: |
|---|---|---|---|---|
| *hárqanday fizikalıq hám yuridikalıq shaxs, sonıń ishinde shet elli puqaralar. Bir fizikalıq yamasa yuridikalıq shaxs tárepinen de shólkemlestiriliwi múmkin* | *eń kem is haqınıń keminde 40 esesi muǵdarında* | *shártnama hám ustavı* | *jámiyettiń barlıq aǵzaları ırazılıǵı tiykarında ustav fondına úles kirgiziw* | *50 adam* |

### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Infografikada siz ushın ele tanıs emes bolǵan qanday maǵlıwmatlar keltirilgen?
2. Juwapkershiligi sheklengen jámiyettiń jeke kárxana yamasa jeke tártiptegi isbilermenlik infografikasınan qanday ayırmashılıq tárepleri bar?
3. Búgingi kúnde eń kem aylıq is haqınıń 40 esesi qanshanı quraydı?

### JUWAPKERSHILIGI SHEKLENGEN JÁMIYET

Siz atınan keyin JSHJ degen qısqarıp jazılatuǵın kárxanalar haqqında esitken bolsańız kerek. Máselen, «Coca-Cola Ishimligi» atınan keyin JSHJ (inglisshe LTD — limited) qısqartpası bolıp, bul «juwapkershiligi sheklengen jámiyet» degen mánisti ańlatadı.

**Juwapkershiligi sheklengen jámiyet (JSHJ)** — aǵzaları jámiyet minnetlemeleri boyınsha tek ózleri qosqan úles sheńberinde juwapker bolatuǵın jámiyet. Ol bir yamasa birneshe fizikalıq yamasa



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

yuridikalıq shaxslardıń kelisiwine qaray shólkemlestirilip, yuridikalıq shaxs esaplanadı.

Bir yamasa birneshe shaxs tárepinen shólkemlestirilgen, ustav fondı (ustav kapitalı) dúzilgen hújjetleri menen belgilengen muǵdarlarda úleslerge bólingen xojalıq jámiyeti juwapkershiligi sheklengen jámiyet dep esaplanadı. Juwapkershiligi sheklengen jámiyettiń qatnasıwshıları onıń minnetlemeleri boyınsha juwapker bolmaydı hám jámiyet xızmeti menen baylanıslı zıyanlar ushın ózleri qosqan úlesler qunı esabında juwapker boladı.

***Ózbekstan Respublikasınıń 2001-jıl 6-dekabrdegi 310-II-sanlı «Juwapkershiligi sheklengen hám de qosımsha juwapkershilikli jámiyetler haqqında»ǵı nızamı, 3-statya.***

Juwapkershiligi sheklengen jámiyet ustav fondı jámiyet aǵzalarınıń úleslerin qosıw arqalı qáliplestiriledi. Ol eń kem is haqınıń 40 esesinen kem bolmaǵan muǵdarda boladı. Jámiyet qatnasıwshıları sanı 50 den aspawı kerek. Eger qatnasıwshılar sanı belgilengen shegaradan asıp ketse, jámiyetti akcionerlik jámiyetine aylandırıw kerek boladı.

Jámiyet aǵzası óziniń úlesin basqa shaxsqa tek jámiyet ırazılıǵı menen ótkeriwi hám satıwı múmkin. Jámiyet qarızları boyınsha shólkemlestiriwshiler tek ǵana kompaniyaǵa kirgizgen úlesleri esabında juwapker esaplanadı.

Jámiyet paydası onıń qatnasıwshıları arasında olardıń ustav fondındaǵı úleslerine sáykes túrde bólistiriledi. Ózbekstan Respublikası nızamshılıǵına muwapıq, shólkemlestiriwshilerge járiyalanǵan dividend summalarına salıstırıp salıq esaplanadı.

## JUWAPKERSHILIGI SHEKLENGEN JÁMIYETTIŃ ABZALLÍQLARÍ

Juwapkershiligi sheklengen jámiyet jeke tártiptegi isbilermen yamasa jeke kárxanadan parqı úlken, qatnasıwshılardıń úlesin qosıw arqalı qısqa múddet ishinde úlken kólemdegi qarjılardı toplaw imkanına iye.

Eger jeke kárxanada tek fizikalıq shaxs shólkemlestiriwshi bola alsa, juwapkershiligi sheklengen jámiyette fizikalıq hám yuridikalıq shaxslar shólkemlestiriwshi bolıwı múmkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Juwapkershiligi sheklengen jámiyet qatnasıwshılarınıń juwapkerligi olardıń úlesi esabında sheklenedi. Qatnasıwshılar kárxana xızmetinde jeke miyneti menen qatnasıwı shárt emes. Jámiyettiń házirgi kúndelikli xızmetiniń shólkemlestiriwshileri tárepinen saylanǵan yamasa tayınlanǵan direktor basqaradı.

## JUWAPKERSHILIGI SHEKLENGEN JÁMIYETTIŃ KEMSHILIKLERI

Juwapkershiligi sheklengen jámiyet qatnasıwshıları sanınıń nızam menen sheklep qoyılıwı onıń ustav fondın jańa aǵzalar esabınan keńeyttiriwge tosqınlıq etedi.

Juwapkershiligi sheklengen jámiyet qatnasıwshıları óziniń úlesin erkin sata almaydı yamasa basqalarǵa usınıs ete almaydı. Nátiyjede, jámiyet quramınan shıǵıwda úlestiń bir bólimin joǵaltıwǵa tuwra keledi. Bul bolsa olardıń qızıǵıwlarına unamsız tásir kórsetiwi múmkin.

Áhmiyetli basqarıw qararların qabıllawda barlıq qatnasıwshılardıń ırazılıǵın alıw shárti bul procestiń sozılıp ketiwine alıp keliwi múmkin. Sonday-aq, bul boyınsha pikirlerdiń say kelmewi nadurıs qararlar qabıllaw qáwpin júzege keltiredi.

## JUWAPKERSHILIGI SHEKLENGEN JÁMIYETTE DIVIDENDKE SALÍQ

Juwapkershiligi sheklengen jámiyet qatnasıwshıları ózleri alǵan dividendden 10% kóleminde salıq tóleydi.

**Mısal.** «SAMAR-SUMBULA» JSHJtiń 2017-jıl juwmaqları boyınsha sap paydası 47 million sumdı quraydı. Jámiyet 4 shólkemlestiriwshi tárepinen shólkemlestirilgen bolıp, olardıń ustav fondındaǵı úlesleri tómendegishe:

— birinshi shólkemlestiriwshi — 45%;
— ekinshi shólkemlestiriwshi — 25%;
— úshinshi shólkemlestiriwshi — 18%
— tórtinshi shólkemlestiriwshi — 12%.

Usı jaǵdayda sap payda jámiyet shólkemlestiriwshileri arasında tómendegishe bólistiriledi:

— birinshi shólkemlestiriwshi – $47000000 \times 45\% = 21\,150\,000$ sum;
— ekinshi shólkemlestiriwshi – $47000000 \times 25\% = 11\,750\,000$ sum;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— úshinshi shólkemlestiriwshi — 47000000 × 18%=8 460 000 (salıq summası 8 460 000 × 10%=846 000) sum;

— tórtinshi shólkemlestiriwshi — 47000000 × 12% = 5 640 000 (salıq summası 5640000 × 10%=564 000) sum.

Sap paydadan járiyalanǵan dividendlerge salıstırǵanda salıq tómendegi muǵdarda esaplanadı:

— birinshi shólkemlestiriwshi — 21 150 000 × 10% = 2 115 000 sum;
— ekinshi shólkemlestiriwshi — 11 750 000 × 10% = 1 175 000 sum;
— úshinshi shólkemlestiriwshi — 8 460 000 × 10% = 846 000 sum;
— tórtinshi shólkemlestiriwshi — 5 640 000 × 10% = 564 000 sum.

### BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Juwapkershiligi sheklengen jámiyettiń basqa shólkemlestiriwshilik-huqıqıy formalardan ayırmashılıǵın túsindirip beriń.
2. Ne sebepten juwapkershiligi sheklengen jámiyet eń keń tarqalǵan formalardan biri esaplanadı?
3. Yuridikalıq shaxslar juwapkershiligi sheklengen jámiyet shólkemlestiriwshisi bola ala ma?
4. Juwapkershiligi sheklengen jámiyet qatnasıwshıları sanı neshe adamnan aspawı kerek?
5. Juwapkershiligi sheklengen jámiyet ustav fondınıń minimal muǵdarı qansha?

### TEMA BOYÍNSHA ÁMELIY TAPSÍRMA HÁM SHÍNÍǴÍWLAR

1. «UMIDA-NIGORA» JSHJtiń 2017-jıl juwmaqları boyınsha sap paydası 90 million sumdı quraydı. Jámiyet 4 shólkemlestiriwshi tárepinen shólkemlestirilgen bolıp, olardıń ustav fondındaǵı úlesleri tómendegishe:

— birinshi shólkemlestiriwshi — 40%;
— ekinshi shólkemlestiriwshi — 25%;
— úshinshi shólkemlestiriwshi — 18%;
— tórtinshi shólkemlestiriwshi — 17%.

Usınday jaǵdayda sap payda jámiyet shólkemlestiriwshileri arasında qalay bólistiriledi hám sap paydadan járiyalanǵan dividendlerge salıstırǵanda qanday muǵdarda salıq esaplanadı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 8-TEMA AKCIONERLIK JÁMIYETI

## AKCIONERLIK JÁMIYETI



| Tiykarın salıwshılar hám qatnasıwshılar: | Ustav fondı: | Shólkemlestiriwshilik hújjetler: | Qarjılardı tartıw: | Salıqqa tartıw: |
|---|---|---|---|---|
| *bir-birneshe. Shet ellik akcionerler bolıwı shárt. Olardıń ustav fondındağı úlesi keminde 15% bolıwı kerek* | *akciyalar bahası summası, MB kursı boyınsha keminde 400 mıń AQSH dolları. Bir dana akciyanıń nominal qunı kóbi menen 5 mıń sum* | *ustav* | *qosımsha akciyalardı shığarıw* | *dividendler hám procentler kórinisinde akcionerlerge tólenetuğın dáramatlarğa salıq salıw* |

### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Joqarıdağı infografikada kórsetilgen akcionerlik jámiyetiniń qaysı tiykarğı tárepleri basqa formalar ushın da tiyisli esaplanadı?

### AKCIONERLIK JÁMIYETI TÚSINIGI

Siz ushın isbilermenlik formaları arasında salıstırğanda kóbirek tanıs bolğanlarınan biri — akcionerlik jámiyeti bolıp tabıladı. Sebebi, ol eń iri formalardan biri esaplanıp, ayırım jağdaylarda korporaciya dep te júrgiziledi. Búgingi kúnde jáhánde jetekshi bolğan «Apple inc.», «Microsoft» sıyaqlı kompaniyalar usılardıń qatarınan.

**Akcionerlik jámiyeti (AJ)** — shólkemlestiriwshiler (akcionerler) diń ıqtıyarlı úlesleri tiykarında shólkemlestirilgen biznes júrgiziw forması.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mámleketimizdegi «Ózbekstan hawa jolları», «Ózbekstan temir jolları» sıyaqlı kompaniyalar da akcionerlik jámiyeti formasında shólkemlestirilgen.

Ustav fondı (ustav kapitalı) akcionerlerdiń akcionerlik jámiyetine salıstırǵanda huqıqların tastıyıqlawshı belgili muǵdardaǵı akciyalarǵa bólingen kommerciyalıq shólkemi akcionerlik jámiyeti dep kórsetiledi.

***Ózbekstan Respublikasınıń 2014-jıl 6-maydaǵı ÓRQ-370-sanlı jańa redakciyasındaǵı «Akcionerlik jámiyetleri hám akcionerleriniń huqıqların qorǵaw haqqında»ǵı Nızamı, 3-statya.***

## AKCIONERLIK JÁMIYETI TÚRLERI

Akcionerlik jámiyeti ashıq yamasa jabıq bolıwı múmkin. Ashıq akcionerlik jámiyetiniń shólkemlestiriwshileri quramına kiriwshilerdiń eń kem sanı sheklenbeydi, jabıq akcionerlik jámiyetiniń shólkemlestiriwshileri bolsa keminde úsh shaxstan ibarat etip belgilenedi. Jámiyettiń hárbir shólkemlestiriwshisi onıń akcioneri bolıwı lazım. Ashıq akcionerlik jámiyeti akcionerleriniń sanı shegaralanbaydı. Ashıq akcionerlik jámiyeti ózi shıǵarıp atırǵan akciyalarǵa ashıq jazılıw ótkeriwge hám nızam hújjetleriniń talapların esapqa alǵan halda olardı erkin satıwǵa haqılı. Akciyaları tek óziniń shólkemlestiriwshileri yamasa aldınnan belgilengen shaxsları arasında bólistiriletuǵın akcionerlik jámiyeti jabıq akcionerlik jámiyeti esaplanadı. Bunday jámiyet ózi shıǵarıp atırǵan akciyalarǵa ashıq jazılıw ótkeriwge yamasa olardı sheklenbegen kólemdegi shaxslarǵa satıp alıw ushın basqasha tárizde usınıs etiwge haqılı emes. Jabıq akcionerlik jámiyeti akcionerlerdiń sanı 50 den aspawı zárúr.

**Ashıq akcionerlik jámiyeti** — qatnasıwshıları ózlerine tiyisli akciyaların basqa akcionerlerdiń ırazılıǵısız satıp alıw hám olardı erkin satıw huqıqına iye bolǵan jámiyet.

**Jabıq akcionerlik jámiyeti** — akciyaları tek onıń shólkemlestiriwshileri yamasa aldınnan belgilengen basqa shaxslar kóleminde bólistiriliwshi jámiyet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ózbekstan Respublikasınıń 2014-jıl 6-maydaǵı jańa redakciyasındaǵı «Akcionerlik jámiyetleri hám akcionerlerdiń huqıqların qorǵaw haqqında»ǵı Nızamında akcionerlik jámiyetleri tárepinen shıǵarılatuǵın akciyalardı ashıq hám jabıq jazılıw jolı menen jaylastırıw belgilep berildi. Nızamǵa muwapıq, jabıq akcionerlik jámiyeti juwapkershiligi sheklengen jámiyetlerge uqsaslıǵına baylanıslı akcionerlik jámiyetleriniń túrleri ashıq hám jabıq túrlerge ajıratılmastan, olar ulıwma jaǵdayda akcionerlik jámiyeti dep júrgiziletuǵın boldı.

## AKCIONERLIK JÁMIYETIN SHÓLKEMLESTIRIW

Jámiyetti jańadan shólkemlestiriw hám bar yuridikalıq shaxstı qayta shólkemlestiriw (qosıp jiberiw, birlestiriw, bóliw, ajıratıp shıǵarıw, qayta dúziw) jolı menen dúziliwi múmkin. Akcionerlik jámiyetleri ustav kapitalınıń minimal muǵdarı 1 600 mln. sumdı quraydı. Jámiyettiń ustav fondı akcionerler satıp alǵan jámiyet akciyalarınıń nominal qunınan payda boladı.

**Akciya** — bul onıń iyesi akcionerlik jámiyeti kapitalına óziniń belgili úlesin qosqanlıǵına da onıń paydasınan dividend formasında dáramat alıw huqıqı barlıǵına gúwalıq beriwshi qımbat bahalı qaǵaz.

**Akciyanıń nominal qunı** — akciyanıń ózinde belgilep qoyılǵan qunı.

Jámiyet shıǵaratuǵın barlıq akciyalardıń nominal qunı birdey bolıwı kerek. Akciyalar iyesiniń atı jazılǵan emissiyalıq qımbat bahalı qaǵazlar bolıp, olar túrine qaray ápiwayı hám jeńilletilgen bolıwı múmkin. Akciyalar múlk huqıqı yamasa basqa zatlay huqıq tiykarında qaysı yuridikalıq yamasa fizikalıq shaxsqa tiyisli bolsa, sol yuridikalıq yamasa fizikalıq shaxs akciyanıń iyesi — akcioner dep júrgiziledi.

**Akcioner** — akciyanıń iyesi bolǵan yuridikalıq yamasa fizikalıq shaxs.

Ápiwayı akciyalar dawıs beriwshi bolıp, olar iyesine dividendler alıw, akcionerlerdiń ulıwma jıynalıslarında da jámiyetti basqarıwda qatnasıw huqıqın beredi. Akciya iyelerine dividendlerdi, sonday-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

aq, jámiyet saplastırılǵanda akciyalarǵa qoyılǵan qarjılardı birinshi gezekte alıw huqıqın beretuǵın akciyalar jeńilletilgen akciyalar bolıp tabıladı. Jeńilletilgen akciyalar óz iyelerine jámiyet payda kóriw-kórmewine qaramastan, belgili dividendler alıw huqıqın beredi.

**Ápiwayı akciya** — dividendti qoyılǵan qarjıǵa sáykes túrde bólistiriw imkanın beriwshi akciya.

**Jeńilletilgen akciya** — akcionerlik jámiyeti dividendi hám mal-múlkti bólistiriwde ápiwayı akciya iyesine salıstırǵanda ústinlik beriwshi akciya.

| AKCIONERLIK JÁMIYETINIŃ | |
|---|---|
| **ABZALLÍQLARÍ** | **KEMSHILIKLERI** |
| Úlken kólemdegi qarjını ańsatlıq penen toplaw. Sebebi, bunıń ushın jeterli muǵdardaǵı akciyanı shıǵarıw jetkilikli | Akcionerler sanınıń kópligi jámiyettiń jumısın múlk iyesi tárepinen basqarılıwın qıyınlastırıwı. Usıǵan baylanıslı akcionerlik jámiyetinde basqarıw keńesi shólkemlestiriledi hám direktor tayınlanadı |
| Akcionerlik jámiyeti kúndelikli xızmetin basqarıw shártnama tiykarında basqa kommerciyalıq shólkemi — isenimli basqarıwshıǵa tapsırılıwı múmkin bolǵan biznestiń birden-bir túri ekenligi | Tiykarǵı jumıs yamasa basqarıwǵa baylanıslı qanday da bir qarardı qabıl etiw ushın onıń akcionerler jıynalısında dodalanıwı bul procestiń sozılıwına alıp keledi |
| Akcionerdiń basqarıwda qatnasıw imkaniyatı ol iye bolǵan akciyalar túrine baylanıslılıǵı | |
| Ápiwayı akciyalar dawısqa iye esaplanadı hám óz iyesine dividendler alıw, jámiyetti basqarıwda qatnasıw huqıqın beredi | |
| Jeńilletilgen akciyalar óz iyelerine, birinshi gezekte, dividendlerdi alıwǵa hám de AJ saplastırılǵan jaǵdayda akciyaǵa tikken qarjılardı alıwda ústinlik beredi | |
| Jeńilletilgen akciyalar jámiyet dáramatı bar-joqlıǵına qaramastan, belgili bir dividendler alıw huqıqın da usınıs etedi | |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Akcionerlerge járiyalanǵan dividendler nızam hújjetlerine muwapıq salıqqa tartıladı. Akciyalardı satıwda fizikalıq yamasa yuridikalıq shaxs ushın salınatuǵın dáramat salıǵı tólenedi. Dáramat salıǵı akciyanı satıp alıw hám satıw arasındaǵı ayırmashılıqtan esaplap shıǵıladı. Akcioner, sonday-aq, jámiyetten onıń akciyaların satıp alıwdı soraw menen biznesti qoyıp ketiwi múmkin. Bul sıyaqlı máseleler bolsa, Ózbekstan Respublikasınıń «Akcionerlik jámiyetleri hám akcionerler huqıqların qorǵaw haqqında»ǵı nızamı menen tártipke salınadı.

**Dividend** (latınsha *dividendus* — bóliwge tiyisli) — akciya iyesine tólenetuǵın dáramat.

**BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!**

1. Akcionerlik jámiyetiniń qanday túrleri bar?
2. Akcionerlerdiń sanı jaǵınan ashıq hám jabıq akcionerlik jámiyetleri arasında qanday ayırmashılıq bar?
3. Ne ushın Ózbekstan Respublikası nızamshılıǵında jabıq akcionerlik jámiyeti túri joq?
4. Ózbekstanda akcionerlik jámiyetleri ustav kapitalınıń minimal muǵdarı qanshanı quraydı?
5. Akciya degen ne? Ápiwayı hám jeńilletilgen akciyalar ne menen ajıraladı?
6. Akcionerlik jámiyetiniń abzal tárepleri nede?
7. Akcionerlik jámiyetiniń kemshilikleri nelerden ibarat?

## TEMA BOYÍNSHA ÁMELIY TAPSÍRMA HÁM SHÍNÍǴÍWLAR

1. Investordıń qolında 100 000 sum bar. Bank 20% jıllıq stavkanı usınıs etti. Akcionerlik jámiyeti 8 jeńilletilgen akciyanı 25 000 sum bahada hárbir akciyaǵa 10% jıllıq dáramat hám 80 ápiwayı akciyanı 20 000 sum bahada shıǵardı. Akcionerlik jámiyetinde dividend ushın 800 000 sum ajıratıldı. Investor pulın qay jerge sarplaǵanda kóbirek payda alıwın anıqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 9-TEMA AWÍLLÍQ JERLERDE ISBILERMENLIK

Házirgi kúnde elimizde 51% ten zıyat xalıq awıllıq jerlerde jasaydı. Biraq awıl xojalıǵı ónimleriniń mámleket jalpı ishki ónimindegi úlesi 17% ten aspaydı. Agrar taraw ónimlerin qayta islew kólemi bolsa 10% ke de jetpeydi. Bul rawajlanǵan mámleketlerde bul kórsetkish 50% ten artıǵın quraydı. Sol sebepli awıl xojalıǵın jáne de reformalaw boyınsha kompleks baǵdarlama islep shıǵıw kerek.

***Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoev***








## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Ózbekstan ekonomikasında awıl xojalıǵınıń tutqan ornın qanday bahalaw múmkin? Keyingi jılları usı tarmaqta qanday ózgerisler júz bermekte?
2. Elimiz xalqınıń qansha procenti awıllıq jerlerde jasaydı? Awıl hám qala ortasında qanday ayırmashılıqlar bar?
3. Awıllıq jerlerde xalıq dáramatların arttırıwdıń qanday múmkinshilikleri bar?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## JEKE JÁRDEMSHI XOJALÍQ

Elimizde xalıqtıń úlken bólimi awıllıq jerlerde jasaydı. Awıllıq jerlerde, tiykarınan, awıl xojalıq ónimlerin jetistiriw menen shuǵıllanadı. Usıǵan baylanıslı, ekonomikamızda awıllıq jerlerde ámelge asırılatuǵın isbilermenlik xızmeti áhmiyetli orın tutadı.

Sonlıqtan sizler awıllıq jerlerde, eń dáslep, jeke járdemshi xojalıqlarındaǵı isbilermenlik penen shuǵıllanıwıńız múmkin.

**Jeke járdemshi xojalıq** — awıllıq jerlerde jasawshı puqaralardıń úy qaptalı jerlerindegi jeke miyneti arqalı awıl xojalıq ónimlerin jetistiriw menen shuǵıllanıwına tiykarlanǵan shańaraq xojalıǵı.

Jeke járdemshi xojalıq awıllıq jerlerde jasawshı puqaralarǵa miyras etip qaldırılatuǵın ómirlikke iyelik etiw ushın úy-jay qurıwǵa berilgen jer maydanlarında shólkemlestiriledi. Onıń úy-jay salınbaǵan bólimi úy qaptalı jeri dep ataladı. Bul úy qaptalı jerinde shańaraq aǵzalarınıń jeke miyneti tiykarında diyqanshılıq hám sharwashılıq ónimlerin jetistiriw múmkin. Onıń tiykarǵı bólimi shańaraq mútájlikleri ushın jumsaladı. Biraq, kópshilik jaǵdaylarda, bul ónimler shańaraq mútájliginen artıq boladı. Usı artıqsha ónimlerdi diyqan bazarlarında satıw hám de qosımsha dáramat alıw múmkin bolıp, bul óziniń mazmunına qaray isbilermenlik bolıp esaplanadı.

## DIYQAN XOJALÍǴÍ

Eger sizler jeke járdemshi xojalıqtaǵı isbilermenlik xızmeti menen shekleniwdi qálemeseńiz, ol jaǵdayda diyqan xojalıǵın shólkemlestiriwińiz múmkin.

**Diyqan xojalıǵı** — shańaraq baslıǵına berilgen úy qaptalı jer uchastkasında shańaraq aǵzalarınıń jeke miyneti tiykarında awıl xojalıǵı ónimin jetistiretuǵın hám realizaciya etetuǵın shańaraqtıń mayda tovar xojalıǵı.

Diyqan xojalıǵı miyras etip qaldırılatuǵın ómirlikke iyelik etiw ushın shańaraq baslıǵına berilgen úy qaptalı jer uchastkasında



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

shólkemlestiriledi. Ol shańaraq aǵzalarınıń jeke miyneti tiykarında júrgiziledi. Diyqan xojalıǵı eki kóriniste shólkemlestiriliwi múmkin:

1) yuridikalıq shaxstı shólkemlestirgen jaǵdayda;
2) yuridikalıq shaxstı shólkemlestirmegen jaǵdayda.

Diyqan xojalıǵı shańaraqtıń mayda tovar xojalıǵı esaplanadı. Yaǵnıy, onda jetistirilgen awıl xojalıǵı óniminiń belgili bólimi jeke tutınıwǵa qaldırılǵan jaǵdayda, qalǵan bólimi bazarda satıwǵa mólsherlengen boladı.

Diyqan xojalıǵı shańaraqtıń mayda tovar xojalıǵı bolıp, shańaraq aǵzalarınıń jeke miyneti tiykarında, miyras etip qaldırılatuǵın ómirlikke iyelik etiw ushın shańaraq baslıǵına berilgen úy qaptalı jer uchastkasında awıl xojalıǵı ónimin jetistiredi hám realizaciya etedi.

Diyqan xojalıǵındaǵı xızmeti isbilermenlik xızmeti qatarına kiredi hám de diyqan xojalıǵı aǵzalarınıń qálewine qaray yuridikalıq shaxs shólkemlestirgen jaǵdayda hám yuridikalıq shaxs shólkemlestirmey ámelge asırılıwı múmkin.

Diyqan xojalıǵı óziniń xızmetinde jallanba miynetten úzliksiz tiykarda paydalanıwı múmkin emes.

***Ózbekstan Respublikasınıń 1998-jıl 30-apreldegi 604-I-sanlı «Diyqan xojalıǵı haqqında»ǵı nızamı, 1-statya***

## FERMER XOJALÍǴÍ

Awıllıq jerlerdegi jáne de úlkenirek isbilermenlik forması — bul fermer xojalıǵı bolıp tabıladı.

**Fermer xojalıǵı** — ijaraǵa berilgen jer uchastkalarınan paydalanǵan jaǵdayda awıl xojalıǵı tovar islep shıǵarıw menen shuǵıllanıwshı, ǵárezsiz xojalıq júrgiziwshi subyekt.

Fermer xojalıǵına awıl xojalıǵı áhmiyetindegi jerler jergilikli keńesler tárepinen miyras qaldırıw huqıqı menen 50 jılǵa shekemgi múddetke ijaraǵa beriledi. Fermer xojalıǵı da miynetke jaramlı jastaǵı shańaraq aǵzalarınan hám jallanba jumısshılardan paydalanıwı múmkin. Fermer xojalıǵı awıl xojalıǵı ónimlerin tovar túrinde,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

yaǵnıy, tiykarınan, bazarda satıw ushın islep shıǵaradı. Ol yuridikalıq shaxs kórinisinde shólkemlestirilip, basqa ekonomikalıq subyektler menen ǵárezsiz túrde xojalıq qatnasına kirise aladı.

Fermer xojalıǵı ijaraǵa berilgen jer uchastkalarınan paydalanǵan jaǵdayda awıl xojalıǵı tovar óndiriwi menen shuǵıllanıwshı, ǵárezsiz xojalıq júrgiziwshi subyekt.

***Ózbekstan Respublikasınıń 2004-jıl 26-avgusttaǵı 662-II-sanlı jańa redakciyasındaǵı «Fermer xojalıǵı haqqında»ǵı nızamı, 3-statya***

## AGROFIRMALAR

Eger siz tek awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw emes, al olardı qayta islew arqalı da ózińizdiń isbilermenlik dáramatıńızdı arttırıwdı qáleseńiz, ol jaǵdayda agrofirma xızmetin jolǵa qoyıwıńız múmkin.

**Agrofirma** — fermer, diyqan hám jeke járdemshi xojalıqlar tárepinen jetistirilgen awıl xojalıq ónimlerin qayta islew hám de satıw menen shuǵıllanıwshı kárxana.

Agrofirma yuridikalıq shaxs kórinisinde shólkemlestiriledi. Awıl xojalıq ónimlerin jetistiriw, tasıw, saqlaw hám qayta islew, olardı ishki hám sırtqı bazarlarda satıw agrofirmalardıń tiykarǵı wazıypaları esaplanadı.

### BUL QÍZÍQ...

Dúnyada ıssıxanalardıń kópligi boyınsha birinshi orında Gollandiya turadı. Házirgi waqıtta, gollandiyalılar ózleriniń ıssıxanaların plastik penen emes, al ayna menen qaplaydı. Gollandiyadaǵı ıssıxanalardıń ulıwma maydanı 10 500 gektardı quraydı.

### BILESIZ BE?

Kishi biznesti hárqanday sharayatta da shólkemlestiriw múmkin. Buǵan anıq mısal retinde qıyar jetistiriw ushın ıssıxananı balkonda



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

yamasa hátte, tereze tekshesinde de payda etse bolatuǵınlıǵın aytıw múmkin. Qıyar — bul paydalı hám az itibar talap etiwshi ósimlik. Durıs tańlanǵan sortı, hátteki 1 kvadrat metr jerge de jaqsı hasıl beredi. Sizler az kúsh hám qarjı sarplaǵan jaǵdayda jıldıń hárqanday waqtında satıw ushın qıyar jetistiriwińizge boladı. Satıwdı jolǵa qoyıp alǵan jaǵdayda, siz kóp dáramat keltiriwshi, qárejetleri tez qaplanıwshı bizneske iye bolasız.

### BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Awıllıq jerlerdegi isbilermenliktiń ózine tán ózgeshelikleri neler menen belgilenedi?
2. Awıllıq jerlerdegi isbilermenliktiń qanday túrlerin bilesiz?
3. Jeke járdemshi xojalıqtıń ózine tán belgileri qanday?
4. Diyqan xojalıǵı basqa túrlerinen qaysı tárepleri menen ajıraladı?
5. Yuridikalıq shaxstı shólkemlestirgen hám shólkemlestirmegen jaǵdaydaǵı diyqan xojalıǵınıń tiykarǵı táreplerin túsindirip beriń.
6. Fermer xojalıǵınıń tiykarǵı belgilerin túsindirip beriń.
7. Fermer xojalıǵına salıstırǵanda «ǵárezsiz xojalıq júrgiziwshi subyekt» túsiniginiń mánisi qalay túsindiriledi?
8. Agrofirmanıń tiykarǵı belgileri nelerden ibarat?

### TEMA BOYÍNSHA ÁMELIY TAPSÍRMA HÁM SHÍNÍǴÍWLAR

Fizikalıq shaxs A. Sattarov úy sharayatında óziniń jeke qarjıları esabınan alınǵan 500 bas tawıqlardı baǵıp, máyek tuwatuǵın tawıqlar jetistiriwdi shólkemlestirdi. Bunıń ushın ol jámi tómendegi kóriniste sarpların ámelge asırdı.

| T/n | Ónimniń atı | Talap etilgen summa, mln. sum |
|---|---|---|
| 1 | Tawıqlar alıw ushın | 15 (500×30 000) |
| 2 | Quslar tor setkası | 2 |
| 3 | Basqa qárejetler | 1 |
| | **Ulıwma:** | 18 |

Tawıqlar kútimi qatań rejim, racionallıq hám kúnlik baqlaw tiykarında kútiledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Fizikalıq shaxs 500 bas tawıqtı tolıq kútip qarawǵa erisse hám de talap etilgen racionallıq tiykarda baǵılsa, 500 bas tawıq ónim beredi.

1 tawıqtı baǵıw menen baylanıslı bolǵan kúnlik qárejetler tómendegi kestede berilgen.

| T/n | Qárejetler túri | 1 tawıqtı baǵıw menen baylanıslı bolǵan kúnlik qárejetler | |
|---|---|---|---|
| | | Sumda | % te |
| 1 | Azıq-jem qárejeti | 280 | 87,5% |
| 2 | Kommunal qárejetler (el.energ., suw, gaz) | 15 | 4,7% |
| 3 | Basqa qárejetler | 25 | 7,8% |
| | **Ulıwma** | **320** | **100%** |

Tómendegi kestede máyek jetistiriw menen baylanıslı maǵlıwmatlar keltirilgen. Kesteniń bos keteklerin toltırıń.

| Tawıqlar sanı | Máyek alıw, % | 1 ayda máyekler sanı, dana | 1 jılda máyekler sanı, dana | Máyektiń ózine túser bahası, sum* | Máyektiń bazardaǵı bahası, sum | Máyekti satıwdan túsken ulıwma túsim, mıń sum | Máyek jetistiriw menen baylanıslı ulıwma sarp-lawlar, mıń sum | 1-jıl | 2 jıl ishinde |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | Ulıwma payda, mıń sum | Ulıwma payda, mıń sum |
| **1** | 80 | | | | 500 | | | | |
| **500** | 80 | | | | 500 | | | | |

** Bul jerde máyektiń ózine túser bahasına qusshılıqtı shólkemlestiriw menen baylanıslı qárejetler, yaǵnıy tawıqlardı satıp alıw ushın qus tor setkasın qurıw menen baylanıslı qárejetler kirgizilmegen.*

Eki jıldan soń tawıqlardıń máyek tuwıw dárejesi páseyip, endi olar gósh etip satıladı. Bir tawıq góshiniń kótere satıw bazardıń bahası 15 000 sumdı qurasa, tómendegilerdi anıqlań:

a) gósh satıwdan alınatuǵın qosımsha dáramat;

b) 2 jıl ishinde alınıwı kerek bolǵan ulıwma sap payda.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 10-TEMA JASLAR ISBILERMENLIGI





### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Súwretlerdegi isbilermenlerdi jas jaǵınan ajıratıń. Isbilermenniń jası onıń xızmetine qanday tásir kórsetedi?
2. Mámleket tárepinen jas isbilermenler ushın ayrıqsha ǵamxorlıq etiliwi kerek pe yamasa joq pa? Pikirińizdi tiykarlań.
3. Siz mámleketimizde jaslar isbilermenligin qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan qanday shara-ilajlardı bilesiz?

## JASLAR ISBILERMENLIGINIŃ ÁHMIYETI HÁM ZÁRÚRLIGI

Isbilermenlik xızmeti menen, jasına qaramastan, qatnasıq uqıplılıǵına iye bolǵan barlıq puqaralar shuǵıllanıwı múmkin. Biraq sonıń menen birge, mámleket imkanı bolǵansha jaslardıń isbilermenlik xızmeti menen shuǵıllanıwın qollap-quwatlap hám xoshametlewge háreket etedi. Sebebi, jaslar jámiyettiń úlken kúsh hám ǵayrat jumsawǵa múmkin, háreketsheń, barlıq jańa hádiyselerdi tez qabıl etiwshi hám ózlestiriwshi aktiv bólimi esaplanadı. Jaslardı isbilermenlikke tartıw mámleketimizde isbilermenlikti rawajlandırıw, jaslar bántligin támiyinlew, yaǵnıy jumıs orınların shólkemlestiriwge múmkinshilik jaratadı. Sonday-aq, isbilermen jaslar qatarınıń keńeyiwi milliy ekonomikanı innovaciyalıq rawajlanıw jolınan barıwın támiyinleydi. Bul bolsa jas, baslamashı, jańasha pikirleytuǵın isbilermenler áwladın qáliplestiriwdi talap etedi.

**Jaslar isbilermenligi** — mámlekette 18 jastan 35 jasqa shekem bolǵan shaxslardıń isbilermenlik xızmetin ámelge asırıw procesi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## JASLAR ISBILERMENLIGIN RAWAJLANDÍRÍWDÍŃ SHARA-ILAJLARÍ

Jaslar isbilermenligin rawajlandırıwda Prezidentimizdiń «Oqıw orınların pitkeriwshilerdi isbilermenlik xızmetine tartıw boyınsha qosımsha shara-ilajlar haqqında»ǵı Pármanı hám «Ózbekstan Respublikasında jaslarǵa baylanıslı mámleket siyasatın ámelge asırıwǵa qaratılǵan qosımsha shara-ilajlar haqqında»ǵı qararı áhmiyetli orın tutadı.

Jaslar isbilermenligi kólemin jáne de keńeyttiriw boyınsha tómendegi shara-ilajlar kompleksi ámelge asırıladı:

— jaslar arasında isbilermenlik xızmetin ǵalabalastırıw;
— olardı isbilermenlikke ǵalaba tartıw;
— biznes júrgiziw uqıplılıǵın qáliplestiriw;
— biznes-ideyaların qarjılastırıw;
— bazardaǵı xızmetti alıp barıwda hár tárepleme járdemlesiw.

## JASLAR ISBILERMENLIGI KLASTERLERI

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2017-jıl 16-oktyabrdegi «Jaslar isbilermenligi klasterlerin jaratıwdıń shólkemlestiriwshilik shara-ilajları haqqında»ǵı qararı qabıl etildi. Ekonomikada xızmeti óz ara baylanıslı bolǵan, mısalı, shiyki zat hám materiallar jetkerip beriwshi, infrastruktura xızmetlerin kórsetiwshi, ilim-izertlew mákemeleri hám basqa shólkemler toparınıń belgili aymaqqa toplanıwı klaster dep ataladı. Klasterdiń shólkemlestiriliwi usı shólkemlerdiń xızmet nátiyjelerin jaqsılap, básekige shıdamlılıǵın arttıradı.

**Klaster** — belgili aymaqta toplanǵan óz ara baylanıslı shólkemler topar.

**Jaslar isbilermenligi klasterleri** — belgili aymaqta jaslardıń isbilermenlik xızmetin shólkemlestiriw hám ámelge asırıwda jeńilletilgen xızmetler hám qolaylı shárt-sharayatlar menen támiyinlewge qaratılǵan óz ara baylanıslı shólkemler topar.

Jaslar isbilermenligi klasterleri respublika rayon orayları hám qalalarında yuridikalıq shaxs shólkemlestirmey jaratıladı. Olardıń



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

xızmetin basqarıw Ózbekstan jaslar awqamı rayon hám qala Keńesleri juwapkershiligine júklenedi.

Klasterlerde jaylasqan óndiris maydanları tek Ózbekstan jaslar awqamı aǵzası bolǵan jas isbilermenlerge, kárxanası ayaqqa turıp alǵanǵa shekemgi bolǵan dáwirde, lekin 5 jıldan artıq bolmaǵan múddetke ijara tóleminiń «nol» qunında beriledi.

Klasterler ózine tán biznes-inkubator sıpatında islep, jaslarǵa isbilermenlik boyınsha arnawlı oqıw kursların ótkeriwde járdemlesedi. Isbilermenlik xızmeti menen shuǵıllanıw ushın zárúr hújjetlerdi tayarlaw, ámeliy másláhátler beriw boyınsha biypul xızmet kórsetiledi.

**Biznes-inkubator** — jas isbilermenlerdi biznes-ideya islep shıǵarıwdan tartıp tap onıń ámelge asırılǵanǵa shekem bolǵan barlıq basqıshlarda qollap-quwatlaw menen shuǵıllanıwshı shólkem.

Klasterde jaylastırılǵan isbilermenlik subyektleri xızmetkerleri shtatında 35 jasqa shekemgi bolǵan shaxslar úlesi 70% ten az bolmawı kerek.

## KLASTERLER XÍZMETIN QARJÍLANDÍRÍW DEREKLERI

Klasterler xızmetin qarjılandırıw derekleri tómendegilerden ibarat:

— klaster qatnasıwshılarına pullı xızmetler kórsetiwden alınatuǵın dáramatlar;

— klaster qatnasıwshılarınıń paydalanıw tólemlerinen túsetuǵın dáramatlar;

— nızam hújjetlerine qarsı bolmaǵan basqa derekler.



## BUL QÍZÍQ...

AQSHtıń Pensilvaniya shtatınan bolǵan 13 jasar Neha Gupta atlı qız 9 jasında-aq «Empower Orphans» dep atalǵan óziniń jobasın iske túsirgen. Sonnan baslap ol ózi tiykar salǵan kommerciyalıq emes jobası járdeminde Hindstandaǵı jetim balalar ushın 30 mıń dollar toplawǵa muwapıq boldı. Qız tiykar salǵan shólkem qol miyneti menen tayarlanǵan otkrıtkalardı satıw menen shuǵıllanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Házir qızdıń aldında jáne 20 mıń dollar tabıw wazıypası turıptı. Biraq ol bunıń menen toqtap qalmaqshı emes. Neha keleshekte qayır-saqawat tarawında ózi ushın karyera etip, maqsetlerine erisiwin reje etip qoyǵan.

## BILESIZ BE?

Biznes-inkubatorlardıń dáslepki kórinisleri XX ásirdiń ortalarında Ullı Britaniyada payda bolǵan. Házirgi túsiniktegi birinshi biznes-inkubatorǵa 1959-jılı tiykar salınǵan. Jozef Mankuso Bataviya qalasındaǵı fabrika janındaǵı skladtı satıp alıp, Amerikada «Batavia Industrial Center» dep atalǵan birinshi inkubatorǵa tiykar salǵan. Onıń maqseti ekonomikalıq túskinlikke bet burǵan qalada jańa jumıs orınların shólkemlestiriwden ibarat edi.

1985-jılǵa kelip dúnyada 70 ke jaqın biznes-inkubator xızmet kórsetken bolsa, 1992-jılı olardıń sanı 470 ge, 1995-jılı bolsa 1100 ge jetip, olar biznes-inkubatorlar Milliy associaciyasına birlesti.

Biznes-inkubatorlardıń eń kóp sanı AQSHta shólkemlestirilgen bolıp, buǵan qala orayları hám aymaqlar ekonomikasın rawajlandırıw, universitetlerdegi innovaciyalıq xızmet hám isbilermenlik aktivligin xoshametlew, sonday-aq, jeke investorlar ushın qolaylı shárt-sharayatlardı jaratıw zárúrligi sebep bolǵan.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Jaslar isbilermenliginiń áhmiyeti hám zárúrligi ne menen túsindiriledi?
2. «Isbilermen jaslar qatarınıń keńeyiwi milliy ekonomikanı innovaciyalıq rawajlanıw jolınan barıwın támiyinleydi» degen pikirdi tiykarlap beriń.
3. Mámleketimizde jaslar isbilermenligin rawajlandırıw boyınsha qanday shara-ilajlar ámelge asırılmaqta?
4. Ekonomikadaǵı klasterlerdiń mazmun-mánisi qanday?
5. Ne ushın klasterde xızmet nátiyjeleri joqarı boladı?
6. Jaslar isbilermenligi klasteri neni ańlatadı?
7. Jaslar isbilermenligi klasterleri qalay shólkemlestiriledi?
8. Jaslar isbilermenligi klasteri xızmeti nelerden ibarat?
9. Biznes-inkubator degen ne?
10. Jaslar isbilermenligi klasterleri xızmetin qarjılandırıw dereklerin túsindirip beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# II BAP ISBILERMENLIKTI SHÓLKEMLESTIRIW

## 11-TEMA BIZNES-REJE ISLEP SHÍǴÍW

### BIZNES-REJE

Aldıńǵı temalardan belgili boldı, isbilermenlik xızmeti belgili dárejede táwekelshilik, risk penen baylanıslı. Sonlıqtan, isbilermennen qanday da bir xojalıq qararın qabıl etiw, mısalı, bankten kredit alıw, ásbap-úskene, materiallıq resurslardı satıp alıwdan aldın onı hár tárepleme, puqta oylap kóriw, tiyisli esap-kitap jumısların ámelge asırıw talap etiledi. Ádette, bunday esap-kitap etiw, belgili shara-ilajlardı ámelge asırıw izbe-izligin belgilep alıw procesi biznesti rejelestiriw dep ataladı. Biznesti rejelestiriw nátiyjesinde tayarlanǵan shólkemlestiriwshilik-ekonomikalıq sıpatlamadaǵı hújjet biznes-reje dep ataladı.

**Biznes-reje** — isbilermenlik xızmetin baslawdan aldın onıń sıpatlaması, xızmet dáwiri, kózde tutılǵan sarp-qárejetler hám kútilgen payda sıyaqlı áhmiyetli tárepleri bayan etilgen shólkemlestiriwshilik-ekonomikalıq sıpatlamadaǵı hújjet.

Ámeliyat sonı kórsetedi, biznes-reje hárqanday isbilermenlik xızmeti ushın áhmiyetli hám zárúr. Eger isbilermen óziniń xızmetin biznes-rejesiz baslasa, gózlengen maqsetke erise almaydı. Biznes-reje isbilermenlik xızmetiniń kartası esaplanıp, onıń anıq maqseti, baǵdarları hám tiykarǵı basqıshların belgilep beredi. Isbilermenlik xızmeti baslanǵanınan keyin alınǵan nátiyjeler reje menen salıstırılıp barıladı, bar mashqalalar anıqlanadı. Keri jaǵdayda, isbilermenlik xızmetin basqarıw qıyınlasıp ketedi.

Biznes-reje dúziw onıń qatnasıwshılarınan úlken bilim, xızmetine baylanıslı maǵlıwmatlar, jańa texnologiyalar hám bazarlardı biliwdi talap etedi. Biznes-reje dúziwde barlıq táreplerdi itibarǵa almaw



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

yamasa ayırım kemshiliklerdi jasırıw esap-kitap jumısların aljastıradı. Bul bolsa kárxana xızmetin buzıwı yamasa unamsız tásir kórsetiwi múmkin. Sonlıqtan, biznes-rejeni dúziwde tájiriybeli qánigeler, máselen, huqıqtanıwshılar, ekonomistler, buxgalterler, texnologlar xızmetlerinen paydalanıw maqsetke muwapıq.

## BIZNES-REJENIŃ WAZÍYPASÍ

Biznes-reje óziniń áhmiyetine qaray, tómendegi úsh zárúr wazıypanı orınlaydı:

birinshiden, kárxana, firma hám kompaniyanıń, sonıń menen birge, jámáát aǵzalarınıń tiykarǵı maqset hám wazıypaların belgilep beredi;

ekinshiden, ideya yamasa birlemshi joybardıń ámeliy háreket baǵdarı formasına keltirilgen hújjet sıpatında esap-kitaplar, sarp-qárejetler, biznesti shólkemlestiriw hám júrgiziwdiń tiykarǵı baǵdarları haqqında maǵlıwmat beredi;

úshinshiden, xızmetti qarjılandırıw, kredit resurslarınan paydalanıw, sonday-aq, investor sheriklerin birge islesiwge tartıwda tiykar wazıypasın atqaradı.

## BIZNES-REJENIŃ DÚZILISI HÁM QURAMLÍQ BÓLIMLERI

Hárbir isbilermen óziniń xızmeti, qarjı dereklerin esapqa alǵan jaǵdayda ózi ushın biznes-reje islep shıǵadı. Sonlıqtan hámme ushın birdey sáykes túsetuǵın biznes-rejeler bolmaydı. Eger sizde qanday da bir biznes-ideya bolıp, onı ámelge asırıw boyınsha biznes-reje islep shıqpaqshı bolsańız, shama menen tómendegi quramlıq bólimlerin qáliplestiriwińiz talap etiledi.

| **Bólim** | **Mazmunı** |
|---|---|
| **1** | **Rezyume** |
| **2** | **Usınıs etilip atırǵan joybar ideyası (mazmunı)** |
| 2.1 | Ulıwma baslanǵısh maǵlıwmatlar hám sharayatlar |
| 2.2 | Jańa tovar úlgisiniń táriypi |
| 2.3 | Isbilermenlik xızmeti tájiriybesin bahalaw |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

| | |
|---|---|
| **3** | **Ónim satılatuǵın bazarlardı bahalaw** |
| 3.1 | Jańa tovar tutınıwshılarınıń táriypi |
| 3.2 | Básekileslerdi bahalaw |
| 3.3 | Básekileslerge salıstırǵanda óziniń kúshli hám ázzi táreplerin bahalaw |
| **4** | **Marketing rejesi** |
| 4.1 | Marketing maqsetleri |
| 4.2 | Marketing strategiyası |
| 4.3 | Marketing rejesiniń qarjı menen támiyinleniwi |
| **5** | **Óndiris rejesi** |
| 5.1 | Jańa tovar islep shıǵarıwshısı |
| 5.2 | Talap etiletuǵın óndiris kúshleri hám olardıń barlıǵı |
| 5.3 | Óndiristiń materiallıq faktorları |
| 5.4 | Óndiris procesin táriyiplew |
| **6** | **Shólkemlestiriwshilik reje** |
| 6.1 | Kárxananıń shólkemlestiriwshilik-huqıqıy forması |
| 6.2 | Kárxananıń shólkemlestiriwshilik dúzilmesi |
| 6.3 | Minnetlemelerdiń bólistiriliwi |
| 6.4 | Birge islewshiler haqqında maǵlıwmat (xabar) |
| 6.5 | Biznes sırtqı ortalıǵınıń táriypi |
| 6.6 | Kárxananıń miynet resursları |
| 6.7 | Basqarıw quramı aǵzaları haqqında maǵlıwmatlar |
| **7** | **Finanslıq rejesi** |
| 7.1 | Dáramat hám qárejetler rejesi |
| 7.2 | Pul túsimleri hám tólemleri rejesi |
| 7.3 | Kárxana aktiv hám passivleriniń qospa balansı |
| 7.4 | Zıyansızlıqqa erisiw grafigi |
| 7.5 | Qarjılandırıw strategiyası (qarjılar derekleri hám olardı sarplaw) |
| 7.6 | Táwekelshilikti bahalaw hám qamsızlandırıw |
| **8** | **Qosımshalar** |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BILESIZ BE?

Házir elimizde isbilermenlik xızmetin keń úgit-násiyatlaw, isbilermenlerdi qollap-quwatlaw maqsetinde biznes-rejeler dúziw boyınsha másláhátler, ámeliy járdem beriwshi hár túrli másláhát orayları hám dúzilmeleri xızmet júrgizbekte. Sonday-aq, siz Internet saytları arqalı tek biznes-reje haqqında ulıwma túsinik emes, onı islep shıǵıw tártip-qaǵıydaları menen tanısıwıńız, al tayar biznes-rejelerdi de satıp alıwıńızǵa boladı. Tómende sonday Internet saytlarınan ayırımların keltiremiz:

https://elmadad.uz/ideas
http://biznestrener.uz/yosh-tabirkor/50-biznes-rezha-kanday-tuziladi.html
http://pba.uz/
http://bizplan.uz/useful_info/samples_bizplan/1049/
http://bizart.uz/biznes-rezha-u-%D2%9Bandaj-tuziladı/
http://www.uzex.uz/uz-latn/pages/Business-plan?Aspx Auto Detect Cookie Support=1
http://uzbekiston.site/cr/biznes-rejalar/

Biznes-reje dúziwde qánigeler járdeminen de paydalanıwıńızǵa boladı. Kóplegen kárxana hám mákemeler ózleriniń xızmeti quramında biznes-reje dúziw, tiyisli másláhátler beriw sıyaqlı xızmetlerdi kórsetedi. Hátteki, biznes-reje dúziwde járdemlesiwshi kóplegen elektron betleri de bar. Olardan biri — «Professional Business Advisers» (http://pba.uz) esaplanadı.

Sonday-aq, bette biznes-reje dúziw ushın zárúr bolǵan hújjetler dizimi, biznes-reje dúziw xızmetleri bahaları hám múrájáát mánzilleri keltirilgen.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Biznesti rejelestiriw ne ushın zárúr?
2. Biznes-reje dep nege aytıladı?
3. Biznes-rejeniń áhmiyetin qalay tiykarlawǵa boladı?
4. Biznes-reje dúziw ushın qanday kónlikpeler talap etiledi?
5. Biznes-rejeniń qanday wazıypaların bilesiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 12-TEMA BIZNES JOBA HÁM STARTAPLAR

### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Joqarıdaǵı súwrette qaysı kompaniyalardıń sawda belgileri kórsetilgen?
2. Bul kompaniyalar xızmetiniń ulıwma tárepleri nede dep oylaysız?
3. Usı kompaniyalardıń payda bolıw tariyxı hám nátiyjeleri tiykarları haqqında ne bilesiz?

## BIZNES JOBA

Sizler menen aldınǵı temada biznes-rejelestiriw hám biznes-rejeler haqqında maǵlıwmatqa iye bolǵan edik. Mazmunı jaǵınan biznes-rejege jaqın, biraq óziniń kólemi jaǵınan keńirek bolǵan jáne bir shólkemlestiriwshilik-ekonomikalıq sıpatındaǵı hújjet — biznes joba bolıp tabıladı.

**Biznes joba** — anıq biznes ideyanı ámelge asırıw menen baylanıslı barlıq ilajlar bayan etilgen hám de nátiyjeliligi tiykarlanǵan hújjet. Biznes joba ol yaki bul jobaǵa qarjı sarplawdıń maqsetke muwapıqlıǵın anıqlap beredi.

Biznes-reje anıq ideyanı yamasa biznes boyınsha ilajdı ámelge asırıw ushın pul hám basqa resurslardı tartıwdıń maqsetke muwapıqlıǵın tiykarlawda paydalanıladı. Biraq isbilermenlik xızmetinde onıń barlıq tareplerin rejelestiriw áhmiyetli orın tutadı.

Ádette, biznes joba keńirek kólemdegi (kommerciyalıq, óndiris, ekonomikalıq, sociallıq hám basqalar) wazıypaların tiykarlawdı óz ishine alıp, biznes-reje onıń quramlıq bólimlerinen biri esaplanadı.

Biznes joba ekonomikalıq máp yamasa payda alıw maqsetinde jańa ónimler, xızmetlerdi jaratıw, bar óndiristi modernizaciyalaw



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

yamasa rekonstrukciyalawǵa baǵdarlanǵan shara-ilajlardıń quramalı kompleksin kórsetedi.

## BIZNES JOBANÍŃ TIYKARǴÍ WAZÍYPALARÍ

Biznes jobanıń tiykarǵı wazıypaları tómendegilerden ibarat:

— islep shıǵarılıwı kózde tutılǵan ónimge jeterli talaptıń barlıǵın anıqlaw;

— ónim islep shıǵarıw hám satıw kólemin anıqlaw;

— ámelge asırılıwı kózde tutılǵan jobanıń payda hám rentabellik kórsetkishlerin bahalaw.

## STARTAP DEGEN NE?

Biznes jobalardan biri — startap bolıp tabıladı. Házirge shekem dúnyada nátiyjeli ámelge asqan iri startaplarǵa «Hewlett-Packard» (tiykarın salıwshıları — Devid Pakkard hám Uilyam Xyulett), «Microsoft» (tiykarın salıwshıları — Bill Geyts hám Pol Allen), «Apple Computer inc.» (tiykarın salıwshıları — Stiv Jobs hám Stiv Voznyak), «Google» (tiykarın salıwshıları — Lerry Peyj hám Sergey Brin)ni mısal keltiriwge boladı.

**Startap** (ingl. *startup company, startup* — háreketti baslap atırǵan) — óz xızmetin innovaciyalıq ideyalar yamasa texnologiyalarǵa tiykarlanǵan jaǵdayda júrgiziwshi jańa shólkemlestirilgen kompaniya, firma yamasa biznes joba.

Startaplardıń jaratılıwı, nátiyjeli rawajlanıwı hám xızmetiniń dawam etiw sebeplerinen biri — iri korporaciyalardıń kem háreketligi hám tómenligi bolıp tabıladı. Sebebi, olar ózleri jolǵa qoyǵan ónimlerdi islep shıǵarıw menen bánt bolıp, jańa ónimlerdi jaratıw menen shuǵıllanbaydı. Startaptı jaratıwda jańa ideya tiykarǵı resurs esaplanadı. Bul ideyanıń nátiyjeli faktorı — onıń paydalılıǵı bolıp tabıladı. Startaptıń nátiyjesine onıń shólkemlestiriwshileriniń jası, ideya hám jumıs penen qızıǵıwı hám de mashaqatlı miyneti de tásir kórsetedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jobanı ámelge asırıw ushın finanslıq qarjılardıń jetispewi hám de kompaniyanıń ele bazarda bekkem bolmaǵan jaǵdayı startaptıń ózgeshelik tárepleri esaplanadı.

## STARTAPTÍ QARJÍLANDÍRÍW DEREKLERI

Startaptı qarjılandırıw dereklerine tómendegilerdi kirgizemiz:
— biznes-angeller;
— venchur fondlar;
— tanıslar hám tuwısqanlar.

**Biznes-angeller** (ingl. *angel*, *business angel, angel investor* hám basqalar) — bizneske, ádette, ideyanıń qáliplesiw basqıshınan baslap investiciya kirgiziwshi jeke shaxslar. Olar kompaniyanıń jumısına aralaspaydı, ózleri kirgizgen qarjılardı da tez qaytarılıwın talap etpeydi. Kompaniya startapına qoyılǵan investiciya biznes-angellerdiń tiykarǵı dáramat deregi emes. Sonlıqtan, olardıń maqseti uzaq múddetli keleshekte payda alıw bolıp esaplanadı.

**Venchur fondlar** biznes-angellerden ayırmashılıǵı, startapqa óziniń amanatshıları (qamsızlandırıw kompaniyaları, pensiya fondları, jeke shaxslar)nıń qarjıların investiciya etedi. Olardıń jobaların qarjılandırıwdaǵı qatnası joqarı yamasa orta dárejedegi risk esaplanadı, biraq alınatuǵın dáramat dárejesi de joqarı boladı.

## STARTAP USHÍN INVESTOR IZLEW

Startap jobası ushın investor izlewdiń eń nátiyjeli usıllarınan biri «Networking» bolıp esaplanadı.

**«Networking»** — tarmaqlarǵa baylanıslı forum hám konferenciyalarda, startap tańlawlarında, venchur investiciyalaw boyınsha ilajlarda qatnasıw bolıp esaplanadı.

Usı ilajlarda finanslıq dereklerine iye bolıwdı qálewshi kóplegen kompaniyalar menen bir qatarda, bolajaq investorlar da qatnasadı.

Kompaniya startapı ushın investordı tartıwda tiyisli forum hám saytlarda daǵazalardı shıǵarıw úlken járdem beredi. Sonday-aq, startaplar birjası hám de startaplardı qarjılandırıwshı shólkemler de bar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## STARTAPLARDÍŃ RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ

Startaplar birneshe rawajlanıw basqıshlarınan ótedi.

**«Pre-startup» basqıshı** — ideyanıń payda bolıwınan baslap tovardıń bazarǵa shıǵıwına shekem dawam etiwshi dáwir.

**«Pre-seed» basqıshı** — ideya qáliplesip bolǵan, tutınıwshı ushın házir ne zárúrligi anıqlanıp bolǵan basqısh. Biraq ele ideyanı qalay etip texnikalıq jaqtan jaqsıraq ámelge asırıw barısında anıq kózqaras bolmaydı.

**«Seed» basqıshı** — bazardı úyreniw, startap rejesin dúziw, texnikalıq tapsırmanı dúziw hám ámelge asırıw, tovar úlgisin jaratıw hám sınawdan ótkeriw, dáslepki investorlardı izlew hám jobanı iske túsiriwge tayarlıq basqıshı.

**«Startup» basqıshı** — jobanı iske túsiriw hám de onıń islewiniń baslanǵısh dáwiri. Ol eki basqıshtan ibarat boladı:

Ósiw basqıshı — startap bazarda turaqlı jaǵdaydı iyelep, biznes-reje dúziw basqıshında belgilengen shekke jetiw ushın isenimli háreket ámelge asırıladı.

Keńeyiw basqıshı — startap dáslepki maqsetli bazardaǵı biznes-rejeni ámelge asırıp, basqa bazarlardı iyelew esabına óz shegarasın keńeyttire baslaydı.

**Shıǵıw basqıshı** — startaptı qarjılandırıwda qatnasqan biznes-angel hám venchur investorlardıń tolıq yamasa bir bólimi biznesten shıǵıwı. Biznesten shıǵıw tómendegi kórinislerde ámelge asırıladı:

— firmanı strategiyalıq investorlarǵa satıw;
— kompaniya akciyaların birjada jaylastırıw;
— kompaniya akciyaların tuwrıdan-tuwrı investiciya fondlarına satıw;
— biznes xızmetin toqtatıw hám kárxananıń bankrotlıǵı.

### BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Biznes joba degen ne?
2. Biznes jobanıń biznes-rejeden qanday parqı bar?
3. Biznes jobanıń tiykarǵı wazıypaları nelerden ibarat?
4. Startap degen ne? Onıń biznes jobaǵa qanday baylanısı bar?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 13-TEMA KÁRXANA SHÓLKEMLESTIRIW HÚJJETLERI

**JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR**

1. Súwretlerdegi tovar belgileri qaysı tarmaq kompaniyalarına tiyisli?
2. Súwrettegi tovar belgilerin qanday ónimlerde ushıratqansız?
3. Ózbekstandaǵı qanday brendlerdi bilesiz?

## SHÓLKEMLESTIRIW HÚJJETLERI

Kárxana xızmetin shólkemlestiriw onıń ustavı, shólkemlestiriw shártnaması sıyaqlı shólkemlestiriw hújjetlerin islep shıǵıwdan baslanadı. Usı hújjetlerdi tayarlaw kárxana múlk iyelerinen úlken juwapkershilik talap etedi. Sebebi, shólkemlestirilip atırǵan xızmet usı hújjetlerge tiykarlanǵan halda ámelge asırıladı.

> Yuridikalıq shaxs ustav tiykarında yamasa shólkemlestiriw shártnaması hám ustav tiykarında yamasa tek shólkemlestiriw shártnaması tiykarında jumıs alıp baradı.
>
> Yuridikalıq shaxstıń shólkemlestiriw shártnaması onıń shólkemlestiriwshileri tárepinen dúziledi, ustavı bolsa tastıyıqlanadı.
>
> ***Ózbekstan Respublikası Puqaralıq kodeksi, 43-statya***

## KÁRXANA USTAVÍ

**Kárxana ustavı** — kárxananıń xızmet kórsetiw tártibi hám shártlerin belgilep beriwshi hújjet. Kárxana óz xızmetin ustavında belgilep berilgen qaǵıydalar tiykarında alıp baradı.

Kárxana ustavında, ádette, tómendegi maǵlıwmatlar belgilenedi:
— kárxananıń shólkemlestiriwshilik-huqıqıy forması;
— onıń atı;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— jaylasqan mánzili;
— ustav fondı kólemi hám quramı;
— ustav fondın qáliplestiriw tártibi;
— paydanı bólistiriw tártibi;
— kárxananı qaytadan shólkemlestiriw hám saplastırıw shártleri hám de tártibi.

Shólkemniń ustav fondın belgilewde ayırım shólkemler ushın belgilengen minimal muǵdarlar barlıǵın esapqa alıw kerek boladı.

**Ustav fondı** — shólkemlestiriwshiler yaki qatnasıwshılardıń ózleri shólkemlestirgen kompaniya, xojalıq jámiyetine kirgizgen hám turaqlı úles esaplanatuǵın materiallıq hám pul qarjıları jıynaǵı.

Ózbekstanda kárxananıń shólkemlestiriwshilik-huqıqıy formasına muwapıq, ustav fondınıń minimal muǵdarın tómendegi maǵlıwmattan kóriw múmkin.

| Shólkemlestiriwshilik forması | Ustav fondınıń ornatılǵan minimal muǵdarı |
|---|---|
| Akcionerlik jámiyeti | 1 600 000 000 sum |
| Juwapkershiligi sheklengen jámiyet | Eń kem is haqınıń 40 esesi |
| Shańaraq kárxanası | Eń kem is haqınıń 10 esesi |
| Jeke kárxana | Ornatılmaǵan |

## KÁRXANA SHÓLKEMLESTIRIW SHÁRTNAMASÍ

Kárxananı shólkemlestiriwde eki yamasa onnan artıq tárepler qatnasqanda olar arasındaǵı huqıq hám minnetlemelerdi óz ara kelisip alıw zárúr boladı. Bunday kelisiw shólkemlestiriw shártnaması arqalı rásmiylestiriledi.

**Shólkemlestiriw shártnaması** — shólkemlestiriwshilerdiń kárxananı shólkemlestiriw waqtında óz ara kelisip alınǵan tiykarǵı shártlerdi kórsetiwshi yuridikalıq hújjet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Shólkemlestiriw shártnamasında tárepler (shólkemlestiriwshiler) yuridikalıq shaxs shólkemlestiriw minnetlemesin aladı, onı shólkemlestiriw tarawında birgelikte xızmet kórsetiw tártibin, oǵan óz mal-múlklerin beriw hám de onıń xızmetinde qatnasıw shártlerin belgileydi. Shártnamada payda hám zıyanlardı qatnasıwshılar arasında bólistiriw, yuridikalıq shaxs xızmetin basqarıw, shólkemlestiriwshilerdiń onıń quramınan shıǵıw shártleri hám tártibi de belgilep qoyıladı. Shólkemlestiriw shártnamasına shólkemlestiriwshilerdiń kelisimine muwapıq basqa shártler de kirgiziledi.

***Ózbekstan Respublikası Puqaralıq kodeksi, 43-statya***

## LOGOTIP HÁM FIRMA BELGISI

Siz óz kárxanańızdıń tanımalı bolıwın qáleseńiz, onday jaǵdayda onıń firma atın hár túrli grafikalıq belgiler, emblema yaki súwretler arqalı ańsat yadda qalatuǵın hám tanılatuǵın dárejesin támiyinlewińiz zárúr. Bunda logotip hám firma belgilerinen paydalanıladı. Kóp jaǵdaylarda logotip hám firma belgisi birdey mániste de qollanıladı.

| Atı | Qısqasha mazmunı | Mısal |
|---|---|---|
| Logotip | Grekshe «*logos*» sóz, «*typos*» tamǵa mánisin ańlatıp, firma atınıń arnawlı stilge salınǵan hám qısqarttırılǵan forması | ASAKA BANK |
| Firma belgisi | Firma atı menen qabatlasıp jaylastırılıwshı yamasa bólek tárizde de qollanılıwshı siyrek ushırasatuǵın súwretli element | Keng Makon MEBELLAR FABRIKASI<br>OZAK O'zbekiston Center of Accreditation |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## TOVAR BELGISI

Siz ózińiz islep shıǵarǵan ónim yaki kórsetken xızmetti basqa ónim hám xızmetlerden ajıralıp turıwı ushın tovar belgisi, sawda markası, xızmet kórsetiw belgisi sıyaqlı arnawlı belgilerden paydalanıwıńız múmkin. Eger bul belgiler tutınıwshılarǵa keń tanılıp, bazardıń salmaqlı bólimin iyelep alsa, ol jaǵdayda brend dep ataladı.

| **Atı** | **Qısqasha mazmunı** | **Mısal** |
|---|---|---|
| Tovar belgisi | Bir islep shıǵarıwshınıń tovarların basqalarınan ajıralıp turıwın támiyinleytuǵın hám arnawlı dizimnen ótkerilgen belgi | |
| Sawda markası | Trademark (sawda markası, sawda belgisi, tovar markası) — bul da tovar belgisi mánisin ańlatadı | |
| Xızmet kórsetiw belgisi | Service mark — mazmunı jaǵınan tovar belgisin ańlatıwshı, biraq xızmetleriniń óz aldına, ózine tán ózgeshe tárepplerin ajıratıp kórsetiwde paydalanıwshı belgi | |
| Brend | Brand — tutınıwshılarǵa keń tanılǵan hám bazardıń salmaqlı bólimin iyelep alǵan sawda markası | |

## SLOGAN HÁM ESKERTIWSHI BELGILER

Slogan — bul reklamanıń ayrıqsha, júdá zárúr túri. Sloganlar tez yadda qalıwshı, aforizm kórinisindegi reklama formulası bolıp, kompaniyanıń tutınıwshılar yadında saqlanıp qalıwın támiyinlew arqalı tovarlarınıń tez hám úlken kólemde satılıwına járdem beredi.

Házirgi báseki kúsheyip baratırǵan sharayatta isbilermenler óziniń tovar belgilerin dizimnen ótkerip, olardıń basqalar tárepinen ózlestirip



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

alınıwınan qorǵap qoyadı. Bunday jaǵdaylarda usı tovar belgisiniń dizimge alınǵanı haqqında eskertiwshi belgiler (máselen, ® hám TM)den paydalanıladı.

| Atı | Qısqasha mazmunı | Mısal |
|---|---|---|
| Slogan | Inglisshe *«to slog»* — kúsh penen urmaq mánisin ańlatıp, tez yadda qalıwshı, aforizm kórinisindegi reklama formulası | |
| Esker-tiwshi belgiler: ® hám TM | Tovar belgisi dizimge alınǵanı haqqında arnawlı belgi. Máselen:<br>1) hárip birikpeleri;<br>«TM» — trade mark;<br>«SM» service mark;<br>«R» yamasa ® – tovar belgisi;<br>2) sózler:<br>«Trademark»;<br>«Registered Trademark»;<br>«Marque deposee»;<br>«Marca registrada» | TM ®<br>© SM |

**BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!**

1. Kárxana shólkemlestiriw hújjetlerine neler kiredi?
2. Kárxana ustavında qanday maǵlıwmatlar belgilengen boladı?
3. Ustav fondı degen ne?
4. Kárxana shólkemlestiriw shártnaması degen ne? Onda qanday máseleler bayan etiledi?
5. Tovar belgisi ne? Ózbekstandaǵı qaysı tovar belgilerin bilesiz?
6. Sawda markası ne ushın xızmet etedi?
7. Logotiptiń firma belgisinen parqı ne? Qanday logotiplerdi bilesiz?
8. Ózińiz bilgen birneshe sloganlardı aytıp beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 14-TEMA ISBILERMENLERDI MÁMLEKET DIZIMINEN ÓTKERIW

...Isbilermenlerge ruqsat beriwshi hújjetlerdi rásmiylestiriwde járdemlesiw, mámleket organlarında wákillik etiw, kelispewshiliklerdi sudqa shekem sheshiw, miynet huqıqı boyınsha yuridikalıq xızmetler kórsetiw, huqıqıy sawatlılıǵın arttırıw sıyaqlı baǵdarlarda bunday xızmetlerdi kúsheyttiriw kerek.

***Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoev***










## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Joqarıdaǵı súwretlerde kórsetilgen basqarmalar qanday mámleket xızmetlerin kórsetedi?
2. Qaysı bir basqarmada ulıwma xarakterdegi mámleket xızmetleri kórsetiledi dep oylaysız? Ne ushın?
3. Isbilermenlik penen shuǵıllanıwshı adamlarda qaysı mámleket xızmetlerine zárúrlik tuwılıwı múmkin?

## ISBILERMENLIKTI MÁMLEKET DIZIMINEN ÓTKERIW

Sizler ótken temalarda isbilermenlik xızmetiniń shólkemlestiriwshilik-huqıqıy formaları menen tanısıp shıqtıńız. Endi ózińiz ushın isbilermenlik xızmetiniń eń qolay formasın tańlap, onı mámleket diziminen ótkeriw proceslerin kórip shıǵamız.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Puqara jeke isbilermen sıpatında mámleket diziminen ótkerilgen waqıttan baslap isbilermenlik xızmeti menen shuǵıllanıwǵa haqılı.

***Ózbekstan Respublikası Puqaralıq kodeksi, 24-statya.***

Yuridikalıq shaxs nızam hújjetlerinde belgilengen tártipte mámleket diziminen ótkeriliwi kerek. Mámleket diziminen ótkeriw haqqındaǵı maǵlıwmatlar hámmeniń tanısıp shıǵıwı ushın ashıq bolǵan yuridikalıq shaxslardıń birden-bir mámleket reestrine kirgiziledi.

***Ózbekstan Respublikası Puqaralıq kodeksi, 44-statya.***

Ózbekstanda 2017-jıl 1-aprelden baslap isbilermenlik subyektleriniń mámleket diziminen ótiwi boyınsha jańa tártip háreket etpekte. Qararǵa muwapıq isbilermenlik subyektlerin mámleket diziminen ótkeriw olarǵa **«Bir ayna» principi boyınsha mámleket xızmetlerin kórsetiw birden-bir orayları** tárepinen ámelge asırıladı.

**«Bir ayna»** principi — xalıq hám kárxanalar tárepinen arnawlı basqarmalarǵa múrájáát etiw arqalı hár túrli mámleketlik xızmetlerinen paydalanıw.

Demek, isbilermenlik xızmetin mámleket diziminen ótkeriw ushın, birinshi gezekte, «Bir ayna» oraylarına múrájáát etiw talap etiledi.

**«Bir ayna»** — xalıq hám kárxanalarǵa hár túrli mámleketlik xızmetlerin kórsetiw, sonıń ishinde isbilermenlik xızmetin mámleketlik dizimnen ótkeriw menen shuǵıllanıwshı arnawlı basqarma.

Piziń múrájáátińiz eki túrli jol menen ámelge asırılıwı múmkin:

**1. Dástúrlik tárizdegi múrájáát** — dizimnen ótkeriwshi organǵa kelgen jaǵdayda isbilermenlik subyektin mámleketlik dizimnen ótkeriw.

**2. Onlayn tárizdegi múrájáát** — Internet jáhán málimleme sisteması arqalı dizimnen ótkeriw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÁSTÚRLIK TÁRIZDEGI MÚRÁJÁÁT

Eger siz óz isbilermenlik xızmetińizdi dizimnen ótkeriw ushın tiyisli basqarmaǵa kelseńiz, bul dástúrlik tárizdgi múrájáát esaplanadı. Bunda dizimnen ótkergenligi ushın mámleket bajısın (eń kem is haqınıń bir esesi muǵdarında) tólewińiz, tiyisli qaǵaz hújjetlerdiń tiykarǵı nusqaların beriwińiz hám arza toltırıwıńız kerek.

## ONLAYN TÁRIZDEGI MÚRÁJÁÁT

Eger siz isbilermenlik xızmetińizdi Internet sisteması arqalı dizimnen ótkeriwge qarar etseńiz, bul onlayn tárizdegi múrájáát esaplanadı. Bunıń ushın qálegen jerde turıp, bir ayna. uz veb-saytında jaylasqan baǵdarlama arqalı dizimnen ótiwge boladı. Onlayn tárizdegi múrájáátde dizimnen ótkergeni ushın mámleket bajı eń kem is haqınıń yarım esesi muǵdarında tólenedi.

Dizimnen ótiw procesi sorawlardı elektron formada toltırıw arqalı basqıshpa-basqısh ámelge asırıladı. Dizimnen ótkeriw juwmaqlanǵannan keyin, sizge isbilermenlik subyekti mámleketlik dizimnen ótkerilgenligi haqqındaǵı gúwalıq elektron formada beriledi.

## INTERNET SISTEMASÍ ARQALÍ DIZIMNEN ÓTKERIWDIŃ ABZALLÍQLARÍ

Siz óz isbilermenlik xızmetińizdi internet sisteması arqalı dizimnen ótkerseńiz bir qatar abzallıqlarǵa iye bolasız. Sonıń qatarında:

— dizimnen ótkeriwshi organǵa qaǵaz kórinisindegi hújjetlerdiń tiykarǵı nusqaların tapsırıw zárúrligi joq;

— arza jazıwshılardı dizimnen ótkeriwshi organǵa, sonday-aq, dizimnen ótkeriwge mámleket bajısın tólew ushın bank kassasına ózi keliw zárúrliginen qutıladı;

— hújjetler Internet arqalı onlayn tapsırılǵanda biznesti dizimnen ótkeriw ushın mámleketlik bajıları stavkaları ózi kelip buyırǵan jaǵdayǵa salıstırǵanda eki ese kem tólenedi;

— biznesti dizimnen ótkeriw ushın hújjetlerdi rásmiylestiriw hám tapsırıwdı arza iyesi qolay bolǵan qálegen waqıtta baslaw, toqtatıp turıw yamasa qaytadan baslaw múmkin boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BILESIZ BE?

Kárxanalar hám shólkemler birden-bir mámleket registri maǵlıwmatlarına muwapıq, 2018-jıldıń 1-yanvar halatına dizimge alınǵan yuridikalıq shaxslar sanı (fermer hám diyqan xojalıqlarısız) 300,2 mıńǵa jetti.

Dizimnen ótken kárxanalar hám shólkemlerdiń tiykarǵı úlesi Tashkent qalasında (20,8%), Tashkent (10,2%), Ferǵana hám Andijan (8,7%) wálayatları úleslerine tuwra keledi.

## BUL QÍZÍQ...

**Ózbekstan «Biznes júrgiziw — 2018» reytinginde dúnya onlıǵına kirdi.**

Ózbekstan Jáhán banki toparınıń isbilermenlik ortalıǵın jaqsılaw boyınsha «Biznes júrgiziw — 2018» (Doing Business — 2018) reytinginde úshinshi ret dúnyanıń jetekshi on mámleketi qatarınan orın aldı. Bul haqqında Jáhán bankiniń elimizdegi wákillikke iye baspasóz xızmeti xabar etti.

... Házirgi jılǵı teması «Jumıs orınların jaratıw ushın reformalar etiw» bolǵan jańa esabatta Ózbekstan ótken jılǵı 87-orınnan 13 basqısh joqarılap, 74-orındı bánt etti.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Isbilermenlik xızmetin mámleketlik dizimnen ótkeriw ne ushın zárúr?
2. Mámleket xızmetleri kórsetkishleriniń «Bir ayna» principi neni ańlatadı?
3. «Bir ayna» orayı degen ne?
4. «Bir ayna» oraylarına múrájáát etiwdiń qanday jolları bar?
5. Dástúrlik tárizde múrájáát qalay ámelge asırıladı?
6. Onlayn tárizdegi múrájáát ushın qanday sharayatlar zárúr?
7. Sizler óz isbilermenlik xızmetińizdi dizimnen ótkermekshi bolsańız qaysı joldan paydalanǵan bolar edińiz? Ne ushın?
8. Onlayn tárizde dizimnen ótiw procesi qalay ámelge asırıladı?
9. Internet sisteması arqalı dizimnen ótkeriwdiń qanday abzallıqları bar?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 15-TEMA ISBILERMENLIK JUWAPKERSHILIGI

Isbilermenler jámiyetshiligi pák emes isbilermenlerge kelisimsiz bolıwı kerek. Olarǵa birinshi gezekte, mámleket emes, al isbilermenlerdiń ózleri qatnas bildiretuǵın hám usı ortalıq salamat ekenligin támiyinleytuǵın sistema jaratıwımız kerek.

***Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoev***

### ISBILERMENNIŃ HUQÍQÍ

Isbilermenlik xızmeti menen shuǵıllanıwdan aldın onıń juwapkershiligin tolıq seziw kerek. Isbilermenlik juwapkershiligi, eń dáslep, nızam hújjetlerinde belgilep berilgen huqıq hám minnetlemelerdiń orınlanıwı arqalı kórinedi.

**Isbilermenniń huqıqı** — mámleket tárepinen isbilermen ushın paydalanıwı belgilengen yamasa ruqsat berilgen is-háreketler qaǵıydalarınıń jıyındısı.

Máselen, isbilermenniń tiykarǵı huqıqları sıpatında tómendegilerdi kórsetiw múmkin:

— nızam hújjetlerinde qadaǵan etilmegen hárqanday xızmetti ámelge asırıw;

— múlk huqıqı tiykarında ózine tiyisli bolǵan mal-múlkke iyelik etiw, onnan paydalanıw hám onı iyelew;

— óziniń xızmeti baǵdarların, tovarlar jetkerip beriwshilerdi hám óziniń tovarlarınıń tutınıwshıların erkin túrde tańlaw;

— barlıq óndiris qárejetleriniń ornı qaplanıp, salıqlar hám basqa májbúriy tólemler tólengeninen soń qalǵan dáramattı (paydanı) erkin iyelik etiw;

— kreditler alıw, basqa shaxslardıń pul qarjıların hám de mal-múlkin shártnama shártleri tiykarında tartıw;

— sırtqı ekonomikalıq xızmetin ámelge asırıw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## ISBILERMENLIKTIŃ MINNETLEMESI

Isbilermenlik juwapkershiligi kóbirek isbilermen tárepinen minnetlemeleriniń tolıq hám óz waqtında orınlanıwı arqalı kórinedi.

**Isbilermenniń minnetlemesi** — mámleket tárepinen isbilermen ushın ámel etiliwi yamasa orınlanıwı shárt etip belgilengen is-háreketler qaǵıydalarınıń jıyındısı.

Tómende isbilermen minnetlemesiniń ayırmalarına toqtap ótemiz.

### SHÁRTNAMA MINNETLEMELERIN ORÍNLAW

Isbilermen óziniń xızmetin hár túrli subyektler — mámleket basqarmaları, kárxanalar hám shólkemler, jeke isbilermenler yamasa puqaralar menen dúzilgen shártnamalar tiykarında alıp baradı. Solay eken, ol eń dáslep usı shártnamalardan kelip shıǵatuǵın minnetlemelerin orınlawı kerek.

Isbilermenlerde ózleriniń shártnama minnetlemelerin orınlaw juwapkerligi bolmaǵan jaǵdaydı kóz aldımızǵa keltirip kóreyik. Azıq-awqatlardıń óz waqtında yamasa jeterli kólemde jetkerip berilmewi — mámlekette (nırq) bahanıń keskin ósiwi hám de ashlıqtıń kelip shıǵıwına; kárxanalarǵa shiyki zat hám materiallardıń jetkerip berilmewi — óndiristiń qısqarıwı, toqtap qalıwı, jumıssızlıqtıń payda bolıwı hám aqıbetinde ekonomikanıń kriziske ushırawına alıp keledi.

### TÓLEMLERDI ÓZ WAQTÍNDA TÓLEW

Isbilermen óziniń xızmeti nátiyjesinde kelip shıǵatuǵın salıqlar hám basqa májbúriy tólemlerdi óz waqtında tólew zárúr. Keri jaǵdayda, mámleket byudjeti dáramat bóliminiń orınlanbawı hám byudjet jetispewshiliginiń payda bolıwına alıp keledi. Aqıbetinde, mámleket byudjetinen qarjılandırılıwshı kárxana hám shólkemlerdiń finanslıq támiynatına zıyan keledi, olardıń jumısshı hám xızmetkerleri óz waqtında aylıq almaydı, pensiya hám napaqalar tólemi keshigedi.

Isbilermen eger óziniń xızmetinde jallanba miynetten paydalansa, jumısshı hám xızmetkerlerdiń is haqı hám basqa sociallıq qamsızlandırıw tólemlerin ámelge asırıwı kerek. Óz waqtında hám miynette sáykes muǵdarda is haqı almaǵan jumısshınıń miynet



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ónimdarlıǵı páseyedi. Aqıbetinde, basqa jumısqa ótiw yamasa qosımsha dáramat tabıw jolların izlewge túsedi. Bulardıń barlıǵı isbilermenniń xızmet nátiyjelerine keri tásir kórsetedi.

## NÍZAM HÚJJETLERI TALAPLARÍNA ÁMEL ETIW

Isbilermenlik xızmetin shólkemlestiriwde miynetti qorǵaw hám de qáwipsizlik texnikası, ekologiya, sanitariya hám gigiena tarawındaǵı nızam hújjetleri hám normativ hújjetler talaplarına ámel etiw kerek. Sebebi, jeterli dárejede jaqtılandırılmaǵan, ıssılıq penen támiyinlenbegen, óz ómiri qáwip astında bolǵan sharayatta jumısshılar joqarı ónim menen isley almaydı. Qalaberse, bunıń aqıbetinde júz bergen qolaysız jaǵdaylar, baxıtsız hádiyselerge jumıs beriwshi — isbilermen tolıq juwapker boladı.

Ekologiya, yaǵnıy qorshaǵan-ortalıqtıń qorǵalıwına itibar bermew, óndiris shıǵındıların xalıqtıń jasaw punktlerine, suw háwizlerine taslaw, zıyanlı zat yamasa gazler shıǵıwınıń aldın almaw, dáslep, usı kárxanadaǵı jumısshı hám isbilermenniń, sonday-aq, barlıq jámiyet aǵzalarınıń densawlıǵına zıyan tiygizedi.

## HADAL BÁSEKILESIW

Basqa isbilermenler menen básekileskende tek onıń ruqsat etilgen (hadal báseki) túrlerinen paydalanılıwı, házirgi waqıtta, tutınıwshılardıń huqıqların qorǵaw haqqındaǵı nızam hújjetleri talaplarına ámel etiliwi kerek. Óziniń básekileslerin qorqıtıw, olardıń kommerciyalıq yaki sanaat sırların urlawǵa háreket etiw, mal-múlkine bile tura zıyan tiygiziw, básekileslerdi sındırıw ushın demping baha, yaǵnıy ónimdi óziniń ózine túser bahasınan tómen bahada satıw sıyaqlı usıllar hadal emes (nahaq) báseki túrleri bolıp esaplanadı. Bunday básekilesiwdiń keń jayılıwı ekonomikadaǵı turaqlılıqtıń buzılıwına, jámiyette bolsa jınayatshılıqtıń keńeyiwine alıp keledi.

## DURÍS ESAP JÚRGIZIW HÁM ESAPLASÍW

Isbilermen buxgalteriya, tez hám statistika esabın nızam hújjetleri talaplarına muwapıq júrgiziwi, sonday-aq, óziniń xızmeti haqqındaǵı esabatlardı tiyisli mámleket organlarına belgilengen tártipte hám



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

múddetlerde tapsırıw shárt. Durıs esap júrgizbew aqıbetinde isbilermenniń finanslıq nátiyjelerin nadurıs kórsetiw, paydanı jasırıw arqalı salıqtı tómenletiw jaǵdayları kelip shıǵıwı múmkin.

## ISBILERMENNIŃ JUWAPKERLIGI

Isbilermenniń juwapkerligi belgilengen huqıq hám minnetlemelerge ámel etpew, olardı orınlamaw aqıbetinde payda boladı. Isbilermenniń juwapkerligi degende isbilermen tárepinen islenbegen shártnama minnetlemeleri, xojalıq subyektleri, tutınıwshılar, jallanba jumısshılar hám mámlekettiń buzılǵan huqıqların tiklewge baǵdarlanǵan belgili is-háreketlerdi ámelge asırıw minnetlemesi túsiniledi.

**Isbilermenniń juwapkerligi** — bul isbilermenniń is-háreketiniń belgilengen nızam normaları, sociallıq hám ádep-ikramlılıq qaǵıydalarǵa muwapıqlıǵı boyınsha juwap beriw minnetlemesi.

Isbilermenniń juwapkerligi múlklik (materiallıq), hákimshilik, jınayıy hám ádep-ikramlılıq kórinislerde boladı.

Huqıqbuzıwshılıq subyektine qarata juwapkerlik jeke tártiptegi, toparlıq yamasa jámáátlik kórinislerge ajıraladı. Jeke tártiptegi juwapkerlikke isbilermenlik xızmeti tarawındaǵı óziniń minnetlemelerin orınlamaǵanlıǵı ushın óz aldına fizikalıq shaxs, toparlıq juwapkerlikke — fizikalıq shaxslar topar, jámáátlik juwapkerlikke — yuridikalıq shaxslar iye boladı.

### BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Isbilermenlik juwapkerligi degen ne? Ol qanday jaǵdaylarda kórinedi?
2. Isbilermenniń huqıqı degen ne? Mámleketimizdegi isbilermenlerdiń tiykarǵı huqıqların sanap beriń.
3. Isbilermenniń minneti degen ne? Ol isbilermenniń huqıqınan nesi menen ajıraladı?
4. Ne ushın isbilermen shártnama minnetlemelerin orınlawı kerek? Shártnamanıń orınlanbawı qanday jaǵdaylarǵa alıp keledi?
5. Isbilermen tárepinen salıqlar hám basqa májbúriy tólemlerdi óz waqtında tólemew qanday aqıbetlerge alıp keledi?
6. Isbilermen qol astındaǵı jumısshılardıń is haqısın tómenletiw arqalı óziniń paydasın asırıwı múmkin be? Ne ushın?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# III BAP

# KÁRXANA QARJÍLARÍ, QÁREJETLERI HÁM FINANSLÍQ NÁTIYJELERI

## 16-TEMA

## KÁRXANA QARJÍLARÍ HÁM OLARDAN PAYDALANÍW NÁTIYJELILIGI






### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Súwretlerde mebel islep shıǵarıwǵa qánigelesken kárxana qarjılarınıń qaysı túrleri kórsetilgen?
2. Usı qarjılardıń qaysıların tiykarǵı hám de qaysıların aylanba qarjılarǵa kirgiziwge boladı? Pikirińizdi tiykarlań.
3. Kárxana qarjılarınan nátiyjeli paydalanıw jolları nelerden ibarat dep oylaysız?

### KÁRXANA QARJÍLARÍ

Ulıwma itibar bergensiz be — isbilermen adamnan belgili muǵdarda pul berip turıwın sorasańız, ol, ádette, «meniń pullarım aylanısta» dep juwap beredi. Bul juwaptıń mazmunın tolıǵıraq túsiniw ushın kárxana qarjıları hám olardıń háreketin kórip shıǵamız.

Sizler ózińizdiń isbilermenlik xızmetińizdi alıp barıw ushın kárxana shólkemlestiriwińizge boladı.

**Kárxana** — bul jámiyet zárúrliklerin qanaatlandırıw hám payda alıw maqsetinde ónim islep shıǵarıw, jumıs islew hám xızmet kórsetiw ushın shólkemlestirilgen óz aldına erkin xojalıq júrgiziwshi subyekt.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kárxana xızmetin shólkemlestiriw hám júrgiziw ushın qarjılar talap etiledi.

**Kárxana qarjıları** — bul kárxana xızmetin shólkemlestiriw hám ámelge asırıwǵa xızmet etiwshi pul, hár túrli resurslar hám islep shıǵarılǵan tovarlar jıynaǵı. Bul qarjılar hár túrli dereklerde kapital, fond, zat sıyaqlı atamalar menen ataladı.

## KÁRXANA QARJÍLARÍ TÚRLERI

Ámelde kárxana qarjıları úsh túrde boladı: pul, resurs hám tovar.

Pul túrindegi qarjılar kárxana xızmetin jolǵa qoyıw ushın zárúr resurslardı satıp alıw yamasa olardan paydalanǵanı ushın tólemlerdi ámelge asırıw ushın jumsaladı. Bunıń nátiyjesinde pul qarjıları resurslar yamasa ónimli qarjılarǵa aylanadı.

**Resurslar** — óndiris procesin ámelge asırıw ushın satıp alınǵan imarat, ásbap-úskeneler, shiyki zat hám materiallar, miynet resursları, elektr energiyası, suw hám basqa resurslar túrindegi qarjılar.

Bul resurslar óndiris procesinde paydalanılıp, óziniń qunınan kóbirek ónim jaratqanı ushın ónimli qarjılar dep de júrgiziledi.

Óndiris procesinde jaratılǵan ónimler tovar, yaǵnıy satıw ushın gózlengen ónim formasın aladı.

**Tovar** — bul kárxanada islep shıǵarılǵan hám satıwǵa arnalǵan ónim yamasa xızmetler.

Demek, isbilermenniń qolında pul formasında bolǵan qarjı óziniń háreketi dawamında dáslep resurslarǵa, keyin bolsa tovarǵa aylanıp, bazarda satılǵannan keyin, jáne pul formasında isbilermenge qaytıp keledi. Bunı kárxana qarjısınıń (bul orında puldıń) aylanbalı aynalısı delinedi.

**Kárxana qarjılarınıń aylanbalı aylanısı** — kárxana qarjısınıń óz háreketin belgili (pul, resurs, tovar) formadan baslap, gezektegi basqıshların basıp ótip, jáne óziniń dáslepki formasına qaytıwı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## KÁRXANA QARJÍLARÍNÍŃ AYLANÍSÍ

Kárxana qarjılarınıń aylanbalı aylanısı úzliksiz tákirarlanıp, jańalanıp turadı. Sebebi, isbilermen óziniń qarjısın bir márte aylandırıp, onnan alǵan paydası menen sheklenip qalmaydı. Bul úzliksiz process **kárxana qarjılarınıń aylanısı** delinedi.

**Kárxana qarjılarınıń aylanısı** — kárxana qarjılarınıń aylanbalı aylanısınıń úzliksiz tákirarlanıp, jańalanıp turıwı.

Kárxana qarjıları quramındaǵı hár túrli resurslardıń aylanıw tezligi ajıraladı. Máselen, shiyki zat hám materiallar bir aylanbalı aylanıstan keyin óziniń baslanǵısh túrine qaytsa, imarat hám ásbap-úskeneler birneshe aylanbalı aylanıstan keyin óziniń baslanǵısh túrine qaytadı.

Sonlıqtan, kárxana qarjıları eki bólimge: tiykarǵı hám aylanba qarjılarǵa bólinedi.

**Tiykarǵı qarjı** — óndiris procesinde uzaq múddet qatnasıp, óziniń materiallıq kórinisin ózgertpeytuǵın resurs formasındaǵı qarjı.

**Aylanba qarjı** — óndiris procesinde bir márte qatnasıp, óziniń materiallıq kórinisin ózgertetuǵın resurs formasındaǵı qarjı.

Tiykarǵı hám aylanba qarjılardıń óz ara ayırmashılıǵın tómendegi keste arqalı kóriwge boladı.

| Ózgeshe tárepi | Tiykarǵı qarjı | Aylanba qarjı |
|---|---|---|
| Óndiris procesinde qatnasıw | — uzaq dáwir qatnasadı (máselen, stanok 10 jıl, imarat 50-100 jıl);<br>— óziniń materiallıq kórinisin saqlap qaladı. | — bir márte qatnasadı;<br>— óziniń materiallıq kórinisin joǵaltıp, jańa kóriniske ótedi (máselen, teriden ayaq kiyim islep shıǵarılıwı). |
| Óziniń qunın ónim qunına ótkeriw | — ónim qunına uzaq dáwir dawamında az-azdan ótip baradı. | — ónim qunına bir óndiris procesinde tolıq ótedi. |

Joqarıdaǵılardan kórinip tur, aylanba qarjılar bir óndiris procesinde óziniń qunın ónim qunına tolıq ótkerip, ol satılǵannan soń jáne



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qaytadan satıp alıw arqalı tikleniwi múmkin. Máselen, bir jup ayaq kiyim islep shıǵarıw ushın 60 mıń sumlıq teri sarplanǵan bolsa, teri qunı ayaq kiyim qunına tolıq qosıladı. Eger ayaq kiyim qarıydarına 120 mıń sumǵa satılsa, demek bul baha quramında 60 mıń sumlıq teri qunı da bar. Isbilermen ayaq kiyim satıwdan túsken 120 mıń sumnıń 60 mıń sumına jańa teri shiyki zatın satıp alıw arqalı bul aylanba qarjını qaytadan payda etedi.

Biraq tiykarǵı qarjını qaytadan payda etiw ol dárejede ápiwayı emes. Sebebi, tiykarǵı qarjı quramındaǵı imarat, qurılma, ásbap-úskene, miynet quralları uzaq múddet dawamında xızmet etip, olar járdeminde kóplegen ónimler islep shıǵarıladı. Sonlıqtan, tiykarǵı qarjılar kórinisindegi resurslardıń óndiris procesindegi xızmet múddeti esapqa alınıp, olardıń góneriw qunı bul múddet dawamında islep shıǵarılǵan ónimler qunına kirgizip barıladı.

**Tiykarǵı qarjınıń góneriwi** — tiykarǵı qarjı baslanǵısh qunınıń tómenlep barıwı.

Tiykarǵı qarjı baslanǵısh qunınıń tómenlep barıwı onıń gónergen bóliminiń ónim qunına ótkerip barılıwı sebepli júz berip, bul process tiykarǵı qarjılar amortizaciyası dep ataladı.

**Tiykarǵı qarjılar amortizaciyası** — tiykarǵı qarjılar góneriw qunın ónim islep shıǵarıw qárejetlerine kirgizip barıw jolı menen pul kórinisindegi qaplanıp barılıwı.

Amortizaciya ajıratpası ($A_{aj}$) tiykarǵı qarjı qunın ($Q_{tiyk}$) usı qunnıń xızmet dáwiri ($X_d$) ne qatnası arqalı anıqlanadı:

$$A_{aj} = \frac{Q_{tiyk}}{X_d}$$

Amortizaciya ajıratpaları belgilengen amortizaciya norması tiykarında ajıratılıp barıladı. **Amortizaciya norması ($A_n$)** tiykarǵı qarjı qunı ($Q_{tiyk}$) hám bul qunnıń xızmet dáwiri ($X_d$) menen kóbeymesine qatnası hám de olardı procentte ańlatıw arqalı anıqlanadı:

$$A_n = \frac{Q_{tiyk}}{Q_{tiyk} \times X_d} \times 100\% \quad \text{yamasa} \quad A_n = \frac{1}{X_d} \times 100\%$$



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kárxanada usı jol menen jıynalıp baratuǵın tiykarǵı qarjılardıń góneriw summası **amortizaciya fondın** dúzedi.

Aytayıq, kárxanaǵa 50 mln. sumlıq stanok satıp alındı. Eger stanoktıń 10 jıl dawamında xızmet etiwi kózde tutılǵan bolsa, ol jaǵdayda bir jıllıq góneriw summası 5 mln. sumdı, amortizaciya norması bolsa 10% ti quraydı:

| Jıllar | Jıl basındaǵı qunı | Bir jıldaǵı góneriwi | Jıl aqırındaǵı qunı | Amortizaciya fondı |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 50 000 000 | 5 000 000 | 45 000 000 | 5 000 000 |
| 2 | 45 000 000 | 5 000 000 | 40 000 000 | 10 000 000 |
| 3 | 40 000 000 | 5 000 000 | 35 000 000 | 15 000 000 |
| 4 | 35 000 000 | 5 000 000 | 30 000 000 | 20 000 000 |
| 5 | 30 000 000 | 5 000 000 | 25 000 000 | 25 000 000 |
| 6 | 25 000 000 | 5 000 000 | 20 000 000 | 30 000 000 |
| 7 | 20 000 000 | 5 000 000 | 15 000 000 | 35 000 000 |
| 8 | 15 000 000 | 5 000 000 | 10 000 000 | 40 000 000 |
| 9 | 10 000 000 | 5 000 000 | 5 000 000 | 45 000 000 |
| 10 | 5 000 000 | 5 000 000 | 0 | 50 000 000 |

Keste maǵlıwmatlarınan kórinip turǵanday, kárxanada hár jılı stanok ushın 5 mln. sumlıq góneriw esaplanıp, amortizaciya fondına ótkerip barıladı. Nátiyjede, 10 jıldan keyin stanoktıń qunı ulıwma joq bolıp, kárxana amortizaciya fondında 50 mln. sum pul qarjısı payda boladı. Isbilermen bunnan bılay gónergen stanokti shıǵarıp taslap, ornına jańa stanok satıp alıw múmkinshiligine iye boladı.

## KÁRXANA QARJÍLARÍNAN PAYDALANÍW NÁTIYJELILIGI

Isbilermen ushın óz kárxanası qarjılarınan paydalanıw nátiyjeliligin bahalap barıw zárúr esaplanadı. Bunıń ushın ol bir qatar kórsetkishlerden paydalanıw múmkin.

**Tiykarǵı qarjı nátiyjeliligi *($QN_{tiyk}$)*** — kárxanada islep shıǵarılǵan ónim kólemi ($ÓK$) menen tiykarǵı qarjı qunı ($Q_{tiyk}$) arasındaǵı qatnastı ańlatıwshı kórsetkish:

$$QN_{tiyk} = \frac{QK}{Q_{tiyk}}$$



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Aytayıq, kárxanada 500 mln. sumlıq tiykarǵı qarjılar bolıp, 2017-jıl dawamında 2 mlrd. sum kóleminde ónim islep shıǵarıldı. Onday jaǵdayda kárxananıń tiykarǵı qarjı nátiyjelilik kórsetkishi 4 ti quraydı. Bul kárxananıń hár 1 sumlıq tiykarǵı qarjısı 4 sumlıq ónim islep shıǵarıwda qatnasqanın ańlatadı. Bul kórsetkishtiń joqarı bolıwı jaqsı jaǵday esaplanadı.

**Tiykarǵı qarjı sıyımlılıǵı ($QSıyım_{tiyk}$)** — tiykarǵı qarjı nátiyjeliligine keri, yaǵnıy kárxana tiykarǵı qarjı qunı ($Q_{tiyk}$) menen islep shıǵarılǵan ónim kólemi (ÓK) arasındaǵı qatnasın ańlatıwshı kórsetkish:

$$QSıyım_{tiyk} = \frac{Q_{tiyk}}{ÓK}$$

Joqarıdaǵı mısal boyınsha kórilse, kárxananıń tiykarǵı qarjı sıyımlılıq kórsetkishi 0,25 ti quraydı. Bul kárxanadaǵı hár 1 sumlıq ónimdi islep shıǵarıwda 0,25 sumlıq tiykarǵı qarjı qatnasqanın ańlatadı. Bul kórsetkishtiń tómen bolıwı jaqsı jaǵday esaplanadı.

Kárxanada aylanba qarjıdan nátiyjeli paydalanıw ónimniń material nátiyjeliligi hám material sıyımlılıǵı kórsetkishleri arqalı bahalanadı.

**BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!**

1. Kárxana qarjıları degen ne?
2. Kárxana qarjılarınıń qanday túrleri bar?
3. Kárxana qarjılarınıń aylanbalı aylanısı degen ne?
4. Kárxana qarjılarınıń aylanısı aylanbalı aylanıstan nesi menen ajıraladı?
5. Tiykarǵı hám aylanba qarjılarınıń bir-birinen ayırmashılıǵı ne?
6. Tiykarǵı qarjınıń góneriwi degende ne túsiniledi?
7. Amortizaciya norması qalay esaplanadı?
8. Kárxana qarjılarınan paydalanıw nátiyjeliligi qaysı kórsetkishler arqalı bahalanadı?
9. Tiykarǵı qarjı nátiyjeliligi kórsetkishiniń mazmunın túsindirip beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 17-TEMA BANK KREDITLERI

Usı maqsette kommerciyalıq bankleri hám olardıń orınlardağı filialları, óziniń imkaniyatlarınan kelip shığıp, isbilermenlerge finanslıq járdem hám mádet beriwdi juwapkershiligine aladı.

Qısqa etip aytatuğın bolsaq, bankler endi xalqımızdı isbilermenlikke úyretiwi hám oğan jeteklewi kerek boladı.

***Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoev***






### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Súwretlerden kredittiń mazmun-mánisi menen baylanıslı qanday tárepleri kórsetilgen?
2. Súwrettegi saat súwreti qanday mánisti ańlatadı dep oylaysız? Kalkulyator-she? Óz pikirińizdi túsindirip beriń.

### KREDIT HÁM ONÍŃ PRINCIPLERI

Hárbir isbilermen de óz xızmetin júrgiziw ushın jeterli finanslıq qarjığa iye bolmawı múmkin. Yamasa, kárxananı keńeyttitriw, qanday da bir jobanı ámelge asırıw ushın qarjısı jetpey qalıwı múmkin. Bunday jağdaylarda qosımsha qarjı tabıwdıń keń tarqalğan hám nátiyjeli jolı — bank kreditin alıw bolıp esaplanadı.

**Bank krediti** — bankler hám arnawlı kredit mákemeleri tárepinen isbilermenler yamasa basqa shaxslarğa beriliwshi pul formasındağı qarız.

Kredit beriw bir qatar principlerge tiykarlanıp, onı tómendegi sızılma kórinisinde kóriwge boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Bunnan kóremiz, siz bankten kredit alıwda onı ne maqsette alıp atırǵanıńızdı bildiriwińiz kerek. Usı maqsetten kelip shıqqan jaǵdayda kredit múddetleri anıqlanadı hám kredit tólemleri procentleri belgilenedi. Bunda siz alınǵan kredit hám ol boyınsha esaplanǵan procentlerdi óz waqtında qaytarılıwına kepillik beriwińiz kerek boladı. Kóbinese usı kepillik bank tárepinen berilip atırǵan kredit summasınan kóbirek qunlı girew tiykarında usınıladı.

## KREDIT TÚRLERI

Bank krediti menen bir qatarda siz kredittiń basqa túrleri haqqında maǵlıwmatqa iye bolıwıńız kerek.

Eger xojalıqlar aralıq kredit belgili tovarlardıń tólemin keshiktiriw túrinde ámelge asırılsa, **kommerciyalıq kredit** dep ataladı.

Kóshpes múlk (máselen, jer, imarat)lerdi girewge qoyıw esabınan uzaq múddetli qarız formasında beriliwshi kredit **ipoteka krediti** dep ataladı.

**Tutınıwshı krediti** — jeke shaxslarǵa, birinshi gezekte, uzaq múddet paydalanatuǵın tutınıw tovarlar (máselen, mebel, avtomobil, televizor hám basqalar)dı satıp alıw ushın belgili múddetke beriletuǵın kredit.

## PROCENT STAVKASÍ

Sizdi bank kreditinen paydalanıw yamasa paydalanbaw haqqındaǵı qararıńızǵa tásir etiwshi tiykarǵı faktorlardan biri — bul kredit boyınsha esaplanıwshı procent stavkası.

**Procent stavkası** — kredit alıwshı tárepinen tólenetuǵın tólem muǵdarın kredit muǵdarına qatnasınıń procenttegi kórinisi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Procent stavkasın tómendegi formula arqalı ańlatıwǵa boladı:

$$r' = \frac{r}{K_{ssuda}} \times 100$$

bul jerde:

**$r'$** — procent stavkası;

$r$ — kredit boyınsha tólem muǵdarı;

$K_{ssuda}$ — kredit muǵdarı.

Eger de, siz bankten 100 mıń sum muǵdardaǵı kreditti jılına 20 mıń sum tólew shárti menen alǵan bolsańız, bul kredittiń procent stavkası 20% ti quraydı. Bunnan kórinip turǵanınday, procent stavkasın hár túrli, máselen, jıl, sherek, ay hám basqa múddetler ushın esaplaw múmkin.

### ÁMELIYATTA KREDIT PROCENTIN ESAPLAW HÁM TÓLEW

Házirgi kúnde bank ámeliyatında kredit procentin esaplaw hám tólew tiykarǵı qarızdıń azayıp barıwı principinde ámelge asırıladı. Bunda alınǵan kredit muǵdarı belgilengen múddet, yaǵnıy jıllardı aylarǵa aylandırıp, olardıń sanına bólinedi hám usı baǵdarda kredit procenti esaplanıp barıladı. Aytayıq, siz bankten jıllıq 20% kórinisindegi 1 jıl múddetke 90 mln. sum kredit aldıńız. Usınday jaǵdayda siz kredit tólemlerin tómendegi tártipte ámelge asırasız.

| Ay | Kredittiń qaldıǵı | Kredit boyınsha tiykarǵı tólem muǵdarı | Kredit boyınsha procent tólemi muǵdarı | Kredit boyınsha ulıwma tólemler muǵdarı |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 90 000 000 | 7 500 000 | 1 800 000 | **9 300 000** |
| 2 | 82 500 000 | 7 500 000 | 1 650 000 | **9 150 000** |
| 3 | 75 000 000 | 7 500 000 | 1 500 000 | **9 000 000** |
| 4 | 67 500 000 | 7 500 000 | 1 350 000 | **8 850 000** |
| 5 | 60 000 000 | 7 500 000 | 1 200 000 | **8 700 000** |
| 6 | 52 500 000 | 7 500 000 | 1 050 000 | **8 550 000** |
| 7 | 45 000 000 | 7 500 000 | 900 000 | **8 400 000** |
| 8 | 37 500 000 | 7 500 000 | 750 000 | **8 250 000** |
| 9 | 30 000 000 | 7 500 000 | 600 000 | **8 100 000** |
| 10 | 22 500 000 | 7 500 000 | 450 000 | **7 950 000** |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 11 | 15 000 000 | 7 500 000 | 300 000 | **7 800 000** |
| 12 | 7 500 000 | 7 500 000 | 150 000 | **7 650 000** |
| | 0 | 90 000 000 | 11 700 000 | **101 700 000** |

## KREDIT TÁMIYNATÍ

Kredit támiynatı — kredit boyınsha kelisimniń qarız alıwshı tárepinen onı belgilengen múddette qaytarıw imkaniyatın ámelge asırıwshı qosımsha shárti. Kredit támiynatı sıpatında girew tárizindegi mal-múlkler, hár túrli shólkemlerdiń kepillikleri, úshinshi shaxs kepilligi hám basqalar xızmet etiwi múmkin.

Mısal ushın, «Jipek jolı» AITBda girew támiynatı sıpatında tómendegiler qabıl etiliwi múmkinligi belgilep berilgen:

1) mal-múlk (kóshpeli hám kóshpes múlk) girewi. Girew túri Ózbekstan Respublikası «Girew haqqında» hám «Ipoteka haqqında»ǵı nızamlarına tuwrı keletuǵın múlk, buyım hám múlk huqıqı (talapnamalar) formasında bolıwı múmkin;

2) kommerciyalıq bankleri yamasa qamsızlandırıw kompaniyalarınıń kepilligi;

3) úshinshi shaxs kepilligi;

4) alınǵan kredittiń qaytpaytuǵınlıǵı riskin bank paydasına qamsızlandırıw haqqında qamsızlandırıw polisi;

5) zergerlik buyımları;

6) nızamda kózde tutılǵan basqa támiynatlar.

## KLIENTTIŃ KREDIT ALÍW MÚMKINSHILIGIN BAHALAW

Siz kredit alıw maqsetinde tiyisli hújjetlerdi bankke tapsırǵanıńızdan keyin bank kredit alıw múmkinshiligińizdi bahalap kóredi. Sebebi, klientke kredit beriw múmkinligi hám onıń muǵdarın durıs anıqlaw bank kreditiniń qaytarılıwına imkan jaratadı.

Klienttiń kredit alıw múmkinshiligin bahalaw hárbir bank tárepinen erkin túrde islep shıǵılǵan normalar hám usıllar tiykarında ámelge asırıladı.

Eń dáslep, bank siziń belgili dáwirde barlıq tólemlerdi ámelge asırǵannan keyingi qalatuǵın pulıńızdı tómendegi formula arqalı anıqlaydı:



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

$$SD = AD - TS$$

bul jerde:

*SD* — sap dáramat;
*AD* — alınǵan dáramat;
*TS* — turaqlı sarplanıwlar.

Aytayıq, siziń dáramat salıǵı hám basqa uslanıwlardan keyingi aylıq dáramatıńız 1 mln. sumdı quraydı. Turaqlı sarplanıwlar (máselen, kommunal tólemleri, ijara haqı hám basqalar) muǵdarı 400 mıń sum bolsa, onday jaǵdayda sap dáramatıńız 600 mıń sumdı quraydı. Alınıp atırǵan kredit boyınsha maǵlıwmatlar tiykarında siziń kredit alıw múmkinshiligińiz koefficientin tómendegi formula arqalı esaplawǵa boladı:

$$KMK = \frac{SD}{AT}$$

Bul jerde:

*KMK* — kredit alıw múmkinshiligi koefficienti;
*SD* — sap dáramat;
*AT* — hár aylıq tólemler.

Aytayıq, siziń kredit boyınsha hár aylıq tólemlerińiz 300 mıń sum bolsa, ol jaǵdayda kredit alıw múmkinshiligińiz koefficienti 2 ge teń boladı. Yaǵnıy, siziń sap dáramatıńız kredit boyınsha hár aylıq tólemlerińizdi 2 ese qaplaydı. Bank usı koefficientti bul barısta ózi belgilegen normaǵa salıstırıp kóredi hám nátiyje jaqsı bolsa, bahalawdıń keyingi basqıshlarına ótedi.

**BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!**

1. Bank krediti degen ne?
2. Kredit beriwdiń qanday principleri bar?
3. Kredittiń qanday túrlerin bilesiz? Hárbir túriniń mazmunın qısqasha túsindiriń.
4. Kredit hám lizingtiń óz ara ayırmashılıǵı nede?
5. Procent stavkası ne hám ol qanday ańlatıladı?
6. Házirgi kúnde bank ámeliyatında kredit procentin esaplaw hám tólew qanday ámelge asırıladı?
7. Kredit támiynatı ne ushın zárúr?
8. Klienttiń kredit alıw múmkinshiligin bahalaw ne ushın zárúr?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 18-TEMA KÁRXANA QÁREJETLERI

## ÓNDIRIS QÁREJETLERI

Isbilermenlik xızmetiniń nátiyjesi qárejetlerdi durıs rejelestiriw hám ámelge asırıwǵa baylanıslı. Máselen, siz qanday da bir ónimdi islep shıǵarıw ushın shiyki zat, tiykarǵı hám járdemshi materiallar, janılǵı hám energiya, amortizaciya, is haqı hám sociallıq qamsızlandırıwǵa ajıratpalar, procent tólemleri hám basqa qárejetler menen dus keliwińiz múmkin. Ónimdi islep shıǵarıw hám onı tutınıwshılarǵa jetkeriw boyınsha barlıq sarplawlar ulıwma qárejetler delinedi.

Ulıwma qárejetler ekige bólinedi:

— óndiris qárejetleri;

— aylanıs qárejetleri.

**Óndiris qárejetleri** — ónimdi tikkeley óndiris ushın jumsalatuǵın sarplawlar.

Olar quramına joqarıda keltirip ótilgen is haqı, shiyki zat hám material sarplawları, amortizaciya hám basqaların kirgiziw múmkin.

**Aylanıs qárejetleri** — ónimlerdi islep shıǵarıwshıdan alıp, tutınıwshıǵa jetkeriw menen baylanıslı sarplawlar.

Aylanıs qárejetleri eki toparǵa bólinedi: qosımsha aylanıs qárejetleri hám sap aylanıs qárejetleri.

**Qosımsha aylanıs qárejetleri** — ónimlerdi oraw, upakovkalaw, saralaw, transportqa tiyew, tasıw hám saqlaw menen baylanıslı sarplawlar. Aylanıs qárejetleriniń bul túrleri óndiris qárejetleriniń dawamı esaplanıp, ónim qunı quramına kiredi hám onı arttıradı. Qárejetler tovarlar satılǵannan keyin alınǵan pul túsimi summasınan qaplanadı.

**Sap aylanıs qárejetleri** — satıwshınıń aylıǵı, marketing, reklama hám usı sıyaqlılar menen baylanıslı sarplawlar. Sap aylanıs qárejetleri ónimniń bahasın asırmaydı. Olar ónim satılǵannan keyin alınǵan payda esabınan qaplanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BUXGALTERIYA HÁM EKONOMIKALÍQ QÁREJETLER

Kárxana óndiris procesinde óz resursları yamasa qatnastırılǵan resurslardan paydalanıwı múmkin. Usınnan kelip shıǵıp, qárejetler ishki yamasa sırtqı qárejetlerge bólinedi.

**Sırtqı qárejetler** — kárxana xızmeti ushın zárúr resurs hám xızmetlerdi sırttan tólem tiykarında qatnastırıw nátiyjesinde júzege keletuǵın qárejetler.

Máselen, siziń shiyki zat hám materiallar, transport xızmeti ushın tólemińiz sırtqı qárejet esaplanadı. Sırtqı qárejetler tólem hújjetleri menen rásmiylestirilgeni sebepli buxgalteriya qárejetleri dep te ataladı.

**Ishki qárejetler** — kárxana yamasa isbilermenniń ózine tiyisli bolǵan resurslardan paydalanıw menen baylanıslı qárejetler.

Bunday qárejetler ushın pul tólemleri ámelge asırılmaydı. Ishki qárejetler usı resurslar qunın usıǵan uqsas resurslardıń bazardaǵı bahalarına salıstırıw arqalı bahalanadı.

Ishki hám sırtqı qárejetlerdi ajıratıw kárxana ekonomikalıq xızmeti nátiyjeliligin arttırıw jolların salıstırmalı analizlew imkaniyatın beredi.

## TURAQLÍ HÁM ÓZGERMELI QÁREJETLER

Óndiris kóleminiń ózgeriwine tásir etiw yamasa tásir etpewine qarap qárejetler turaqlı hám ózgermeli qárejetlerge bólinedi.

**ULÍWMA QÁREJETLER**

| **Turaqlı qárejetler** | **Ózgermeli qárejetler** |
|---|---|
| Kárxana tólem minnetlemeleri | Shiyki zat |
| Salıqlar | Material |
| Amortizaciya ajıratpaları | Janar may |
| Ijara haqı | Transport xızmeti |
| Qorǵaw xızmeti qárejetleri, xızmetkerler aylıǵı hám t.b. | Jumısshılar is haqı hám usı sıyaqlılar ushın qárejetler |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Turaqlı qárejetler** (FC-fixed cost) — ónim islep shıǵarıw kóleminiń ózgeriwine baylanıslı bolmaǵan qárejetler.

Máselen, imarat ushın ijara haqı, reklama ushın tólem, qarawıl yamasa basqa texnikalıq xızmetkerlerdiń is haqı turaqlı qárejetler qatarına kiredi.

**Ózgermeli qárejetler** (VC-variable cost) — ónim islep shıǵarıw kóleminiń ózgeriwine baylanıslı qárejetler.

Máselen, shiyki zat, materiallar, jumısshılardıń is haqı ózgermeli qárejetler esaplanadı.

Óndiristiń hárbir dárejesinde turaqlı hám ózgermeli qárejetler jıyındısı **ulıwma yamasa jalpı qárejetler** (TC-total cost)di quraydı.

Turaqlı (FC), ózgermeli (VC) hám jalpı (TC) qárejetlerdi grafik arqalı kórsetiw múmkin.




## ULÍWMA, ORTASHA HÁM SHEGARALÍQ QÁREJET

Isbilermen ónim birligin óndiriske jumsalatuǵın sarp-qárejetlerdi esaplaw ushın ortasha ulıwma, ortasha turaqlı hám ortasha ózgermeli qárejetlerdi biliwi kerek.

**Ortasha ulıwma qárejetler** — ulıwma qárejetlerdiń islep shıǵarılǵan ónim muǵdarına qatnasın ańlatadı:

$$AC = \frac{TC}{Q}$$

bul jerde: $AC$ (average cost) — ortasha ulıwma qárejetler;

$TC$ — ulıwma qárejetler;

$Q$ (quantity) — islep shıǵarılǵan ónim muǵdarı.

**Ortasha turaqlı qárejetler** turaqlı qárejetlerdiń islep shıǵarılǵan ónim muǵdarına qatnası menen anıqlanadı:

$$AFC = \frac{FC}{Q}$$

Bul jerde: $AFC$ (average fixed cost) — ortasha turaqlı qárejetler;

$FC$ — turaqlı qárejetler summası.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ortasha ózgermeli qárejetler** ózgermeli qárejetlerdiń islep shıǵarılǵan ónim muǵdarına qatnası menen anıqlanadı:

$$AVC = \frac{VC}{Q}$$

Bul jerde: *AVC* (average variable cost) — ortasha ózgermeli qárejetler;
*VC* — ózgermeli qárejetler summası.

Sonday-aq, ortasha ulıwma qárejetlerdi ortasha turaqlı hám ortasha ózgermeli qárejetlerdiń jıyındısı sıpatında da paydalanıw múmkin:

$$AC = AFC + AVC$$

Eń joqarı dárejede payda alıwǵa erisiw ushın tovar islep shıǵarıwdıń zárúr muǵdarın anıqlaw zárúr. Bunda shegaralıq qárejetten paydalanıladı.

**Shegaralıq qárejet** — ónimnniń gezektegi birligin óndiris penen baylanıslı qosımsha qárejet:

$$MC = \frac{\Delta TC}{\Delta Q}$$

Bul jerde: *MC* (marginal cost) — shegaralıq qárejet;
$\Delta TC$ — ulıwma qárejetlerdiń ózgeriwi;
$\Delta Q$ — ónim muǵdarınıń ózgeriwi.

**BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!**

1. Óndiris qárejetleri degen ne? Olardıń quramına nelerdi kirgiziw múmkin?
2. Qanday sarplawlar aylanıs qárejetleri quramına kirgiziledi?
3. Ne sebepten qárejetler ishki yamasa sırtqı qárejetlerge bólinedi?
4. Ne sebepten sırtqı qárejetler buxgalteriya qárejetleri dep ataladı?
5. Turaqlı qárejetler hám ózgermeli qárejetlerge mısallar keltiriń.
6. Tómendegi maǵlıwmatlar tiykarında kesteniń bos keteklerin toltırıń.

| Q | TC | FC | VC | MC | ATC | AVC | AFC |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 0 | 60 | | | | | | |
| 1 | 130 | | | | | | |
| 2 | 180 | | | | | | |
| 3 | 240 | | | | | | |
| 4 | 300 | | | | | | |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

19-TEMA

# ÓNIMNIŃ ÓZINE TÚSER BAHASÍ

## ÓZINE TÚSER BAHANÍŃ TÚSINIGI

Isbilermen óz ónimin satıw arqalı payda kóriwge umtıladı. Biraq bunıń ushın ol óziniń ónimi qanshaǵa túskeni, yaǵnıy onıń ózine túser bahası haqqında maǵlıwmatqa iye bolıwı kerek.

**Ózine túser baha** — ónim islep shıǵarıw hám satıw qárejetleriniń puldaǵı kórinisi.

Demek, ónimniń ózine túser bahasın anıqlaw ushın onı óndiris hám satıwǵa jumsalǵan sarp-qárejetlerdi jaqsı biliw kerek. Biraq ónimniń ózine túser bahasın durıs anıqlaw da quramalı process bolıp esaplanadı. Sebebi, ózine túser bahanıń ózi hár túrli kórinislerge iye bolıp, olardı esaplawda ózine tán táreplerdi itibarǵa alıw kerek boladı.

## ÓZINE TÚSER BAHANÍŃ TÚRLERI

Ózine túser bahanıń óndiristiń ózine túser bahası, tolıq ózine túser baha, shegaralıq ózine túser baha sıyaqlı túrleri bar.

Óndiristiń ózine túser bahası óndiris procesi menen baylanıslı qárejetler jıyındısı bolıp tabıladı. Ol óz ishine óndiristi shólkemlestiriwden baslap tap tayar ónimniń skladqa kelip túskenine shekemgi proceslerdegi qárejetlerdi óz ishine aladı.

Tolıq ózine túser baha ónim islep shıǵarıw hám onı satıw menen baylanıslı qárejetler jıyındısı bolıp tabıladı. Yaǵnıy, ol óndiristiń ózine túser bahası hám de ónimdi satıw menen baylanıslı kommerciyalıq qárejetlerden payda boladı.

Shegaralıq ózine túser baha — bul hárbir gezektegi islep shıǵarılǵan ónim birliginiń ózine túser bahası. Mısal ushın, siz 20 dana ónim islep shıǵarǵanıńızda ulıwma qárejetler 100 000 sumdı quraydı. Bul jaǵdayda bir ónimniń ózine túser bahası 5 000 sumǵa tuwrı keledi. Aytayıq, siz jáne bir dana qosımsha ónim islep shıǵarmaqshı boldıńız. Bunıń nátiyjesinde siziń ulıwma qárejetińiz 104 000 sumdı quraydı. Bunnan kórinedi, ónimińizdiń shegaralıq ózine túser bahası 4 000 sum bolǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Óndiristiń ózine túser bahası** — ónim islep shıǵarıw procesi menen baylanıslı qárejetler jıyındısı.

**Tolıq ózine túser baha** — ónim islep shıǵarıw hám onı satıw menen baylanıslı qárejetler jıyındısı.

**Shegaralıq ózine túser baha** — hárbir gezektegi islep shıǵarılǵan ónim birliginiń ózine túser bahası.

**Kommerciyalıq qárejetleri** — ónimdi satıw menen baylanıslı bolǵan, yaǵnıy onı upakovkalaw, tasıw hám reklama etiw qárejetleri.

## ÓNIMNIŃ ÓZINE TÚSER BAHASÍN ESAPLAW

Ónimniń ózine túser bahasın esaplaw ózine túser bahanı kalkulyaciya etiw dep te júrgiziledi.

**Kalkulyaciya** — latınsha «*calculatio*» degen sózden alınǵan bolıp, esap, esap-kitap degen mánislerdi ańlatadı. Bul ónim birligine tuwrı keliwshi óndiris qárejetlerin pul túrindegi esap-kitabı.

Ózine túser bahanı kalkulyaciya etiw islep shıǵarıw kózde tutılǵan ónimniń reje ózine túser bahasın yamasa jaratılǵan ónimniń haqıyqıy ózine túser bahasın anıqlaw imkanın beredi.

Kalkulyaciya etiw óndiris qárejetleriniń belgili zatları boyınsha ámelge asırıladı. Tómende onıń ayırım tiykarǵı elementlerin kórip shıǵamız:

**1) shiyki zat hám materiallar.** Bular islep shıǵarıw kózde tutılǵan ónimniń tiykarın payda etedi. Shiyki zat ele insan tásiri úlken bolmaǵan, material bolsa belgili dárejede qayta islewden ótken zatlar bolıp esaplanadı. Mısal ushın, mebel islep shıǵarıwda aǵash shiyki zat esaplansa, onnan tayarlanǵan taxtalar material sanaladı;

**2) qaytarılǵan shıǵındılar.** Óndiris procesinde payda bolǵan shıǵındılar qunı anıqlanıp, qárejetler qunınan shıǵarıp taslanadı. Máselen, mebel islep shıǵarıwda kishkene taxtay bólekleri, aǵash qırındıları bahası ónimniń ózine túser bahasınan alınıp taslanadı;

**3) yarım tayar ónimler hám satıp alınatuǵın buyımlar.** Sırttan satıp alınatuǵın hám ónimdi tayarlawda qollanılatuǵın buyımlar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Máselen, shkaf tutqıshları, olar esigine ornatılǵan qulıplar usılar qatarınan bolıp tabıladı;

**4) janılǵı hám energiya.** Óndiris procesinde kómir, neft, benzin sıyaqlı janılǵı, elektr, gaz, puw sıyaqlı energiya dereklerinen paydalanıw múmkin;

**5) tiykarǵı qurallar amortizaciyası.** Óndiris procesinde tiykarǵı qurallardıń gónergen bólimi ónimniń ózine túser bahasına qosılıp baradı;

**6) is haqı hám qamsızlandırıw ajıratpaları.** Jumısshılarǵa tólengen is haqı hám oǵan esaplanǵan qamsızlandırıw ajıratpaları ónimniń ózine túser bahasına qosıladı;

**7) ónim satıw qárejetleri.** Ónimdi upakovkalaw, tasıw hám reklama etiw qárejetleri de ónimniń ózine túser bahasına qosıladı.

## ÓNIMNIŃ ÓZINE TÚSER BAHASÍN TÓMENLETIW IMKANIYATLARÍ

Ónimniń ózine túser bahasın anıqlaw hám onıń quramın analizlew ózine túser bahanı tómenletiw imkaniyatların tabıwǵa járdem beredi. Ulıwma jaǵdayda ózine túser bahanı tómenletiw imkaniyatları sıpatında tómendegilerdi kórsetiw múmkin:

— tiykarǵı kapitaldan nátiyjeli paydalanıw;
— aylanba kapitaldan nátiyjeli paydalanıw;
— óndiristi nátiyjeli shólkemlestiriw;
— sırtqı imkaniyatlar.

**Tiykarǵı kapitaldan nátiyjeli paydalanıwdıń** tómendegi jolları bar: óndiris texnologiyasın jetilistiriw; óndiristi avtomatlastırıw hám mexanizaciyalaw; óndiris kúshlerin tolıq iske túsiriw.

**Aylanba kapitaldan nátiyjeli paydalanıw** tómendegilerdi talap etedi: materiallardan joq bolıwınıń aldın alıw; olardı únemli isletiw; materiallardıń jumsalıwın normalar tiykarında ámelge asırıw.

**Óndiristi nátiyjeli shólkemlestiriw** tómendegi shara-ilajlardan ibarat bolıwı múmkin: islewshilerdiń qánigeligin arttırıw; miynetti ilimiy tiykarda shólkemlestiriw; miynetti norma tiykarında shólkemlestiriw hám xoshametlew.

Ónimniń ózine túser bahasın tómenletiwdiń **sırtqı imkaniyatları** sıpatında shiyki zat hám materiallar bahasın tómenletiw; salıqtı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qısqarttırıw; óndiristi qánigelestiriw hám kooperaciya sıyaqlılardı kórsetiw múmkin.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Ózine túser baha degen ne? Onı durıs esaplaw qanday áhmiyetke iye?
2. Ózine túser bahanıń qanday túrleri bar?
3. Óndiristiń ózine túser bahası óz ishine qanday qárejetlerdi aladı?
4. Tolıq ózine túser baha qanday qárejetlerden payda boladı?
5. Shegaralıq ózine túser baha neni ańlatadı? Onı biliw isbilermenge ne ushın zárúr dep oylaysız?
6. Ónimniń ózine túser bahasın esaplaw qalay ámelge asırıladı?
7. Kalkulyaciya sóziniń mánisi ne?

## TEMA BOYÍNSHA ÁMELIY TAPSÍRMA HÁM SHÍNÍǴÍWLAR

1. Tómendegi kestede keltirilgen mebel islep shıǵarıw procesinde ónimniń ózine túser bahasın kalkulyaciya etiw maǵlıwmatları tiykarında tolıq ózine túser bahanı anıqlań!

| T/n | Qárejetler quramı | Ónim birligine durıs keliwshi qárejetler, sum |
|---|---|---|
| 1 | Shiyki zat hám materiallar | 1 000 000 |
| 2 | Qaytarılǵan shıǵındılar | 100 000 |
| 3 | Yarım tayar ónimler hám satıp alınatuǵın buyımlar | 100 000 |
| 4 | Janarmay hám energiya | 30 000 |
| 5 | Tiykarǵı qurallar amortizaciyası | 20 000 |
| 6 | Is haqı hám qamsızlandırıw ajıratpaları | 200 000 |
| 7 | Ónim satıw qárejetleri | 50 000 |

2. Tómendegi kestede keltirilgen maǵlıwmatlar tiykarında bos kletkalardı toltırıń.

| Q | FC | VC | TC | AC | Shegaralıq ózine túser baha |
|---|---|---|---|---|---|
| 10 | 100 000 | | 180 000 | | |
| 11 | | 87 000 | | | |
| 12 | | | | 16 500 | |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 20-TEMA KÁRXANANÍŃ FINANSLÍQ NÁTIYJELERI

## ULÍWMA DÁRAMAT HÁM PAYDA

Isbilermendi háreketke keltiriwshi sebeplerden biri — bul payda alıwǵa umtılıw bolıp tabıladı. Payda kólemi qansha úlken bolsa, bul isbilermen ushın óz zárúrliklerin tolıǵıraq qanaatlandırıw hám xızmetin jáne de keńeyttiriwge múmkinshilik jaratadı.

Isbilermenlik paydasın anıqlaw ushın ulıwma dáramat túsinigin de ajıratıw kerek.

**Ulıwma dáramat** — ónim islep shıǵarıw hám xızmet kórsetiw nátiyjesinde alınǵan pul qarjıları muǵdarı.

Kárxanalarda tovar hám xızmetlerdi satıwdan alınǵan ulıwma dáramat ulıwma túsim dep te ataladı. Ulıwma dáramat (túsim)tı tómendegi formula menen ańlatıw múmkin:

$$TR = P \times Q$$

Bul jerde:

*TR* (total revenue) — ónimdi satıwdan alınǵan ulıwma dáramat (túsim):

*P* (price) — ónimniń bahası;

*Q* (quantity) — ónim muǵdarı.

Aytayıq, siz kárxanańızda bir ay dawamında 100 mıń dana dápter islep shıǵardıńız. Hárbir dápterdiń bahası 1000 sum. Eger barlıq dápterler satılǵan jaǵdayda, kárxanańızdıń bir aylıq pul túsimi 100 mln. sum (100 000 × 1000)ǵa teń boladı.

Biraq kárxananıń pul túsimleri onıń xızmetiniń nátiyjeliligine baha bere almaydı. Sebebi, bul pul túsimleri qanday qárejetler esabınan alınǵanlıǵın kórsetpeydi. Sonlıqtan, pul túsimleriniń qárejetlerden ajıratıp alınǵan bólimi — payda áhmiyetli orın tutadı. Ol tómendegishe anıqlanadı.

$$\pi = TR - TC$$

Bul jerde:

π (profit) – payda;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*TR* (total revenue) — ónimdi satıwdan alınǵan ulıwma dáramat (túsim);

*TC* (total cost) — ulıwma qárejetler.

**Payda** — kárxana pul dáramatlarınan barlıq qárejetler shıǵarıp taslanǵannan keyin qalǵan oń ayırmashılıq.

Joqarıdaǵı mısalda kórsetip ótilgenindey, siziń kárxanańızda dápter islep shıǵarıwdıń bir aylıq qárejetleri 60 mln. sumdı quraǵan bolsın. Onday jaǵdayda, kárxanańızdıń bir aylıq paydası 40 mln. sum (100 mln. — 60 mln) ǵa teń boladı.

Usı jerde aytıp ótiw kerek, paydaǵa erisiw ushın pul dáramatları qárejetlerden kóp bolıwı, yaǵnıy olardıń arasındaǵı ayırmashılıq unamlı áhmiyetke iye bolıwı kerek. Sebebi, ayırım jaǵdaylarda qárejetler pul dáramatlarınan asıp ketip, nátiyje keri kórsetkishke iye bolıwı da múmkin. Bul jaǵday zıyan dep ataladı. Máselen, kárxanańızdıń bir aylıq pul túsimi 100 mln. sum bolǵan jaǵdayda, qárejetlerińiz 110 mln. sumdı qurasa, siz payda ornına 10 mln. sumlıq zıyan kórgen bolasız. Sonıń ushın kárxana qárejetlerin turaqlı túrde qadaǵalap barıw zárúr bolıp esaplanadı.

## PAYDANÍŃ BÓLISTIRILIWI

Siziń kárxanańızdıń dáslepki finanslıq nátiyjesi ulıwma payda kórinisinde boladı. **Ulıwma payda** — bul ulıwma dáramat yaki túsimnen óndiris qárejetleriniń ayırmashılıǵı. Biraq siz ele ulıwma paydanı tolıq ózińiz qálegenińizge sarplay almaysız. Bunıń ushın, dáslep, kárxana ulıwma paydasın bólistiriw zárúr boladı.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Birinshi gezekte ulıwma paydadan basqa ekonomikalıq subyektlerge hár túrli tólemler ámelge asırıladı. Bul tólemlerge basqalardıń jer hám imaratlardan paydalanǵanlıǵı ushın ijara haqı, qarızǵa alınǵan pul qarjıları ushın tólenetuǵın procentti kirgiziwge boladı. Bunnan basqa, kárxanalar mámleket hám jergilikli hákimiyat organları byudjetine salıqlar tóleydi, hár túrli qayırqomlıq hám basqa fondlarǵa qarjılar kirgizedi. Qarjılardıń qalǵan bólimi kárxana sap paydasın quraydı.




Óz gezeginde sap payda da bólistiriledi. Sap paydadan kárxananıń óndiris hám sociallıq zárúrliklerge, sonday-aq, toplaw (óndiristi keńeyttiriw)ǵa, qorshaǵan-ortalıqtı qorǵaw, xızmetkerlerdi tayarlaw hám qayta tayarlaw hám basqa maqsetlerge sarplanadı.

## EKONOMIKALÍQ PAYDA HÁM BUXGALTERIYA PAYDASÍ

Aldıńǵı temalarda ishki hám sırtqı qárejetlerdiń óz ara ayırmashılıǵın kórip shıqqan edik. Bunnan kelip shıǵıp, ekonomikalıq payda hám buxgalteriya paydasın óz ara ayırıw kerek.

**Ekonomikalıq payda** — ulıwma pul túsimi menen barlıq ishki hám sırtqı qárejetlerdiń ayırmashılıǵı.

**Buxgalteriya paydası** — ulıwma pul túsimi menen sırtqı qárejetlerdiń ayırmashılıǵı.

Sonıń ushın buxgalteriya paydası ekonomikalıq paydadan ishki qárejetler muǵdarına kóbirek bolıp tabıladı.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kárxananıń ulıwma pul túsimi quramındağı ulıwma hám buxgalteriya qárejetleri hám de paydasınıń ayırmashılığın tómendegi súwretlew arqalı anıǵıraq kóz aldıńızǵa keltiriwińiz múmkin.

Ekonomikalıq payda = Ulıwma pul túsimi − Sırtqı qárejetler − Ishki qárejetler

## RENTABELLIK

Siziń kárxanańızdıń xızmeti finanslıq nátiyjelerin bahalaw ushın payda alıwdıń ózi jeterli emes. Sebebi, alınǵan payda kólemi kárxananıń xızmetiniń kólemi haqqında tolıq maǵlıwmat bere almaydı. Sonlıqtan, payda kólemin onı alıw maqsetinde ámelge asırılǵan óndiris qárejetlerine salıstırılıwı finanslıq nátiyjesin durıs bahalaw imkanın beredi. Bul kórsetkish rentabellik dep ataladı.

**Rentabellik** — payda kóleminiń óndiris qárejetlerine qatnasınıń procenttegi ańlatpası.

Siz ózińizdiń kárxanańız xızmeti rentabelligin esaplamaqshı bolsańız, ol jaǵdayda tómendegi formuladan paydalanıwıńız múmkin:

$$R = \frac{Pr}{TC} \times 100\%$$

Bul jerde: $R$ — rentabellik; $Pr$ — payda kólemi; $TC$ — óndiris qárejetleri.

Aytayıq, siziń kárxanańızda dápter islep shıǵarıwdan alınǵan payda kólemi 24 mln. sumdı, óndiris qárejetleri bolsa 60 mln. sumdı qurasa, rentabellik dárejesi 40% (24 mln. sum/60 mln. sum) × 100%) ti quraydı.

Rentabellik islep shıǵarılıp atırǵan ónim kólemine durıs sáykes hám de óndiris qárejetlerine keri sáykes bolıp tabıladı. Sonıń ushın rentabellik kárxananıń jumıs nátiyjeliliginiń integral kórsetkishi bolıp esaplanadı.

Paydanıń artıwına, shıǵarılıp atırǵan ónimnıń ulıwma kólemi ózgermegen jaǵdayda eki jol menen: 1) óndiris qárejetlerin azaytıw esabınan; 2) bahanı kóteriw esabınan erisiw múmkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## ÓNDIRISTIŃ ZÍYANSÍZ NOQATÍ

Isbilermen óziniń xızmetin nátiyjeli júrgiziwi ushın óndiris qárejetleri hám ónim satıw kólemi arasındaǵı qatnasqa itibar qaratıwı kerek. Bunıń ushın ol óndiristiń zıyansız noqatın anıqlawı zárúr.

**Óndiristiń zıyansız noqatı** — bul ónim satıwdan alınǵan dáramatlar óndiris qárejetlerin tolıq qaplaǵan jaǵday. Bul noqatta payda kólemi nolge teń boladı.

Ónim kólemin óndiristiń zıyansız noqatınan artıwı — payda alıwǵa, tómenlewi bolsa — zıyan kóriwge alıp keledi. Óndiristiń zıyansız noqatın anıqlaw ushın isbilermen óziniń turaqlı hám ózgermeli qárejetleri kólemin biliwi kerek. Usı qárejetler mazmunı menen siz 18-temada tanısqansız.

Zıyansız noqatın eki túrli — natural hám qun ólshemlerinde esaplaw múmkin. Natural ólshemdegi óndiris kóleminiń zıyansız noqatı tómendegi formula arqalı esaplanadı:

$$BEP_{\text{u}} = \frac{FC}{P - AVC}$$

Bul jerde:

$BEP_u$ (break-even point in units) — natural ólshemdegi óndiristiń kóleminiń zıyansız noqatı;

$P$ — ónimniń bahası;

$AVC$ — ónim birligine tuwrı keliwshi ózgermeli qárejetler;

$FC$ — turaqlı qárejetler.

Aytayıq, kárxanada FC — 300 000 sumdı, AVC — 320 sumdı quraydı. Eger ónim bahası 400 sum bolsa, kárxana tek óziniń qárejetlerin qaplawı ushın 3750 dana ónim islep shıǵarıwı kerek boladı. Ónim islep shıǵarıw hám satıw kólemin usı muǵdardan asırıw payda alıw ushın imkan jaratadı.

Qun ólshemindegi óndiris kóleminiń zıyansız noqatı tómendegi formula arqalı esaplanadı:

$$BEPv = \frac{TR \times FC}{TR - VC}$$



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bul jerde:

$BEP_v$ (break-even point in value) — qun ólshemindegi óndiris kóleminiń zıyansız noqatı;

$TR$ — ónimdi satıwdan túsken túsim;

$VC$ — turaqlı qárejetler.




Joqarıdağı mısal mağlıwmatlarınan kóremiz, ónim islep shığarıwdıń qun ólshemdegi zıyansız noqatı $BER_v = 400 \times 3750 \times 300\ 000/(400 \times 3750 - 320 \times 3750) = 1\,500\,000$ sumdı quraydı.

## BANKROTLÍQ

Eger siziń kárxanańız xızmetiniń finanslıq nátiyjeleri úzliksiz zıyan menen juwmaqlanatuğın bolsa, ol jağdayda bankrotlıq yamasa ekonomikalıq jaqtan tómenlew jağdayı júzege keliwi múmkin. Kárxananı bankrot dep tabıw ushın bankrotlıq belgileri júzege keliwi kerek. Nızamğa muwapıq, kárxananıń úsh ay dawamında óz qarızları hám májbúriy tólemler boyınsha minnetlemesin orınlay almawı onıń bankrotlıq belgileri dep kórsetiledi.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Kárxana paydası qalay anıqlanadı?
2. Kárxana paydası qalay bólistiriledi?
3. Kárxana paydasın arttırıwdıń qanday jolları bar?
4. Óndiristiń zıyansız noqatı qalay anıqlanadı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 21-TEMA ISBILERMENLIKTI SALÍQQA TARTÍW

Barlıq biznes toparları ushın salıqtı azaytıw hám qolaylastırıw, usı tiykarda óndiristi hám salıqqa tartılatuǵın bazanı keńeyttiriw zárúr.

Ózleriniń zárúrligi ushın obyektler qurıp atırǵan, jańadan shólkemlestirilgen kishi hám orta isbilermenlik subyektlerine birden-bir salıq tólemin belgili múddetke keshiktiriw huqıqın beriw dárkar. Sonday-aq, kishi kárxanalar ushın qosımsha qun salıǵı tólewge ótiwdi xoshametlew shárt.

***Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoev***

## SALÍQLAR HÁM BASQA MÁJBÚRIY TÓLEMLER

Ózbekstan Respublikasınıń jańa redakciyasındaǵı «Isbilermenlik xızmeti erkinliginiń kepillikleri haqqında»ǵı nızamı 9-statyasında isbilermenlik xızmeti subyektleriniń minnetlemeleri qatarında salıqlar hám basqa májbúriy tólemlerdi tólewi belgilep qoyılǵan. Salıq kodeksinde salıqlar hám basqa májbúriy tólemler túsinikleri mazmunı tómendegishe kórsetip ótilgen.

Salıqlar degende usı Kodekste belgilengen, belgili muǵdarlarda óndiriletuǵın, turaqlı, qaytarıp berilmeytuǵın hám ǵárezsiz ózgesheliklerge iye bolǵan, byudjetke baǵdarlanatuǵın májbúriy pul tólemleri túsiniledi.

Basqa májbúriy tólemler degende usı Kodekste belgilengen mámeleketlik maqsetli qorlarına májbúriy pul tólemleri, bajıxana tólemleri, sonday-aq wákillikke iye organlar hám de lawazımlı shaxslar tárepinen yuridikalıq áhmiyetke iye háreketlerdi tólewshilerge salıstırmalı ámelge asırıw ushın, sonıń qatarında belgili huqıqlardı yamasa licenziyalar hám basqa ruqsat beriwshi hújjetlerdi beriw ushın tóleniwi kerek bolǵan jıyımlar, mámleketlik bajı dep túsiniledi.

***Ózbekstan Respublikası Salıq kodeksi, 12-statya***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Demek, salıq — bul mámlekettiń óziniń wazıypaların ámelge asırıwı ushın zárúr bolǵan finanslıq qarjılardı qáliplestiriw maqsetinde fizikalıq hám huqıqıy shaxslardan byudjetke májbúriy tólemlerdi óndiriw túri.

## SALÍQ SALÍWDÍŃ ULÍWMA BELGILENGEN HÁM ÁPIWAYÍLASTÍRÍLǴAN TÁRTIBI

Óziniń isbilermenlik xızmetin baslaǵan hárbir isbilermen salıqlardı esaplaw hám tólew boyınsha jeterli bilimge iye bolıwı kerek. Sebebi, salıqlar óziniń xarakterine muwapıq isbilermen ushın qárejet mazmunına iye bolıp, onıń finanslıq nátiyjelerine sezilerli tásir kórsetedi. Sonlıqtan, ózi tóleytuǵın salıqlardı aldınnan rejelestirmew isbilermenlik xızmetine de unamsız tásir kórsetiwi múmkin.

Eń dáslep isbilermen ózi ushın salıq salıwdıń qanday tártibinen paydalanıw maqullıǵın anıqlap alıw kerek. Ulıwma alǵanda, isbilermenlik subyektleri eki túrli kóriniste salıqqa tartılıwı múmkin:

1) ulıwma belgilengen tártipte;
2) ápiwayılastırılǵan tártipte.

Birinshi tártip barlıq ulıwma belgilengen salıqlardı esaplap shıǵarıw hám tólewde qollanıladı. Bunda hárbir salıq túri boyınsha óz aldına esap-kitap isleri ámelge asırıladı hám belgilengen múddette salıq summası tólep barıladı.

Ekinshi tártip ayırım salıq tólewshilerdi qollap-quwatlaw, xoshametlew, olarǵa belgili shárt-sharayat hám jeńillikler jaratıw maqsetinde qollanıladı. Bunda ulıwma belgilengen salıqlardıń barlıǵı yamasa birneshesi ornına basqa ulıwmalastırılǵan salıq túri engiziliwi múmkin.

**Salıq salıwdıń ápiwayılastırılǵan tártibi** — salıq salıwdıń ayırım taypadaǵı salıq tólewshiler ushın belgilenetuǵın hám de ayırım túrdegi salıqlardı esaplap shıǵarıw hám tólewdiń, sonday-aq olar ústinen salıq esabatın usınıwdıń arnawlı qaǵıydalarınıń qollanılıwın názerde tutıwshı ayrıqsha tártibi.

***Ózbekstan Respublikası Salıq kodeksi, 22-statya.***

Hár eki tártipte qollanılıwshı salıqlar hám basqa májbúriy tólemlerdiń túrlerin kórip shıǵamız.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## ULÍWMA BELGILENGEN SALÍQLAR HÁM BASQA MÁJBÚRIY TÓLEMLERDIŃ TÚRLERI

Salıq kodeksiniń 23-statyasında Ózbekstan Respublikası aymaǵında háreket etiwshi ulıwma belgilengen salıqlar hám basqa májbúriy tólemlerdiń túrleri sanap ótilgen. Sonıń ishinde, ulıwma belgilengen salıq túrlerine tómendegiler kirgizilgen.

**Ulıwma belgilengen salıq túrleri**

- Yuridikalıq shaxslardan alınatuǵın payda salıǵı
- Fizikalıq shaxslardan alınatuǵın dáramat salıǵı
- Qosımsha qun salıǵı
- Akciz salıǵı
- Jer astınan paydalanıwshılar ushın salıqlar hám arnawlı tólemler
- Suw resurslarınan paydalanǵanlıǵı ushın salıq
- Mal-múlk salıǵı
- Jer salıǵı
- Benzin, dizel janarmayı hám gaz jumsalǵanlıǵı ushın salıq

Sonday-aq, ulıwma belgilengen májbúriy tólem túrleri tómendegilerden ibarat ekenligi belgilep berilgen.

**Májbúriy tólem túrleri**

- Mámleketlik maqsetli qorlarına májbúriy tólemler
  - birden-bir sociallıq tólem
  - byudjetten tısqarı Pensiya fondına puqaralardıń qamsızlandırıw tólemleri
  - mámleketlik maqsetli qorına májbúriy ajıratpalar
- Mámleketlik bajı
- Bajıxana tólemleri
- Usaqlap sawda etiw hám xızmetler kórsetiw huqıqı ushın jıyım



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sizler ulıwma belgilengen salıqlar tiykarǵı túrleriniń mazmunı hám olardı tólew tártibi menen 8-9-klaslarda ótilgen «Ekonomikalıq bilim tiykarları» páninde tanısqansız.

## ÁPIWAYÍLASTÍRÍLǴAN TÁRTIPTE TÓLENETUǴÍN SALÍQLAR

Salıq salıwdıń ápiwayılastırılǵan tártibi salıq tólewshilerdiń ayırım taypaları ushın qollanıladı hám birden-bir salıq tólemin, birden-bir jer salıǵın hám de isbilermenlik xızmetininń ayırım túrleri boyınsha qatań belgilengen salıqtı esaplap shıǵarıw hám de tólewdiń arnawlı qaǵıydaları qollanılıwın, sonday-aq, bul salıqlar boyınsha salıq esabatı usınıs etiliwin názerde tutadı.

**Ápiwayılastırılǵan tártipte tólenetuǵın salıqlar**

- Birden-bir salıq tólemi
- Birden-bir jer salıǵı
- Isbilermenlik xızmetiniń ayırım túrleri boyınsha qatań belgilengen salıq

Salıq salıwdıń ápiwayılastırılǵan tártibi óz mazmunına qaray isbilermenler ushın jeńillik bolıp esaplanadı. Biraq usı tártip isbilermen ushın hárqanday sharayatta da birdey mápte bolmawı múmkin. Sonlıqtan, isbilermenge salıq salıwdıń qaysı tártibinen paydalanıwdıń qálegenin tańlaw huqıqı beriledi.

### BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Ne ushın hárbir isbilermen salıqlardı esaplaw hám tólew boyınsha jeterli bilimge iye bolıwı kerek?
2. Isbilermenlik subyektlerin salıqqa tartıwdıń qanday kórinisleri bar?
3. Salıq salıwdıń ulıwma belgilengen tártibi neni ańlatadı?
4. Salıq salıwdıń ápiwayılastırılǵan tártibi mazmunı neden ibarat?
5. Ulıwma belgilengen salıq túrlerine neler kiredi?
6. Májbúriy tólem túrleri nelerden ibarat?
7. Salıq salıwdıń ápiwayılastırılǵan tártibi qaysı salıq túrlerin óz ishine aladı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# IV BAP ISBILERMENLIK NÁTIYJELERINIŃ TIYKARLARÍ

## 22-TEMA ISBILERMENLIKTE MARKETING

### MARKETINGTIŃ MAQSET HÁM WAZÍYPALARÍ

**Marketing** — bazar talapların úyreniwge tiykarlanǵan jaǵdayda ónim islep shıǵarıw hám satıwdı shólkemlestiriw.

Marketingtiń zamanagóy koncepciyası bazar ushın zárúr bolǵan hám bazarda satıw múmkin bolǵan tovarlardı zárúr kólemde óndiristi shólkemlestiriw principine tiykarlanadı.

**Marketingtiń maqseti** — tutınıwshılar talabın maksimal dárejede qanaatlandırıw arqalı joqarı payda alıw hám de tovar satıwdıń eń joqarı kólemin támiyinlew.

Bul maqsetke **marketingtiń tómendegi wazıypaları** arqalı erisiledi:

— tovar hám xızmetlerge bazar talabı hám onı qanaatlandırıw menen baylanıslı mashqalalardı úyreniw;
— bazardaǵı báseki hám básekileslerdi úyreniw;
— tovar satıwdıń nátiyjeli usılların anıqlaw;
— talapqa muwapıq jaǵdayda tovar islep shıǵarıwdı rejelestiriw;
— tovar bahasın durıs qáliplestiriw;
— tovar hám xızmetler haqqındaǵı xabar menen támiyinlew.

### MARKETING IZERTLEWI

Marketingtiń óziniń wazıypaların nátiyjeli orınlawı marketing izertlewi arqalı ámelge asırıladı.

**Marketing izertlewi** — bazardı úyreniw boyınsha marketing ilajlarınan biri bolıp, óndiris hám bazarda satıw kózde tutılǵan tovarlar haqqındaǵı maǵlıwmatlardı jıynaw, analizlew, qayta islew proceslerin óz ishine aladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Marketing izertlewi nátiyjeleri tiyisli qarar qabıllaw ushın kárxana basshısına keste, sızılma hám grafikler kórinisinde usınıladı.

Marketing izertlewiniń zárúrligi hám áhmiyeti sonnan ibarat, isbilermenge qanday da bir xızmet penen shuǵıllanıwdıń maqsetke muwapıqlıǵı tek onı ámelge asırıp bolǵannan keyin ǵana belgili bolıwı múmkin. Biraq bul jaǵdayda onıń zıyan kóriw itimalı júdá úlken boladı. Bunday jaǵdaydıń aldın alıwdıń isenimli hám birden-bir jolı — marketing izertlewin ótkeriw.

Marketing izertlewi tutınıwshılardıń talabı, talǵamı, qanday da bir tovardı abzal kóriwi, onı tańlawdıń ózine tán ózgeshelikleri hám basqa usı sıyaqlı táreplerin anıqlawǵa járdem beredi.

## MARKETING IZERTLEWIN ÓTKERIW BASQÍSHLARÍ

Marketing izertlewiniń nátiyjesi onı ótkeriw basqıshlarınıń sıpatına baylanıslı. Marketing izertlewiniń tiykarǵı basqıshların tómendegishe súwretlep kórsetiw múmkin.




Hárbir basqıshqa óz aldına toqtap ótemiz.

## MARKETING IZERTLEWINIŃ MAQSETIN ANÍQLAW HÁM WAZÍYPALARÍN QOYÍW

Marketing izertlewinen ne kútiledi — bunı anıq kóz aldımızǵa keltiriw maqsetti anıqlap alıwdı talap etedi. Maqsetke qarap, oǵan erisiwdi támiyinlewshi wazıypalar belgilep alınadı. Sonday-aq, házir usı basqıshta isbilermenlikti shólkemlestiriw boyınsha shamalawlar alǵa súriledi.

Máselen:



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— mektep janında tez tayarlanatuǵın awqatlıq ónimleri dúkánın ashıw úlken payda keltiredi;

— tayarlanǵan ónimlerdi oqıwshılardıń klass bólmelerine jetkerip beriw usılınan paydalanıw satıw kólemin keskin arttıradı hám t.b.

Marketing izertlewi dawamında usı shamalawlardıń durıs yaki durıs emesligi anıqlanadı.

## MARKETING IZERTLEW REJESIN ISLEP SHÍǴÍW

Marketing izertlewi dawamında ámelge asırılatuǵın is-háreketlerdiń anıq jıynaǵı onıń rejesin kórsetedi. Rejede, eń dáslep, tómendegi tárepler bayan etiledi:

**1) marketing izertlewin ámelge asırıw boyınsha mashqalalar.**

Máselen:

— mektep oqıwshılarında tez tayarlanatuǵın awqat ónimlerine talaptıń bolǵanlıǵı haqqında maǵlıwmattıń joqlıǵı;

— mektep basshısınıń tayarlanǵan ónimlerdi klass bólmelerine alıp kiriwge ruqsat beriw yamasa bermewiniń anıq emesligi hám t.b.;

**2) maqsetli topar, yaǵnıy ónimniń potencial qarıydarları.** Bul orında siziń maqsetli toparıńız usı mektep oqıwshıları esaplanadı. Siz olardıń bul boyınsha pikirlerin úyreniwińiz kerek. Biraq barlıq mektep oqıwshıları menen birme-bir gúrrińlesip shıǵıw júdá kóp waqıt talap etedi. Sonlıqtan, siz olardıń belgili bir bóliminen, aytayıq, hárbir klastan bir oqıwshıdan soraw ótkeriw arqalı pikirin biliwińiz kerek;

**3) izertlew xarakteri.** Izertlew xarakteri tómendegishe bolıwı múmkin:

— tanıstırıwshı (mashqala hám onıń sheshimi boyınsha dáslepki maǵlıwmatlardı jıynaw);

— sıpatlawshı (anıq cifrlardı tastıyıqlaw yamasa biykar etiw);

— eksperiment (hádiyseler arasındaǵı sebep-aqıbet baylanısların túsindiriw. Máselen, ónimlerdi klass bólmelerine jetkerip beriw satıw kólemine qanday tásir kórsetedi);

**4) marketing izertlewin ótkeriw menen baylanıslı qárejetlerdi bahalaw.** Ádette, bul qárejetlerdi pul yamasa waqıt kórinisinde kórsetiw múmkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MARKETING IZERTLEWI BOYÍNSHA MAǴLÍWMAT TOPLAW

Maǵlıwmatlar eki túrde — birlemshi hám ekilemshi boladı. Birlemshi maǵlıwmatlar usı waqıtqa shekem bolmaǵan maǵlıwmatlar esaplanıp, olar tómendegi dereklerden alınadı:

— izertlenip atırǵan mashqala boyınsha óz pikirine iye bolǵan máslàhátshi yamasa ekspertler;

— izertlenip atırǵan mashqala qatnasıwshıları háreketlerin baqlaw;

— soraw arqalı úyreniw hám eksperiment.

Ekilemshi maǵlıwmatlarǵa alınǵan maǵlıwmatlardı analizlew arqalı keltirip shıǵarılǵan maǵlıwmatlar kiredi.

## ALÍNǴAN MAǴLÍWMATTÍ ANALIZLEW

Marketing izertlewin ótkeriw nátiyjesinde alınǵan maǵlıwmatlar analizlenip shıǵıladı. Analiz arnawlı usıllar arqalı ámelge asırılıp, kópshilikke túsinikli bolıwı ushın keste, diagramma, grafik kórinislerinde rásmiylestiriledi.

## IZERTLEW NÁTIYJELERI BOYÍNSHA PREZENTACIYA TAYARLAW

Siz ótkerilgen marketing izertlewi nátiyjelerin mápdar táreplerge — basshı, investorlar, biznes-birge islesiwshiler, bank xızmetkerleri hám basqa qánigeler itibarına jetkeriwińiz kerek boladı. Óz pikir hám juwmaǵıńızdı tıńlawshıǵa anıq, túsinikli hám qızıqlı jaǵdayda jetkeriw — baslaǵan jumısıńızdıń nátiyjesiniń girewi esaplanadı.

**BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!**

1. Isbilermenlik xızmetinde marketingtiń ornın túsindirip beriń.
2. Marketingtiń zamanagóy koncepciyasınıń mazmunı neden ibarat?
3. Marketingtiń maqsetin túsindirip beriń.
4. Marketingtiń qanday wazıypaları bar?
5. Marketingtiń tiykarǵı principlerin esapqa alıw ne ushın zárúr dep oylaysız?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 23-TEMA TOVARLARDI SATÍW HÁM REKLAMA

### TOVARDÍ SATÍW TÚRLERI

Bazar ekonomikası sharayatında tovardı islep shığarıw tiykarğı mashqala emes. Tiykarğı mashqala — tovardı satıw bolıp esaplanadı. Sebebi, kúshli báseki sharayatında tovardı maqul baha dárejesinde satıw ushın júdá kúshli bilim, sheberlik hám tájiriybe kerek boladı. Bunıń ushın tovardı satıw túrlerin biliwińiz zárúr.

Eger siz tovarlardı satıwdı usaqlap satıw sawda shaqapshası arqalı shólkemlestirmekshi bolsańız, onı tómendegi sxemada kórsetilgen túrlerinen paydalanıwıńızğa boladı.




### ÁPIWAYÍ TOVARLARDÍ SATÍW TÚRLERI

Eger siz kúndelikli ruwzıgershilikte qollanılatuğın, standart yamasa texnikalıq jaqtan ol dárejede quramalı bolmağan tovarlardı satpaqshı bolsańız, ol jağdayda sawdanı **ózine ózi xızmet kórsetiw** túrinde shólkemlestiriwińizge boladı. Bunda qarıydarlar arnawlı stollarğa jaylastırılğan tovarlardı ózleri kórip, tańlap, olardı satıp



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

alıwdı qálegen jaǵdayda esap-kitap ámelge asırılatuǵın orınǵa alıp keledi. Bunıń qolay tárepi — qarıydardıń ózine erkin tańlaw imkaniyatı jaratılıp, oǵan tikkeley xızmet kórsetiw waqtı tejeledi. Házir kóplegen supermarketlerde tovarlardı satıw tap sonday formada shólkemlestirilgen.

Eger siz hárqashan satıwda bolmaytuǵın, sheklengen tovarlar menen sawda etseńiz, ol jaǵdayda klientlerden **tovarlardı aldınnan buyırtpa qabıl etken jaǵdayda satıwdı** jolǵa qoyıwıńız múmkin. Usınday jaǵdayda qarıydarlar ózleri ushın zárúr bolǵan tovardı aldınnan buyırtpa etedi. Buyırtpalar kelisilgen múddette magazinnen alınıwı yamasa úy, jumıs ornına jetkeriliwi múmkin. Qolaylıǵı: qarıydar tovardı óz waqtında hám kepillengen tárizde satıp aladı; satıwshı turaqlı klientke iye bolǵan jaǵdayda, kepillikli satıw múmkinshiligine iye boladı.

Quramalı hám báseki kúshli bolǵan sharayattaǵı tovarlardı satıwda klient húrmetine iye bolıwdıń nátiyjeli jolı — **jeke tártipte xızmet kórsetiw** bolıp tabıladı. Bunda siz tovar satıwdı hárbir qarıydarǵa óz aldına xızmet kórsetiw formasında shólkemlestiresiz. Qarıydarǵa tovarlardı tańlawda járdemlesip, tovardan paydalanıw boyınsha másláhátler beresiz, tovardı upakovkalap, qarıydarǵa beresiz. Sonday-aq, qarıydar menen esap-kitap etiwdiń barlıq túrleri, satıwdan keyingi xızmet kórsetiw, qarıydardıń qálewine qarap mánzilge jetkerip beriw, tovar qaytarılǵan jaǵdayda qabıl etip alıwdı da jolǵa qoyasız.

Eger siz xızmet kórsetiw texnika quralları, mebel hám basqa úskenelerdi satpaqshı bolsańız, **erkin kórsetiwge qoyǵan jaǵdayda satıw** túrinen paydalanǵanıńız maqul. Sawda maydanshasına qoyılǵan tovarlar menen qarıydar óz betinshe tanısıp shıǵadı, zárúr jaǵdaylarda siz ol tańlaǵan tovardıń sapasın tekserip, másláhátler beresiz, tovardı orap, qarıydarǵa beresiz.

## QURAMALÍ TOVARLARDÍ SATÍW TÚRLERI

Eger siziń tovarlarıńız kólemi jaǵınan úlken, tasıw qıyın bolsa, ol jaǵdayda **tovarlardıń úlgileri boyınsha satıw** túrinen paydalanıw qolay. Qarıydarlar óz betinshe yamasa satıwshı baqlawında sawda zalına qoyılǵan úlgiler menen tanısıp shıǵadı. Tovar tańlanıp hám haqı tólep bolınǵannan keyin siz tovardı magazin skladınan qarıydarǵa alıp kelip yamasa onıń úyine jetkerip beriwińiz múmkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Házirgi baylanıs texnologiyaları rawajlanǵan sharayatta **telefon arqalı satılıw** nátiyjeli formalarınan biri bolıp esaplanadı. Usı forma tovarlardı satıwdıń tez, erkin forması bolıp, bunda satıwshı klientlerdi telefon arqalı reklama etiw quralında qatnastıradı.

Siz quramalı ónim yamasa xızmetler, máselen, injiniring xızmetleri, qurılıs, xabar texnologiyaları ónimleri ushın **másláhát beriw arqalı satıw** formasın tańlawıńız durıs esaplanadı. Bunda siz satıwshı sıpatında qánige-másláhátshilerdi qatnastırıp, olar qarıydarlarǵa tovar haqqında zárúr maǵlıwmatlardı jetkeriw kerek boladı.

**Óz ara dodalaw tiykarında satıwda** tovar boyınsha pikirler tıńlanadı, satıwshı hám qarıydar arasında óz ara túsiniw, ulıwma kózqaras sezimin qáliplestiriwge háreket etiledi.

## TOVARDÍ SATÍW BASQÍSHLARÍ

Siz tovar satıwdı nátiyjeli ámelge asırmaqshı bolsańız, onıń hárbir basqıshına itibar qaratıwıńız kerek.

**Qatnasıqqa kirisiw hám baylanıs ornatıw.** Satıwdıń dáslepki basqıshı bolǵan bul process házirgi waqıtta onıń nátiyjesin de belgilep beredi. Siz qarıydar menen qatnasıqqa kirisseńiz, eń dáslep onıń isenimine kiriwińiz kerek. Qarıydar siziń sózlerińizden hárqanday jaǵdayda da óziniń tovarın satpaqshı bolǵan adamdı emes, al óz qálewin tolıq túsiniwge háreket etip atırǵan sherikti kóz aldına keltiriwi kerek. Keri jaǵdayda, bul basqıshtıń ekinshi bólimi — baylanıs ornatıw ámelge aspaydı. Durıs, itimal qarıydar siziń tovarıńızdı satıp alar, biraq ol siziń turaqlı klientińiz hám birge islewshińizge aylanbay qalıwı múmkin.

Sonlıqtan, qarıydardı **tıńlaw hám zárúrligin anıqlaw** áhmiyetli bolıp esaplanadı. Siz qarıydardı óz qálewin tolıq kórsetiwge imkan beriń hám onı dıqqat penen tıńlap atırǵanıńızǵa isendiriń. Bálkim, qarıydar óz zárúrligin jeterli dárejede kórsete almaydı. Siz onıń zárúrligin durıs anıqlawǵa háreket etiń.

Qarıydar zárúrligi anıqlanǵannan keyingi basqısh — oǵan **tovardı kórsetiw hám dáliller keltiriw** bolıp esaplanadı. Sebebi, qarıydarda haqıyqattan da óz zárúrligindegi tovar kórsetilgenine gúman bolıwı múmkin. Bul boyınsha dáliller qarıydardı hárqanday jaǵdayda da durıs tovar tańlanǵanına isendiriwge emes, al tovardı onıń zárúrligine



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

sáykes ekenligin kórsetiwshi qosımsha maǵlıwmatlar keltiriwge xızmet etiwi kerek.

Qarıydar tárepinen qarsılıq bildiriliwine imkan jaratıw zárúr. Bul boyınsha durıs jol — **qarsılıqqa juwap qaytarıw** bolıp esaplanadı. Biraq juwap qarıydardıń tovar boyınsha gúman hám qarsılıǵına tiykarlı hám de haqıyqat bolıwı kerek.

Joqarıdaǵı basqıshlardıń durıs ámelge asırılıwınıń juwmaqlaw basqıshı — **satıwdı ámelge asırıwǵa** imkan jaratadı. Siz tárepińizden tovardı satıw formaları hám basqıshların durıs jolǵa qoyılıwı tek satıw kólemin asırıp emes, al turaqlı klientler ortalıǵıńızdı qáliplestiriwge imkan jaratadı.

## REKLAMANÍŃ WAZÍYPALARÍ

**Reklama** latınsha sóz bolıp, «*reclamo*» — baqıraman, jar salaman, degen mánilerdi ańlatadı. Keńirek mániste bolsa, hár túrli jollar menen ǵalaba daǵazalaw, bildiriw, hámmeniń dıqqatın tartıw ushın islengen is-háreketler.

Reklama **marketing, xabar beriw, bilim beriw, ekonomikalıq hám sociallıq wazıypalardı orınlaydı.**

### BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Ápiwayı tovarlardı satıw quramalı tovarlardı satıwdan nesi menen ajıraladı?
2. Tovardı satıwdıń qaysı túrleri sizge belgili edi? Endi jáne qanday túrlerin bilip aldıńız?
3. Tovardı satıwdıń hárbir túrine mısal keltiriń. Siz bilgen magazinlerde tovardı satıwdıń qaysı túrlerinen paydalanıladı?
4. Tovardı satıwdıń qanday basqıshları bar?
5. Sizińshe, átirapıńızdaǵı sawda shaqapshalarında tovardı satıwdıń qaysı basqıshlarına jeterli itibar qaratılmaydı? Pikirińizdi túsindiriń.
6. Reklama qanday wazıypalardı orınlaydı?
7. Házir Ózbekstanda reklamanıń qaysı wazıypası keńirek rawajlanǵan?
8. Mámleketimizdegi qaysı reklama kompaniyaların bilesiz?
9. Aytayıq, siz óz isbilermenlik xızmetińizdi reklama etpekshi boldıńız. Qanday usıllardan paydalanǵan bolar edińiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 24-TEMA KÁRXANANÍ BASQARÍW

Jedel isbilermenlik biznes xızmetin innovaciyalıq, yaǵnıy zamanagóy qatnas jasawlar, aldıngı texnologiya hám basqarıw usılları tiykarında shólkemlestirilgen ekonomikalıq baǵdarlar.

*Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoev*

## MENEDJMENTTIŃ MAQSETI HÁM WAZÍYPALARÍ

Siz isbilermen bolıwıńız ushın kóplegen ózgeshelikler menen bir qatarda basqarıw qábiletine de iye bolıwıńız kerek. Isbilermenlik xızmetin basqarıwdıń zamanagóy sisteması sıpatında menedjment úlken áhmiyetke iye.

**Menedjment** — kárxana xızmetin nátiyjeli júrgiziw maqsetinde onı basqarıwdıń usılları hám principleriniń jıynaǵı.

Menedjmenttiń tiykarǵı maqseti kárxana xızmeti rentabelligin hám onıń bazardaǵı turaqlı jaǵdayın támiyinlew bolıp esaplanadı. Sonlıqtan, menedjmenttiń tómendegi wazıypaların ajıratıp kórsetiwge boladı:

— kárxana imkaniyatlarınan kelip shıqqan jaǵdayda bazar talaplarına say ónim (xızmet)ler islep shıǵarıwdı shólkemlestiriw;

— óndiriske joqarı qánigeli xızmetkerlerdi tartıw;

— xızmetkerlerdiń jumıs sharayatı, miynetine haqı tólewdi jaqsılaw arqalı olardıń miynet ónimdarlıǵın arttırıw;

— kárxananı orta hám uzaq múddetli dáwirde rawajlandırıw jolların anıqlaw;

— kárxananıń hárbir bólimi xızmet nátiyjeliligin támiyinlew maqsetinde belgilengen wazıypalardıń orınlanıwın turaqlı qadaǵalaw.

## MENEDJMENT SUBYEKTI HÁM OBYEKTI

Menedjment haqqında tolıǵıraq túsinikke iye bolıw ushın onıń subyekti hám obyektin ajıratıp alıw zárúr.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Menedjment subyekti** — bul belgilep alınǵan maqset hám wazıypanı ámelge asırıw ushın basqarıw tásirin kórsetiwshi insan yamasa adamlar toparı.

**Menedjment obyekti** — bul menedjment subyektiniń tásiri baǵdarlanǵan, ol tárepinen basqarılatuǵın barlıq nárseler.

Bunnan kóringenindey, menedjment subyekti sıpatında kárxana basshısı, hár túrli tarawlarǵa qánigelestirilgen qánigeler hám basqarıw tásirin ótkeretuǵın basqa shaxslar esaplanadı. Sonlıqtan, iri kárxanalardaǵı jallanba basqarıwshı-qánigeler menedjerler dep ataladı.




Menedjment obyekti kárxanadaǵı basqarıw xızmeti baǵdarlanǵan shaxslar, tarawlar, procesler hám basqalardan ibarat boladı.

## BASQARÍW FUNKCIYALARÍ

Hárqanday kárxananı basqarıwdıń mazmunı, onıń joqarıdaǵı belgilengen wazıypaları basqarıw funkciyaları arqalı anıq kórinedi.




Analiz — bul kárxana xızmetiniń jaǵdayın bahalaw hám básekiles kárxanalar jaǵdayı menen salıstırıw bolıp esaplanadı. Bunday bahalaw hártúrli dáwirler, máselen, ay, sherek, jıl ushın ámelge asırılıp, usı dáwirde kárxana jaǵdayında júz bergen ózgerisler anıqlanadı. Sonday-aq, analiz procesinde kárxana xızmet kórsetkishlerine tásir etiwshi faktorlar da anıqlanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Rejelestiriw — bul kárxana xızmetin rawajlandırıw maqsetlerin anıqlaw bolıp, ol anıq nátiyjeler arqalı kórinedi. Buǵan biznes-rejelestiriwdi mısal keltiriw múmkin. Puqta hám anıq rejelestirilgen xızmet nátiyjege erisiwdiń girewi bolıp esaplanadı.

Shólkemlestiriw — bul kárxananıń óz aldına bólimleri hám xızmetkerlerdiń háreketin óz ara muwapıqlastırıw procesi. Shólkemlestiriw arqalı kárxananıń belgili quramlıq dúzilmesi qáliplestiriledi. Sonday-aq, hár túrli dárejedegi xızmetkerlerdiń wazıypa hám minnetlemeleri óz ara beyimlestiriledi.

Qızıqtırıw (motivaciya) — bul kárxana tárepinen belgilep alınǵan maqsetlerge erisiwde xızmetkerlerdiń qızıǵıwların payda etiw procesi. Isbilermenniń basqarıw sheberligi óz qol astındaǵı xızmetkerlerdi birden-bir maqsetke qaray háreket etiwge iytermelewshi qurallardı tabıwı arqalı kórinedi.

Qadaǵalaw — bul kárxanada ámelge asırılıp atırǵan jumıslardıń tiyisli normalarına muwapıqlıǵın salıstırıw procesi. Qadaǵalaw úzliksiz proces bolıp, ol kárxana xızmetiniń barlıq basqıshlarındaǵı sıpatın tekseriwge baǵdarlanadı.

## KÁRXANANÍ BASQARÍWDÍŃ QURAMLÍQ BÓLIMLERI

Joqarıdaǵılardan kóringenindey, siz isbilermen sıpatında kárxananı basqarıwdıń tiykarǵı wazıypaların jolǵa qoya biliwińiz kerek. Eger kárxanańız onsha úlken bolmasa, bunı bir ózińiz islewińiz múmkin. Úlken kárxanalardı basqarıw salıstırmalı quramalı process bolıp, onı birneshe quramlıq bólimlerge ajıratıwǵa boladı.




Álbette, siz basshı sıpatında usı quramlıq bólimlerdiń hárbirin basqarıwdı tolıq hám sıpatlı ámelge asıra almawıńız múmkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sebebi, hárbir taraw ózine tán bilim hám kónlikpelerin talap etedi. Sonlıqtan, hárbir taraw tiyisli bilim hám kónlikpelerge iye qánigeler tárepinen qadaǵalanıp turıladı.

Máselen, tikkeley óndiris procesi injener hám texnologlar, finans — finans menedjerleri, buxgalterler hám auditorlar, xızmetkerler — xızmetkerler máseleleri boyınsha qánigeler, támiynat — satıw boyınsha qánigeler, marketologlar tárepinen qadaǵalanadı. Kárxana basshısı bolsa olardıń xızmetin muwapıqlastırıp, ulıwma basqarıwdı ámelge asıradı.

## BASQARÍW USÍLLARÍ

Siz óz kárxanańızdı nátiyjeli basqarıw ushın onıń usılları haqqında túsinikke iye bolıwıńız kerek.

**Kárxananı basqarıw usılları** — basqarıw subyektiniń belgili nátiyjelerge erisiw maqsetinde basqarıw obyektine tásir ótkeriw usıllarınıń jıynaǵı.

Basqarıw usılları járdeminde kárxanadaǵı ekonomikalıq proceslerge tásir etiledi. Tásir kórsetiw mazmunına qaray basqarıwdıń shólkemlestiriwshilik-basqarıwshılıq, ekonomikalıq hám social-psixologiyalıq usılları bar.




### BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Isbilermen ushın basqarıw qábiletine iye bolıwdıń áhmiyeti qanday?
2. Menedjment degen ne? Menedjmenttiń tiykarǵı maqseti neden ibarat?
3. Menedjmenttiń qanday wazıypaları bar?
4. Menedjment subyekti hám obyekti degen ne? Olar bir-birinen nesi menen ajıraladı?
5. Basqarıw funkciyasınıń hárbirine sıpatlama beriń.
6. Kárxananı basqarıwdıń qanday quramlıq bólimlerin bilesiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 25-TEMA ÓNIMDI EKSPORTQA SHÍǴARÍW

Eksporttı jáne de qollap-quwatlaw maqsetinde texnikalıq tárepten tártipke salıw sistemasın xalıq aralıq standartlarǵa sáykeslestiriw kerek. Tiykarǵı maqsetlerimizden biri — sırtqı bazarǵa sıpatlı hám sertifikatlanǵan ónimlerdi «ózbek brendi» atı menen alıp shıǵıwdan ibarat.

***Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoev***

## KÁRXANANÍŃ SÍRTQÍ EKONOMIKALÍQ XÍZMETI

Ayırım isbilermenler óziniń ónimlerin sırtqı bazarda satıwdı maqset etip qoyadı.

**Sırtqı bazar** — belgili mámleket ushın shet eldegi mámleketler bazarı bolıp, ol xalıq aralıq kelisimler arqalı tártipke salınadı.

Sebebi, sırtqı bazardaǵı qatnasıq isbilermenlik xızmetiniń joqarı dárejede rawajlanǵanlıǵı, onıń shet ellik isbilermenler menen básekilesiwge tayarlıǵın ańlatadı. Milliy isbilermenlerdiń sırtqı bazarlarǵa shıǵıwı mámleket ushın da mápli bolıp, ol bunday isbilermenlerdi qollap-quwatlawǵa háreket etedi.

Bul boyınsha isbilermen óziniń xızmetin shólkemlestiriwde eki tárepke itibar qaratıwı maqsetke muwapıq. Birinshiden, ol mámleket ishinde óziniń xızmetin turaqlı hám nátiyjeli dárejede jolǵa qoyıp alǵannan keyin sırtqı bazarǵa shıǵıwdı rejelestiriwi kerek.

Ekinshiden, ol óz jumısın tuwrıdan-tuwrı sırtqı bazarǵa ónim shıǵarıwdan baslaw múmkin. Hár eki jaǵdayda da kárxananıń sırtqı ekonomikalıq xızmetin tereń biliw talap etiledi.

**Kárxananıń sırtqı ekonomikalıq xızmeti** — xalıq aralıq óndiris integraciyası hám kooperaciya, tovar hám xızmetlerdiń eksportı hám importı, sırtqı bazarǵa shıǵıw menen baylanıslı xojalıq xızmeti tarawı.

Kárxana sırtqı ekonomikalıq xızmetiniń xojalıq ishki xızmetinen parqı sonda, sırtqı ekonomikalıq xızmet erkin konvertaciyalanatuǵın



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

(almastırılatuǵın) qatań valyutalar tiykarında ámelge asırılıp, mámlekettiń arnawlı quralları arqalı tártipke salınadı.

Sırtqı **ekonomikalıq xızmet** degende Ózbekstan Respublikası yuridikalıq hám fizikalıq shaxslardıń shet el mámleketleriniń yuridikalıq hám fizikalıq shaxsları, sonday-aq xalıq aralıq shólkemler menen óz ara paydalı ekonomikalıq baylanısların ornatıw hám rawajlandırıwǵa qaratılǵan xızmeti túsiniledi.

Ózbekstan Respublikasında dizimge alınǵan yuridikalıq shaxslar, sonday-aq, Ózbekstan Respublikasınıń aymaǵında turaqlı jasaw ornına iye bolǵan hám jeke tártiptegi isbilermen sıpatında dizimge alınǵan fizikalıq shaxslar sırtqı ekonomikalıq xızmet penen shuǵıllanıwǵa haqılı.

***Ózbekstan Respublikasınıń 2000-jıl 26-maydaǵı 77-II-sanlı jańa redakciyasındaǵı «Sırtqı ekonomikalıq xızmet haqqında»ǵı nızamı, 3-statya***

## SÍRTQÍ SAWDA

Sırtqı ekonomikalıq xızmettiń tiykarǵı baǵdarlarınan biri — sırtqı sawda bolıp esaplanadı. Sırtqı sawda kóbinese sırtqı sawda shártnamaları menen rásmiylestiriliwshi kommerciyalıq pitimleri arqalı ámelge asırıladı.

**Sırtqı sawda** — mámleketler arasındaǵı ónim hám xızmetlerdi alıp shıǵıw (eksport) hám alıp kiriw (import)den ibarat sawda.

Bunnan kóringenindey, sırtqı sawda ónim hám xızmetler eksportı hám importınan ibarat.

**Eksport** — ónim hám xızmetlerdi mámleketten sırttaǵı qarıydarlarǵa satıw.

**Import** — ónim hám xızmetlerdi mámleketten sırttaǵı satıwshılardan satıp alıw.

Sırtqı sawdada qatnasıw, ásirese, tovardı eksportqa satıw birneshe basqıshlardan ibarat arnawlı tayarlıqlardı talap etedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## EKSPORT ETILIP ATÍRǴAN ÓNIMNIŃ BÁSEKIGE SHÍDAMLÍLÍǴÍN BAHALAW

Siz xalıq aralıq bazarǵa shıqpaqshı bolsańız bir qatar ámeliy wazıypalardı orınlawıńız talap etiledi. Sonıń ishinde, dáslep tiykarǵı básekileslerdiń ónimleri menen tanısıp shıǵıwıńız, olardıń texnikalıq kórsetkishlerin talqılawıńız zárúr. Bul óz ónimińizdiń ústin hám kemshilik táreplerin anıqlawǵa járdem beredi.



A kárxana ónimi

- Texnikalıq kórsetkishleri
- Bahası
- Ónim boyınsha xızmetler
- Tiykarǵı satıw bazarları



B kárxana ónimi

- Texnikalıq kórsetkishleri
- Bahası
- Ónim boyın-sha xızmetler
- Tiykarǵı satıw bazarları



Siziń ónimińiz

- Texnikalıq kórsetkishleri
- Bahası
- Ónim boyınsha xızmetler
- Tiykarǵı satıw bazarları

Básekilesler ónimleri bahaların talqılaw siziń óz ónimińiz ushın belgilengen bahanıń básekige shıdamlılıq dárejesin kórsetip beredi.

Básekilesler tárepinen eksport etilip atırǵan ónim boyınsha usınıs etilip atırǵan xızmetler jıynaǵın úyreniw siziń ónimińiz básekige qay dárejede tayarlıǵın bahalawǵa járdem beredi.

Siz básekileslerdiń tiykarǵı satıw bazarların talqılaw arqalı óz ónimińiz ushın qaysı mámleket bazarı qolaylıǵın anıqlawıńız múmkin.

Bul basqıshtaǵı jumıslardıń nátiyjesi jańa sırtqı bazarlardaǵı kárxana ónimleri keleshegin aldınnan kóz aldımızǵa keltiriw bolıp esaplanadı.

## ÓNIMDI EKSPORTQA TAYARLAW

Ónimdi eksportqa shıǵarıw sırtqı bazarǵa shıǵıw menen baylanıslı qosımsha sarp-qárejetlerdi esaplawdı talap etedi. Sonıń ishinde, ónimdi islep shıǵarıw hám satıw menen baylanıslı tiykarǵı qárejetlerden



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

basqa reklama, kórgizbelerde qatnasıw, sawda wákilligin ashıw sıyaqlı qosımsha qárejetler de payda bolıwı múmkin.

**Qosımsha qárejetlerdi esaplaw**

- ☐ Sırtqı reklama
- ☐ Kórgizbelerde qatnasıw
- ☐ Sawda wákilligin ashıw

**Satıwǵa tayarlaw menen baylanıslı jumıslardı ámelge asırıw**

- ☐ ushırasıwlardı shólkemlestiriw
- ☐ ónim haqqında xabar beriw
- ☐ ónimdi tasıw ushın transport kárxanaları menen shártnamalar dúziw
- ☐ hújjetlerdiń jobaların tayarlaw
- ☐ tovar ushın haqı tólew tártibi, esap-kitap formasın anıqlaw
- ☐ ónimniń pasportı, texnikalıq sıpatlamaları, paydalanıw boyınsha qollanbaların tayarlaw

.

Sonday-aq, kárxana ónimlerin eksportqa satıwǵa tayarlaw bul boyınsha ushırasıwlardı shólkemlestiriw, ónim haqqında maǵlıwmat beriw, ónim tasıw ushın transport kárxanaları menen shártnamalar dúziw, hújjetlerdiń jobaların tayarlaw, tovar ushın haqı tólew tártibi, esap-kitap túrin anıqlaw, ónimniń pasportı, texnikalıq sıpatlamaları, paydalanıw boyınsha qollanbaların tayarlaw sıyaqlı jumıslardı ámelge asırıwdı talap etedi.

## EKSPORT ÓNIMINIŃ BAHASÍN BELGILEW

Eksport bahasın durıs esap-kitap etiw hám qáliplestiriw áhmiyetli bolıp esaplanadı. Sebebi, bunda eksport etilip atırǵan ónimniń óndiris qárejetlerinen basqa tómendegi qosımsha qárejetleri de esapqa alınıwı kerek:

Qosımsha qárejetler ⇨ Upakovkalaw ⇨ Eksporttı rásmiylestiriw ⇨ Bajıxana tólemleri ⇨ Transport ⇨ Júkti qamsızlandırıw ⇨ Bank operaciyaları



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## BAJÍXANA DIZIMINEN ÓTKERIW

Isbilermen óz tovarın eksport etiw ushın onı bajıxana diziminen ótkeriwi talap etiledi. Bunıń ushın tómendegi hújjetler zárúr boladı:
— ónim eksportı boyınsha shártnama (pitim, kelisiw);
— júk bajıxana deklaraciyası;
— transport hám tovardı baqlawshı hújjetler.

## TOVARLARDÍŃ EKSPORTÍ HÁM IMPORTÍN QADAĞAN ETIW HÁM SHEKLEW

Mámleketimizde tovarlar eksportı hám importın qadaǵan etiw hám de sheklew belgileniwi múmkin. Bul tómendegi maqsetlerde ámelge asırıladı:
— milliy qáwipsizlikti támiyinlew;
— xalıq ómiri hám densawlıǵın qorǵaw, haywanat hám ósimlik dúnyasın hám de qorshaǵan-ortalıqtı qorǵaw;
— jámiyetlik ádep-ikramlıqqa hám huqıq-intizamǵa ámel etiw;
— mádeniy miyrastı saqlaw;
— mámleketimiz tólem balansın saqlap turıw;
— mámleketimizdiń xalıq aralıq minnetlemelerin orınlaw;
— tiklep bolmaytuǵın tábiyiy resurslar tamamlanıwınıń aldın alıw.

Sonlıqtan, tovarlardıń ayırım túrlerin eksport hám import etiw tek tiyisli ruqsatnama (licenziya) alınǵanınan keyin ámelge asırıladı. Licenziyalar wákillikke iye organlar tárepinen beriledi.

Ayırım tovarlar túrlerin eksport hám import etiwge kvotalar belgileniwi múmkin. Kvotalardı bólistiriw, qaǵıyda boyınsha, tańlaw yamasa kim zıyat sawdası tiykarında ámelge asırıladı.

### BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Sırtqı bazar degen ne?
2. Isbilermenlerdiń sırtqı bazarlarǵa shıǵıwı kim ushın payda?
3. Kárxana sırtqı ekonomikalıq xızmetiniń ózine tán tárepi nede?
4. Mámleketimizde sırtqı ekonomikalıq xızmet penen kimler shuǵıllanıwı múmkin?
5. Sırtqı sawda degen ne? Ol qanday ámelge asırıladı?
6. Eksport hám importtıń parqı ne?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 26-TEMA INVESTICIYA XÍZMETI

Usı kózqarastan, mámlekettiń innovaciyalıq jańalanıw baǵdarlamasın qáliplestiriw, innovaciya hám investiciyalardan nátiyjeli paydalanatuǵın jańa áwlad kadrların, jańa investorlar klasın tayarlaw júdá zárúr áhmiyetke iye. Bunıń ushın Ózbekstandı texnologiyalıq rawajlandırıw hám ishki bazardı modernizaciyalaw boyınsha kúshli milliy ideya, milliy baǵdarlama kerek. Bul baǵdarlama Ózbekstandı jáhándegi rawajlanǵan eller qatarına tezirek alıp shıǵıwǵa imkan jaratıwı kerek.

***Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoev***

### INVESTICIYA XÍZMETI

Siz isbilermenlik xızmetin jolǵa qoymaqshı bolsańız investiciyalaw degen túsinikke dus keliwińiz tábiyiy. Sebebi, isbilermenlikte investiciya xızmeti áhmiyetli orın tutadı. Investiciya xızmeti — payda alıw maqsetinde pul yamasa basqa kórinistegi qarjılardı óndiriske tartıw hám olardan paydalanıw procesi.

**Investiciya xızmeti** — investiciya xızmeti subyektleriniń investiciyaların ámelge asırıw menen baylanıslı háreketlerdiń jıynaǵı.

***Ózbekstan Respublikasınıń 2014-jıl 9-dekabrdgi ÓRQ-380-sanlı jańa redakciyasındaǵı «Investiciya xızmeti haqqında»ǵı nızamı, 3-statya***

Siz, tiykarınan, qanday baǵdarlarda investiciyalaw menen shuǵıllanıwıńız múmkin?

Eń dáslep kárxananı jańa imarat, texnika hám ásbap-úskeneler menen úskenelew yamasa barların zamanagóy, nátiyjeli hám aldıńǵı kórinislerdegileri menen almastırıw kerek. Bul process **texnikalıq yamasa texnologiyalıq modernizaciyalaw** dep ataladı.

**Texnikalıq yamasa texnologiyalıq modernizaciyalaw** — bar texnikalıq yamasa texnologiyalıq úskeneler hám ásbap-úskenelerdi zamanagóy hám aldıńǵı túrleri menen almastırıw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sonday-aq, siz óndiris xızmetin keńeyttiriwge investiciya kirgiziwińiz múmkin. Bul qosımsha imaratlar qurıw, jańa óndiris kúshlerin iske túsiriw, qosımsha jumısshılardı jallaw sıyaqlı proceslerdi óz ishine aladı.

Jańa xızmet túrlerin ózlestiriw investiciya kirgiziwdiń zárúr baǵdarı bolıp esaplanadı. Sebebi, siz birneshe xızmet túrine tiykarlanǵan óndiristi shólkemlestirseńiz, bazardaǵı jaǵdaydıń ózgergen sharayatında da dáramat alıw imkaniyatıńız keńeyedi. Óndiris xızmeti túrlerin keńeyttiriw **óndiristi diversifikaciyalaw** dep ataladı.

**Óndiristi diversifikaciyalaw** — bazar jaǵdayı ózgerislerine beyimlesiwshilikti asırıw maqsetinde ónim islep shıǵarıw túrlerin keńeyttiriw.

Demek, siziń kárxananı ashıw, onı iske túsiriw, xızmetin keńeyttiriw hám jáne de rawajlandırıw maqsetlerinde qarjılardı sarplawıńız investiciyalaw bolıp esaplanadı.

## INVESTICIYALARDÍŃ TOPARLANÍWÍ

Siz investiciya xızmetin nátiyjeli jolǵa qoyıwıńız ushın investiciyalardıń túrleri haqqında tolıq maǵlıwmatqa iye bolıwıńız kerek. Investiciya (ingl. *investments*) — óndiristi shólkemlestiriw yamasa onı keńeyttiriw maqsetinde hár túrli kóriniste kirgizilgen qarjı.

Investiciya sıpatında kirgizilgen qarjılar, ádette, kapital qarjılar dep te ataladı.

Tiykarınan real hám finanslıq (portfel) investiciyalar ajıraladı.

**Real investiciyalar** — kárxanalardıń fizikalıq kapitalına qarjı kirgiziw. Máselen, ásbap-úskeneleri, ánjamların satıp alıw yamasa imarat hám qurılmalardı rekonstrukciyalaw. Real investiciyalar óndiristi jolǵa qoyıw hám keńeyttiriwge tikkeley tásir kórsetedi.

**Finanslıq investiciyalar** — kárxana qımbat bahalı qaǵazları (akciya, obligaciya hám basqalar)n satıp alıw. Bunda kárxana qımbat bahalı qaǵazların satıwdan túsken pul qarjıları keyin ala óndiristi jolǵa qoyıw hám keńeyttiriw maqsetlerine jumsalıwı múmkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## INVESTICIYA DEREKLERI

Investiciya xızmetin ámelge asırıw ushın, dáslep, onıń dereklerin anıqlap alıw zárúr. Bul orında ishki hám sırtqı dereklerdi ajıratıp kórsetiwge boladı.

Investiciyanıń ishki derekleri tómendegiler bolıp esaplanadı:




Investiciyanıń sırtqı derekleri tómendegiler bolıp esaplanadı:




## INVESTICIYA JOYBARÍ

Ámelge asırılǵan investiciyalar bárhama biz oylaǵan nátiyjege alıp kelmeydi. Ayırım jaǵdaylarda olar júdá tómen nátiyje keltiriwi, geyde bolsa ulıwma ózin aqlamawı múmkin. Bunday jaǵdaylar investiciya riski (táwekelshiligi) dep ataladı.

**Investiciya riski** — kózde tutılmaǵan sebeplerge baylanıslı investiciya qarjılarınıń nátiyje keltirmewi aqıbetinde finanslıq joǵaltıw itimalı.

Investiciya riskin tómenletiw maqsetinde investiciya qarjısın sarplaw aldınnan puqta esap-kitap etiliwi kerek. Bul investiciya joybarın islep shıǵıw arqalı ámelge asırıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Investiciya joybarı** — ekonomikalıq, sociallıq hám basqa baǵdardaǵı payda alıw ushın investiciyalardı ámelge asırıwǵa qaratılǵan óz ara baylanıslı ilajlar jıynaǵı bolıp tabıladı.

***Ózbekstan Respublikasınıń 2014-jıl 9-dekabrdegi ÓRQ-380-sanlı jańa redakciyasındaǵı «Investiciya xızmeti haqqında»ǵı nızamı, 6-statya***

Investiciya joybarınıń óndiris, ilimiy-texnikalıq, kommerciyalıq, finanslıq, ekonomikalıq, social-ekonomikalıq joybar sıyaqlı túrleri boladı.

## INVESTICIYA JOYBARÍ ANALIZI

Investiciya joybarınıń durıs islep shıǵılǵanı, onda belgilengen shara-ilajlardıń tiykarlı ekenin bahalaw ushın onı analizlew kerek boladı.

**Investiciya joybarınıń analizi** — investiciyalardı ámelge asırıwdıń maqsetke muwapıqlıǵın bahalaw imkanın beriwshi belgili usıl hám háreketler jıynaǵı.

Hárqanday investiciya joybarı analizi tómendegi proceslerdi óz ishine aladı:

1) zárúr maǵlıwmattı tańlaw hám tayarlaw;
2) dáslepki maǵlıwmattı qayta islew hám analizlew maǵlıwmatın qáliplestiriw;
3) analizlew maǵlıwmatın talqılaw;
4) juwmaq hám usınıslardı tayarlaw.



### BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Investiciya xızmeti neni ańlatadı?
2. Óndiristi diversifikaciyalaw neni ańlatadı?
3. Investiciyalardıń qanday tiykarǵı túrleri bar?
4. Real hám finanslıq (portfel) investiciyalardıń parqı nede?
5. Investiciya xızmetin ámelge asırıwdıń qanday derekleri bar?
6. Investiciya joybarı degen ne hám onıń qanday túrleri bar?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 27-TEMA INNOVACIYALÍQ XÍZMET

Búgin biz mámleket hám jámiyet turmısınıń barlıq tarawların túpten jańalawǵa qaratılǵan innovaciyalıq rawajlanıw jolına ótpektemiz. Bul biykar emes, álbette. Sebebi, zaman tezlik penen rawajlanıp baratırǵan házirgi dáwirde kim utadı? Jańa pikir, jańa ideyaǵa, innovaciyaǵa súyengen mámleket utadı.

Innovaciya — bul keleshek degeni. Biz ullı keleshegimizdi qurıwdı búginnen baslaytuǵın bolsaq, onı házir innovaciyalıq ideyalar, innovaciyalıq qatnas jasaw tiykarında baslawımız kerek.

***Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoev***






**JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR**

1. Súwretlerde kórsetilgen ónimlerdiń ádettegi ónimlerden ajıralıp turatuǵın ózgesheligi nede dep oylaysız?
2. Usı ónimlerdiń ózine tán ózgesheliktleriniń abzallıǵı nede?
3. Siz ózińiz de qanday da bir ónimdi ádettegidey emes jaǵdayda islep shıǵarıw haqqında oylap kórgenbisiz?

## INNOVACIYALAR

Mámleketimizde 2018-jıl «Jedel isbilermenlik, innovaciyalıq ideyalar hám texnologiyalardı qollap-quwatlaw jılı» dep ataldı. Xosh, innovaciyanıń ózi ne?

**Innovaciya** (ingl. «*innovation*» — jańalıq, novatorlıq) — jańa texnologiya, ónim hám xızmetler túri, óndiris, miynet, xızmet kórsetiw hám basqarıw kórinisindegi jańalıqlardıń qollanılıwı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Demek, bunnan kórinedi, eger siz usı waqıtqa shekem bolmaǵan jańa ónim islep shıǵarıw yamasa xızmet kórsetiwdi jolǵa qoysańız, ol jaǵdayda innovaciyanı ámelge asırǵan bolasız.

### BILESIZ BE?

Innovaciya túsinigin birinshi bolıp avstriyalı ekonomist Y. Shumpeter aylanısqa kirgizip, bes tárepin belgilep bergen:

— jańa texnika hám texnologiyalıq proceslerden paydalanıw;

— jańa ózgesheliklerge iye bolǵan ónimdi engiziw;

— jańa shiyki zattan paydalanıw;

— óndiris hám onıń materiallıq-texnikalıq támiynatın shólkemlestiriwdegi ózgerisler;

— jańa satıw bazarlarınıń payda bolıwı.

## KÁRXANANÍŃ INNOVACIYALÍQ XÍZMETI

Mámlekette joqarı ekonomikalıq ósiw hám rawajlanıwdı támiyinlew ushın kárxanalarda innovaciyalıq xızmetti jolǵa qoyıw zárúr.

**Kárxananıń innovaciyalıq xızmeti** — jańa bilim hám texnologiyalardı óndiriske engiziwde qaratılǵan ilajlar jıyındısı.

Bul ilajlar ilimiy, texnologiyalıq, finanslıq hám kommerciyalıq sıpatqa iye bolıwı múmkin. Kárxanada innovaciyalıq xızmetti ámelge asırıw nátiyjesinde:

— jańa ónim túrin islep shıǵarıw yamasa xızmet kórsetiwdi jolǵa qoyıw;

— bar bolǵan ónim yamasa xızmetlerde jańa sıpat ózgeshelikleri payda boladı.

Kárxanada innovaciyalıq xızmetti basqarıw **innovaciyalıq menedjment** dep ataladı.

## INNOVACIYALARDÍŃ TOPARLANÍWÍ

Siz óz xızmetińizde innovaciyalardı ámelge asırmaqshı bolsańız, ol jaǵdayda olardıń túrlerin biliwińiz kerek. Innovaciyalardıń tómendegi túrleri ajıraladı.

Hárbir innovaciya túriniń mazmunın kórip shıǵamız.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




**Texnikalıq innovaciyalar** — jańa yamasa jetilistirilgen ózgesheliklerge iye ónimler islep shıǵarıw. Bunda siz óz ónimińizdiń qanday da bir texnikalıq ózgesheligin jetilistirgen bolasız.

**Texnologiyalıq innovaciyalar** — ónimler islep shıǵarıwdıń salıstırmalı jetilisken usılların qollanıw. Bunda ónim islep shıǵarıw texnologiyasına jańa ózgerisler kirgiziledi.

**Shólkemlestiriwshilik-basqarıwǵa baylanıslı innovaciyalar** — óndiris, transport, satıw hám támiynattı shólkemlestiriw menen baylanıslı procesler. Siz kárxanadaǵı bar shólkemlestiriwshilik-basqarıw procesleri mazmunında jańa ózgerislerdi ámelge asırasız.

**Xabarǵa baylanıslı innovaciyalar** — kárxana innovaciyalıq xızmetinde maǵlıwmat alıw, onıń isenimliligi hám tezligin támiyinlew menen baylanıslı procesler. Ásirese, házirgi xabar-kommunikaciya texnologiyaları tez rawajlanıp atırǵan bir waqıtta usı baǵdar zárúr áhmiyetke iye bolmaqta.

**Jámiyetlik innovaciyalar** — miynet sharayatların jaqsılaw, densawlıqtı saqlaw, bilimlendiriw, mádeniyat tarawlarındaǵı mashqalalardı sheshiw menen baylanıslı procesler. Bunnan kórinedi, mektepte oqıwshılarǵa bilim beriw proceslerine jańa texnologiyalardı engiziw de innovaciya bolıp esaplanadı.

## INNOVACIYA IDEYALARÍNÍŃ DEREKLERI

Siz óz xızmetińizde innovaciyanı ámelge asırıwıńız ushın dáslep innovaciya boyınsha ideyaǵa iye bolıwıńız kerek. Innovaciya ideyalarınıń ózi tosattan payda bolıwı da, olardı maqsetke muwapıq qáliplestiriw de múmkin. Sonlıqtan, innovaciya ideyaları dereklerin ajıratıp kórsetiw maqsetke muwapıq:

1) kútilmegen hádiyse. Siziń xızmetińizde qanday da bir nátiyje yamasa áwmetsizlik, qanday da bir waqıyanıń júz beriwi jańa ideyalarǵa, oylap tabıwlarǵa sebep bolıwı múmkin;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

2) qanday da bir zat haqqındaǵı túsiniklerimiz hám haqıyqat arasındaǵı muwapıq emeslik. Ádette, túsinik haqıyqıy jaǵdayǵa qaraǵanda jaqsıraq, joqarıraq boladı hám ol jańa ózgerisler etiwge iytermeleydi;

3) process zárúrlikleri tiykarındaǵı jańalıqlar. Siz qanday da bir procesti baqlap turıp, bul jerde ne zat jetispey atırǵanlıǵın sezesiz. Onı toltırıw bolsa jańalıqtıń jaratılıwına alıp keledi;

4) xızmet baǵdarıńız yamasa ónim bazarında júz beriwshi ayrıqsha jaǵdaydaǵı ózgerisler;

5) bólimdegi ózgerisler. Siziń qanday da bir ónim yamasa process haqqında jańa maǵlıwmatqa iye bolıwıńız dárhal onı ámeliyatqa engiziwge iytermeleydi. Bul bolsa jańa bilim tiykarında jańa ónim yamasa xızmetlerge tiykar salınıwına alıp keledi.

### BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Mámleketimizde 2018-jıldıń «Jedel isbilermenlik, innovaciyalıq ideyalar hám texnologiyalardı qollap-quwatlaw jılı» dep atalıwına sebep ne?
2. Innovaciya sóziniń mánisi ne?
3. Kárxananıń innovaciyalıq xızmeti neni ańlatadı?
4. Kárxanada innovaciyalıq xızmetti ámelge asırıw nátiyjesin qalay bahalawǵa boladı?
5. Kárxanada innovaciyalıq xızmetti basqarıw qalay ataladı?
6. Innovaciyalardıń qanday túrleri ajıraladı?
7. Innovaciya ideyaları ne hám olar qalay payda boladı?

## TEMA BOYÍNSHA ÁMELIY TAPSÍRMA HÁM SHÍNÍǴÍWLAR

1. Jas isbilermen Úmida Yaqıpjanova «A» túrdegi ónim islep shıǵaradı. Onıń bir aylıq óndiris kólemi 32 000 dananı, ulıwma qárejetler 100 mln. sumdı, ulıwma dáramat bolsa 120 mln. sumdı quraydı. Isbilermen kárxanada innovaciyalıq xızmetti ámelge asırıp, óndiris procesine jańa texnologiyanı engizdi hám tayarlanıp atırǵan ónimniń ózgesheliklerin jetilistirdi. Nátiyjede, ol endi bir ayda 50 000 dana ónim islep shıǵarıp, 200 mln. sumlıq dáramatqa eristi. Bunda óndiris qárejetleri 125 mln. sumdı quradı. Kárxanada innovaciyalıq xızmetti ámelge asırıw nátiyjesinde nátiyjelilik kórsetkishleri hám olardıń ózgerisin anıqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# V BAP ISBILERMENLIKTE RISK HÁM BÁSEKILESLIK

## 28-TEMA ISBILERMENLIK RISKLERIN BAHALAW

### RISK TÚSINIGI

Isbilermenlik xızmeti bárhama birdey nátiyjeli ámelge asırıla bermeydi. Ayırım jaǵdaylarda isbilermen rejelestirgen jumıslardı ámelge asıra almay qalıwı, ózi gózlegen dáramat yamasa paydanı almawı múmkin. Sebebi, isbilermenlik xızmeti hám onıń nátiyjesin aldınnan tolıq hám anıq belgilep bolmaydı. Sonlıqtan, isbilermenliktiń tiykarǵı ózgeshe belgilerinen biri — riskke barıw bolıp esaplanadı.

**Isbilermenlik riski** — resurslardan nátiyjeli paydalanıw múmkin bolǵan jaǵdaydan shetke shıǵıw hám bunıń aqıbetinde resurslardı joq etiw qáwpi.

Isbilermenlik riski bul boyınsha xızmettiń barlıq túrleri — ónim islep shıǵarıw, tovarlar satıw hám xızmet kórsetiw; tovar-pul hám finanslıq operaciyalar; kommerciyalıq; ilimiy-texnikalıq jobalardı ámelge asırıw menen baylanıslı jaǵdayda júzege keledi.

Demek, isbilermenlik riski rejelestirilgen ilaj ámelge aspay qalǵan jaǵdayda zıyan kóriw itimalı. Ol basqarıw qararların qabıl etiwde jol qoyılıwı múmkin bolǵan qáte yamasa kózde tutılmaǵan jaǵdaylar aqıbetinde de kelip shıǵadı.

Risk túsinigi xalıqaralıq áhmiyetke iye túsinik bolıp, qáwip, qáter, qorqınısh hám táwekelshilik degen mazmundı ańlatadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## RISKLERDIŃ TIYKARǴÍ TÚRLERI

Isbilermenlik riskin júdá kóp túrlerge, máselen, tábiyiy-klimat, siyasiy, xojalıq, transport hám basqalarǵa ajıratıw múmkin. Bizler onıń úsh tiykarǵı túrin — óndiris, finanslıq hám investiciyalıq riskti kórip shıǵamız.

**Óndiris riski** kárxananıń xojalıq júrgiziw xızmeti menen baylanıslı. Bunda kárxana óziniń minnetlemelerin orınlamaw itimalı túsiniledi. Máselen, kárxana buyırtpashı yamasa qarıydarlar aldındaǵı shártnamalıq minnetlemelerin orınlamawı, óziniń tovar hám xızmetlerin sata almawı, olardıń bahaların durıs belgiley almawı, bankrotlıqqa júz tutıwı múmkin.

Finanslıq operaciyalar sıpatlamasınan kelip shıqqan jaǵdayda júzege keletuǵın zıyanlar **finanslıq risk**ti júzege keltiredi. Finanslıq risk finans-kredit, fond birjası tarawlarında, qımbat bahalı qaǵazlar operaciyaların ámelge asırıwda jol qoyılıwı múmkin bolǵan joq etiwlerdi kórsetedi. Finanslıq risklerge, sonday-aq kredit riski, procent riski, valyuta riski, finanslıq nátiyjeni qoldan shıǵarıw riski sıyaqlılardı kirgiziwge boladı.

**Investiciyalıq risk** kárxananıń investiciyalıq xızmeti procesinde kózde tutılmaǵan finanslıq joq etiwlerdiń payda bolıwın ańlatadı. Yaǵnıy, kárxana qımbat bahalı qaǵazlardıń satılmay qalıwı yamasa olar keltiretuǵın dáramattıń tómenlep ketiwi, investiciya jobalarınıń ámelge aspawı usılar qatarına kiredi.

## ISBILERMENLIK XÍZMETINDE RISKTI BAHALAW

Isbilermenlik xızmetinde risktiń unamsız tásirin azaytıw maqsetinde ol bahalap barıladı. Isbilermenlik riskin bahalawdıń bir qatar usılları bar. Sonıń ishinde: statistikalıq, analitikalıq, analogiya hám ekspert bahalaw usılı.

## ITIMALLÍQ RISKTI ESAPLAW

Risk yamasa táwekelshilikti ólshewdiń tiykarı itimal túsinigi menen baylanıslı Amerikalı alım F. Nayt (1885—1972) itimaldı eki túrge bóledi: matematikalıq, yaǵnıy aldınnan anıqlaw múmkin bolǵan itimal hám statistikalıq itimal.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Birinshi túrdegi itimaldı obyektiv itimal desek, ol ekonomikada az ushırasadı, ekinshi túrdegi itimal subyektiv itimal bolıp, bizneske tán bolıp esaplanadı. Hám obyektiv, hám subyektiv itimallar táwekelshilik dárejesin kórsetiwde hám tańlawda paydalanıladı. Obyektiv itimal ortasha qundı anıqlawǵa járdem berse, subyektiv itimal alınıwı múmkin bolǵan nátiyjelerdiń ózgermeli normasın anıqlawǵa járdem beredi. Táwekelshilikti muǵdarlıq anıqlaw ushın qanday da bir waqıya yamasa hádiyseniń alıp keliwi múmkin bolǵan aqıbetlerin hám bul aqıbetlerdiń itimalın biliw kerek boladı.

Kútiletuǵın muǵdar — bul múmkin bolǵan barlıq nátiyjelerdiń ortasha ólshengen qunları. Bul jerde hárbir nátiyjeniń itimalı usı sáykes qunlardıń tákirarlanıw chastotası yamasa ólshemi bolıp tabıladı:

$$E(X) = P_1E_1 + P_2E_2 + \ldots + P_nx_n$$

bul jerde $x_i$ — múmkin bolǵan nátiyje;

$P_i$ (Probability) — bul nátiyjeniń payda bolıw itimalı:

$$P_1 + P_2 + \ldots + P_n = 1$$

Máselen, isbilermen jańa ónim islep shıǵarmaqshı. Eger isbilermenniń jańa ónimi bazarda nátiyjege erisse, hárbir ónim birligine 10 000 sum payda alıw múmkin, eger nátiyjege erispese, bir birlik ónim ushın 1 000 sum alınadı. Kárxana óniminiń bazarda nátiyjege erisiw itimalı 0,6 ga teń bolsa, bir birlik ónimnen kútiletuǵın payda muǵdarı tómendegishe anıqlanadı:

$$E(X) = 0{,}6 \times 10\,000 + 0{,}4 \times 1\,000 = 6\,400 \ \ sum$$

Adamlar riskke, yaǵnıy táwekelshilikke barıwǵa tayarlıǵı menen bir-birinen ajıraladı. Adamlar riskke barıwǵa tayarlıǵı boyınsha úsh túrge bólinedi:

— riskke, yaǵnıy táwekelshilikke barıwǵa beyim adamlar.

— riskke barıwǵa qarsı, yaǵnıy beyim emes adamlar.

— riskke biyparıq qaraytuǵın adamlar.

Táwekelshilikke qarsı bolǵan insan degende sonday adam túsiniledi, kútiletuǵın dáramat berilgende, ol táwekelshilik penen baylanıslı nátiyjelerge salıstırǵanda, kepillik berilgen nátiyjeni ústin



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kóredi. Sonıń ushın da, táwekelshilikke barıwǵa beyimliktiń joqlıǵı kópshilik insanlarǵa tán bolıp esaplanadı. Táwekelshilik olar ushın awır sınawday esaplanadı hám olar belgili kompensaciya bolǵanda ǵana táwekelshilikke barıwı múmkin.

Táwekelshilikke biyparıq qaraytuǵın insan sonday insan bolıp esaplanadı, kútiletuǵın dáramat berilgende, ol kepillik berilgen nátiyjeni maqul kórip, táwekelshilik penen baylanıslı nátiyjelerge biyparıq qaraydı. Táwekelshilikke neytral qaraytuǵın adam ushın ortasha payda zárúr bolıp esaplanadı.

Táwekelshilikke iye bolǵan insan sonday insan esaplanadı, kútiletuǵın dáramat berilgende ol kepilliklengen nátiyjege salıstırǵanda táwekelshilik penen baylanıslı nátiyjeni ústin kóredi.

Táwekelshilikke qızıǵatuǵın insan onnan ráhátlenedi. Bunday túrdegi insanlarǵa óziniń táǵdirin sınap kóriw ushın turaqlı dáramattan waz keshe alatuǵın insanlar kiredi.

Riskti tómenletiwdiń tómendegi túrleri bar: diversifikaciya, qamsızlandırıw, táwekelshilikti bólistiriw, maǵlıwmat izlew.

Diversifikaciya usılında risk birneshe tovarlarǵa bólistiriledi, yaǵnıy qanday da bir tovardı satıw (satıp alıw) joqarı risk penen baylanıslı bolıwı basqa bir tovardı satıwdan (satıp alıwdan) bolatuǵın riskti azaytıwǵa alıp keledi.

Máselen, qanday da bir firma eki túrli ónim islep shıǵaradı. Bir waqıttıń ózinde eki ónim túrine bolǵan talaptıń azayıp ketiw itimalı, olardan birewine bolǵan talaptıń azayıp ketiw itimalınan joqarı ekeni belgili. Kópshilik jaǵdaylarda bir túrdegi ónimge bolǵan talap azayǵanda ekinshi túrdegi ónimge bolǵan talap artadı. Tómendegi kestede eki túrdegi ónimnen alınatuǵın dáramatlar keltirilgen.

*1-keste*

**Tovarlardı satıwdan túsken dáramat**

| Tovarlar túri | Jaz máwsimi | Qıs máwsimi |
|---|---|---|
| Muzqaymaq | 600 mln. sum | 100 mln. sum |
| Muzqaymaqlı tort | 100 mln. sum | 600 mln. sum |

Firma óziniń óndirisin diversifikaciya etip, jaz ayında ekinshı túr tovar esabınan joq etetuǵın dáramatın birinshi túr tovardı kóbirek satıw esabınan qaplaydı. Tap sonday qıs máwsimindegi joǵaltıwlar ekinshi tovar esabınan qaplanadı. Firma diversifikaciya



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jolı menen táwekelshilikti azaytǵanı kórinip tur. Biraq diversifikaciya táwekelshilikti tolıq joq etpeydi, ol tek azaytadı tek.

## RISKLERDI QAMSÍZLANDÍRÍW

**Risklerdi qosıw** — bul usıl kútilmegen (tosattan) joǵaltıwlardı turaqlı qárejetlerge aylandırıw arqalı táwekelshilikti azaytıwǵa qaratılǵan. Múlktiń urlanıwı, shaxstıń awırıp jumısqa shıqpawı, tábiyiy apatlardıń bolıwı tosattan bolıp olar júdá úlken qárejetlerge alıp keliwi múmkin. Usı qolaysız hádiyselerdiń aqıbetlerin azaytıwda qamsızlandırıwdıń áhmiyeti úlken.

Qamsızlandırıwda táwekelshilikti qosıw nátiyjeliligi usı menen belgilenedi, qamsızlandırılǵan shaxslardıń táwekelshiligi bir-birine baylanıslı bolmawı kerek.

### BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Isbilermenlik riski degende neni túsinesiz?
2. Isbilermenlik riski qanday túrlerge bólip úyreniledi?
3. Isbilermenlik riskin bahalawdıń qanday usılların bilesiz?
4. Itimallıq risk tiykarında kútiletuǵın muǵdar qalay anıqlanadı?
5. Isbilermenlik riskin azaytıwdıń qanday túrlerin bilesiz?

## TEMA BOYÍNSHA ÁMELIY TAPSÍRMA HÁM SHÍNÍǴÍWLAR

1. Aytayıq jas isbilermen Nigara Abdirazzaqovanıń qálewinde aqshanı kóbeytiwdiń eki túrli tańlaw variantı bar. Birinshiden, eger ol ózinde bar artıqsha 100 mln. sum qarjısın bankke amanatqa qoysa, jıllıq 20% kórinisinde kepillik berilgen qosımsha dáramat aladı. Ekinshiden, ol qosımsha óndiris penen shuǵıllanıwı múmkin. Onıń islep shıǵarǵan ónimi bazarda nátiyjege erisse, isbilermenniń qosımsha alatuǵın dáramatı 40 mln. sumdı, eger nátiyjege erise almasa 10 mln. sumdı quraydı. Ónimnniń bazarda nátiyjege erisiw itimalı 0,4 ga teń. Ónimdi islep shıǵarıwdan kútiletuǵın dáramat muǵdarın anıqlań. Isbilermen qaysı variantı tańlaydı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 29-TEMA KÁRXANADA MIYNET RESURSLARÍ

## MIYNET RESURSLARÍ

Isbilermenlik xızmetin shólkemlestiriwde eń zárúr ekonomikalıq resurslardan biri — miynet resursları bolıp esaplanadı.

**Miynet resursları** — xalıqtıń miynet etiw ushın zárúr bolǵan fizikalıq hám aqılıy qábiletine iye bolǵan bólimi.

Ózbekstanda miynet resursları quramına 16 jastan 55 jasqa shekem bolǵan hayallar hám de 60 jasqa shekem bolǵan er adamlar kiredi.

## MIYNET SHÁRTNAMASÍ

Eger siz isbilermenlik xızmeti tiykarında jumısshılardı jumısqa jallamaqshı bolsańız, bunı nızamlı tiykarda shólkemlestiriwińiz kerek. Mámleketimizde kárxana hám jumısshılar arasındaǵı qatnas miynet shártnaması járdeminde qáliplesedi.

**Miynet shártnaması** — kárxana hám jumısshılar arasındaǵı jumısqa jallaw boyınsha qatnastı kórsetiwshi hám tártipke salıwshı huqıqıy hújjet.

Miynet shártnamasında tómendegi zárúr máseleler belgilep beriledi:
— is haqı stavkası;
— normadan artıqsha islengen jumıslar ushın stavka;
— dem alıw kúnleri hám tánepisler;
— pensiya fondları hám densawlıqtı saqlawǵa ajıratılǵan aqshalar (ajıratpalar);
— bahalardıń ózgeriwin esapqa alǵan jaǵdayda is haqı hám basqa tólemler muǵdarın tártipke salıw;
— miynet sharayatı hám basqa máseleler.

Sonday-aq, miynet shártnamasında zárúr shólkemlestiriwshilik máseleler de kórsetip ótiledi. Ádette, miynet shártnaması birneshe jılǵa dúziledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## IS HAQÍ

Isbilermenlik xızmetinde jumısshılardı xoshametlewdiń eń tiykarǵı túri is haqı bolıp esaplanadı. Is haqınıń durıs hám ádalatlı belgileniwi nátiyjesinde isbilermenlik xızmeti nátiyjelerine jaqsı tásir kórsetedi.

**Is haqı** — isbilermenlik xızmetinde jaratılǵan ónimnen jumısshı hám xızmetshiler miynetiniń muǵdarı, sıpatı hám ónimdarlıǵına qarap tólenetuǵın úlesiniń puldaǵı kórinisi.

Jumısshı hám xızmetshilerdiń is haqı olardıń jeterli dárejedegi turmıs sharayatın támiyinlewi kerek. Bul orında nominal hám real is haqı túsiniklerin biliw zárúr.

**Nominal is haqı** — belgili waqıt dawamında alınǵan pul summası yamasa pul túrindegi is haqı.

Mısal ushın, siz óz kárxanańızdaǵı jumısshıǵa yanvar ayında 800 mıń sum, fevral ayında 790 mıń sum, mart ayında 820 mıń sum is haqı tóledińiz. Bular nominal is haqı bolıp esaplanadı.

**Real is haqı** — nominal is haqıǵa satıp alınıwı múmkin bolǵan tovarlar hám xızmetler muǵdarı.

Basqasha aytqanda, real is haqı — bul nominal is haqınıń «satıp alıw» qábileti bolıp tabıladı. Óz-ózinen belgili, real is haqı nominal is haqı muǵdarına hám satıp alınatuǵın tovarlar bahasına baylanıslı. Demek, real is haqı nominal is haqıǵa tuwrı proporcional hám tutınıw buyımları hám de xızmetler qunı dárejesine keri proporcional bolıp esaplanadı:

$$V_r = \frac{V_n}{P}$$

Bul jerde: $V_r$ — real is haqı; $V_n$ — nominal is haqı; $P$ — tutınıw buyımları hám xızmetlerdiń qunı dárejesi.

Joqarıdaǵı mısalda siz tárepinen jumısshıǵa tólengen nominal is haqı yanvar ayına salıstırǵanda fevral ayında 98,7% ti, mart ayında 102,5% ti quraǵan edi. Real is haqı dárejesiniń ózgerisin anıqlaw ushın bolsa tutınıw buyımları hám xızmetleriniń qunı dárejesi haqqında maǵlıwmat zárúr boladı. Aytayıq, qun dárejesi yanvar



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ayına salıstırǵanda fevralda 1,08, martta bolsa 1,2 ese artqan bolsın. Onday jaǵdayda jumısshınıń real is haqı fevralda 731 mıń sumdı, mart ayında bolsa 683 mıń sumdı quraydı. Yaǵnıy, jumısshınıń real is haqı yanvar ayına salıstırǵanda fevral ayında 91,3%, mart ayında 85,3% dárejesinde boladı.

## IS HAQÍNÍ BELGILEW

Isbilermenlik xızmetinde is haqınıń durıs belgileniwi mámleket tárepinen tártipke salınadı. Is haqını belgilew tarif sisteması járdeminde ámelge asırıladı.

**Tarif sisteması** — mámleket regionı, tarmaqlar, óndiris túrleri, xızmetkerler qánigesi hám miynet sharayatlarına qarap is haqı dárejesin tártipke salıp turıwshı normalar jıynaǵı.

Tarif sisteması óz ishine tarif-qánige maǵlıwmatları, tarif stavkaları, tarif setkaları, is haqıǵa salıstırmalı qollanılıwshı hár túrli koefficientlerdi aladı:

**Miynetke haqı tólewdiń birden-bir tarif setkası**

| Miynetke haqı tólew razryadları | Tarif koefficientleri | Miynetke haqı tólew razryadları | Tarif koefficientleri |
|---|---|---|---|
| 1 | 2,476 | 12 | 6,115 |
| 2 | 2,725 | 13 | 6,503 |
| 3 | 2,998 | 14 | 6,893 |
| 4 | 3,297 | 15 | 7,292 |
| 5 | 3,612 | 16 | 7,697 |
| 6 | 3,941 | 17 | 8,106 |
| 7 | 4,284 | 18 | 8,522 |
| 8 | 4,640 | 19 | 8,943 |
| 9 | 4,997 | 20 | 9,371 |
| 10 | 5,362 | 21 | 9,804 |
| 11 | 5,733 | 22 | 10,240 |



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Tarif stavkaları** tiyisli razryadǵa iye bolǵan jumısshınıń miynetine tólenetuǵın haqı muǵdarın belgilep beredi.

## MIYNET ÓNIMDARLÍǴÍ HÁM ONÍ ESAPLAW

Kárxanada jumısshılarǵa is haqınıń durıs hám ádalatlı belgileniwi jumısshılardıń miynet ónimdarlıǵına tásir kórsetedi.

**Miynet ónimdarlıǵı** — jumısshınıń waqıt birligi dawamında ónim jaratıw qábileti.

Miynet ónimdarlıǵı belgili waqıt aralıǵında jumısshı miynetiniń hárbir birligi esabınan islep shıǵarılǵan ónim muǵdarı menen anıqlanadı:

$$M\acute{O} = \frac{\acute{O}}{W}$$

Bul jerde: $M\acute{O}$ — miynet ónimdarlıǵı; $\acute{O}$ — ónim, $W$ — sarplanǵan is waqtı.

Jumısshınıń miynet muǵdarı ol tárepinen islengen waqıt penen, adam kúni, adam saatı hám basqalar menen belgilenedi.

## MIYNET ÓNIMDARLÍǴÍN ARTTÍRÍW FAKTORLARÍ

Isbilermen óz kárxanasındaǵı miynet ónimdarlıǵın asırıp barıwǵa háreket etiwi kerek. Sebebi, miynet ónimdarlıǵınıń artıwı kárxanadaǵı miynet resurslarınan nátiyjeli paydalanıwın ańlatadı. Miynet ónimdarlıǵın arttırıw faktorları ekonomikalıq, sociallıq, ilimiy-texnikalıq rawajlanıwdı jedellestiriw faktorlarına bólip úyreniledi.

### BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Miynet resursları ne hám ol óz ishine kimlerdi aladı?
2. Miynet shártnaması ne ushın zárúr?
3. Is haqı ne hám onıń isbilermenlik xızmetindegi áhmiyeti qanday?
4. Nominal hám real is haqı túsinikleri neni ańlatadı?
5. Tarif sisteması degen ne? Ol óz ishine qanday tiykarǵı táreplerdi aladı?
6. Miynetke haqı tólewdiń tarif setkası haqqında maǵlıwmat beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 30-TEMA BÁSEKILESLIKTI TÁMIYINLEW

> Ózbekstan ilim-pán, intellektual uqıplılıq tarawında, zamanagóy kadrlar, joqarı texnologiyalar boyınsha dúnya kóleminde básekige shıdamlı bolıwı shárt.
>
> ***Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoev***

### BÁSEKI HÁM ONÍŃ WAZÍYPALARÍ

Bazar mexanizminiń zárúr hám ajıralmas tárepi báseki bolıp esaplanadı.

> **Báseki** — bul joqarı nátiyje hám ornına iye bolıw ushın bazar qatnasıwshıları arasındağı ekonomikalıq gúres bolıp tabıladı.

Siz óz isbilermenlik xızmetińizdi nátiyjeli júrgiziwińiz ushın, álbette, báseki haqqındağı jeterli bilimge iye bolıwıńız kerek.

Básekiniń bir qatar tiykarğı wazıypaları bar.




### BÁSEKINIŃ TÚRLERI

Siz óz isbilermenlik xızmeti bağdarıńızdı tańlawdan aldın onıń qanday báseki sharayatında háreket etiwin biliwińiz zárúr bolıp esaplanadı. Básekiniń tórt tiykarğı túrin ajıratıp kórsetiw múmkin.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Erkin báseki** — bul bir túrdegi ónim islep shıǵarıwshı tarmaqta júdá kóp sanlı kárxanalar bar ekenligi sharayatındaǵı báseki bolıp tabıladı.

**Erkin básekiniń ózgeshelik belgileri:**

— óz aldına kárxana yamasa isbilermen tárepinen islep shıǵarılǵan ónimdi tarmaq ulıwma óndiris kólemindegi úlesiniń úlken emesligi;
— islep shıǵarıwshınıń óziniń ónimi bahası ústinen qadaǵalay almawı;
— tarmaqqa kiriw hám onnan shıǵıwdıń erkinligi.

Máselen, siz awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw isbilermenligi menen shuǵıllansańız, ol jaǵdayda erkin báseki sharayatında xızmet kórsetiwge tuwra keledi.

**Sap monopoliya** — bul tarmaqta birden-bir islep shıǵarıwshı bolıp, ol jeke húkimdarlıq dárejesine iye bolǵan bazar jaǵdayı bolıp tabıladı.

**Sap monopoliyanıń ózgeshelik belgileri:**
— tarmaqtaǵı barlıq ónimniń birden-bir kárxana tárepinen islep shıǵarılıwı;
— islep shıǵarıwshınıń óziniń ónimi bahası ústinen tolıq qadaǵalawı;
— tarmaqqa kiriw hám onnan shıǵıwdıń júdá qıyınlıǵı.

**Monopolistlik báseki** — bul bir waqıttıń ózinde hám báseki, hám monopoliya ózgesheliklerine iye bolǵan báseki bolıp tabıladı.

**Monopolistlik básekiniń ózgeshelik belgileri:**

— tarmaqtaǵı bir túrdegi ónimlerdiń birneshe onlap kárxanalar tárepinen islep shıǵarılıwı;
— óziniń ónimin basqa usı túrdegi ónimlerge salıstırǵanda ózine tán ózgesheligine qaray qatlamlastırılıwı;
— islep shıǵarıwshınıń óz ónimi bahası ústinen bir bólimin qadaǵalawı;
— tarmaqqa kiriw hám onnan shıǵıwdıń belgili dárejede qıyınlıǵı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Oligopoliya** — tarmaqta onsha kóp bolmaǵan kárxanalardıń bolıwı hám ústemlik etiw sharayatındaǵı báseki.

**Oligopoliyanıń ózgeshelik belgileri:**
— tarmaqtaǵı bir túrdegi ónimlerdiń birneshe iri kárxanalar tárepinen islep shıǵarılıwı;
— islep shıǵarıwshınıń óz ónimi bahası ústinen sezilerli qadaǵalawı;
— tarmaqqa kiriw hám onnan shıǵıwdıń qıyınlıǵı.

## BÁSEKILESIW USÍLLARÍ

Básekiniń baha túrindegi hám bahasız báseki usılları ajıraladı.

**Baha túrinde básekilesiw** — bul belgili ónimler bahasın basqa islep shıǵarıwshılardıń usı túrdegi ónimleri bahasına salıstırǵanda tómenletiwge tiykarlanǵan báseki usılı.

**Bahasız báseki** — báseki gúresiniń tiykarǵı faktorı bolıp tovardıń sıpatı, servis xızmet kórsetiwi, islep shıǵarıwshı firmanıń abıroy-itibarı esaplanıwshı gúres usılı.

## INSAPSÍZ BÁSEKI

Básekilesiwdiń ekonomikalıq emes usıllarınan paydalanıw insapsız báseki dep júrgiziledi. Olarǵa fizikalıq kúsh isletiw, májbúrlew, qarsılaslardıń abırayına zıyan tiygiziw, ekonomikalıq resurslar dereklerinen ayırıw, jetekshi qánigelerdi ózine qaratıp alıw, bahanı keskin tómenletiw sıyaqlılar kiredi.

## KÁRXANANÍŃ BÁSEKILESLIGIN ARTTÍRÍW JOLLARÍ

Bazar ekonomikasında basqa básekileslerden ozıp ketiw yamasa ústin keliw qábileti, yaǵnıy básekileslik zárúr bolıp esaplanadı. Básekileslik hár túrli dárejelerde kóriniwi múmkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Básekilesliktiń hárqanday dárejesi ushın tiykarǵı faktorlar bar.




Siz óz isbilermenlik xızmetińizdi nátiyjeli ámelge asırıw ushın kárxanańız básekilesligin támiyinlewińiz zárúr.

**Kárxananıń básekilesligi** — belgili túrdegi ónimdi islep shıǵarıwshı basqa kárxanalarǵa óziniń óndiris, finanslıq hám marketing xızmeti nátiyjeliliginen qarsı tura alıw qábileti.

Bunıń ushın, álbette, kárxana básekilesligin támiyinlew jolları haqqında biliwińiz kerek. Tómende olardıń tiykarǵıların keltirip ótemiz:

— turaqlı túrde óndiris procesine jańalıqlardı engiziw;
— ónimniń salıstırmalı jetilisken túri ústinde izleniw;
— ónim sıpatınıń milliy hám dúnya standartlarına muwapıqlıǵın támiyinlew;
— joqarı sıpatlı shiyki zat hám materiallardan paydalanıw;
— turaqlı túrde xızmetkerlerdiń qánigeligin arttırıp barıw;
— xızmetkerlerdiń materiallıq mápdarlıǵın arttırıw hám miynet sharayatların jaqsılaw;
— bazarda tereń marketing izleniwlerin ótkeriw hám basqalar.

## QADAǴALAW HÁM PIKIRLEW USHÍN SORAWLAR

1. Básekiniń qanday wazıypaları bar?
2. Básekiniń qanday túrlerin bilesiz?
3. Erkin básekiniń ózgeshelikli belgilerin túsindiriń.
4. Baha túrindegi báseki degen ne? Onıń qanday usılları bar?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# GLOSSARIY

**Agrofirma** — fermer, diyqan, hám jeke járdemshi xojalıqlar tárepinen jetistirilgen awıl xojalıq ónimlerin qayta islew hám de satıw menen shuǵıllanıwshı kárxana.

**Báseki** — bul joqarı nátiyje hám ornına iye bolıw ushın bazar qatnasıwshıları ortasındaǵı ekonomikalıq gúres.

**Biznes joba** — belgili biznes ideyanı ámelge asırıw menen baylanıslı barlıq ilajlar bayan etilgen hám de nátiyjeliligi tiykarlanǵan hújjet.

**Biznes-reje** — isbilermenlik xızmetin baslawdan aldın onıń sıpatlaması, xızmet dáwirleri, kózde tutılıp atırǵan sarp-qárejet hám kútilip atırǵan payda kibi zárúr tárepleri bayan etilgen shólkemlestiriwshilik-ekonomikalıq kórinistegi hújjet.

**«Bir ayna» orayı** — xalıq hám kárxanalarǵa hár túrli mámleket xızmetlerin kórsetiw, sonıń ishinde isbilermenlik xızmetin mámleket diziminen ótkeriw menen shuǵıllanıwshı arnawlı basqarma.

**Diyqan xojalıǵı** — shańaraq baslıǵına berilgen úy qaptalı jer uchastkasında shańaraq aǵzalarınıń jeke miyneti tiykarında awıl xojalıǵı ónimin jetistiretuǵın hám realizaciya etetuǵın shańaraqlıq mayda tovar xojalıǵı.

**Fermer xojalıǵı** — ijaraǵa berilgen jer uchastkalarınan paydalanǵan halda awıl xojalıǵı tovar islep shıǵarıwı menen shuǵıllanıwshı, óz betinshe xojalıq júrgiziwshi subyekt.

**Innovaciya** (ingl. «*innovation*» — jańalıq, novatorlıq) — jańa texnologiya, ónim hám xızmetler túrleri, óndiris, miynet, xızmet kórsetiw hám basqarıw kórinisindegi jańalıqlardıń qollanılıwı.

**Investiciya riski** — kózde tutılmaǵan sebeplerge baylanıslı investiciya qarjılarınıń nátiyje keltirmewi aqıbetinde finanslıq joq etiw itimalı.

**Isbilermen** — isbilermenlik uqıbına, yaǵnıy qanday da bir túrdegi tovar islep shıǵarıw yaki xızmet kórsetiw procesin shólkemlestire alıw boyınsha bilim, kónlikpe hám tájiriybege iye shaxs.

**Isbilermenlik riski** — resurslardan nátiyjeli paydalanıw múmkin bolǵan jaǵdaydan shetke shıǵıw hám bunıń aqıbetinde resurslardı joq etiw qáwpi.

**Isbilermenniń huqıqı** — mámleket tárepinen isbilermen ushın paydalanıwı belgilengen yaki ruqsat berilgen is-háreketler qaǵıydaları kompleksi.

**Isbilermenniń juwapkerligi** — bul isbilermen is-háreketiniń belgilengen nızam normaları, jámiyetlik hám ádep-ikramlıq qaǵıydalarǵa muwapıqlıǵı boyınsha juwap beriw wazıypası.

**Isbilermenniń minnetlemesi** — mámleket tárepinen isbilermen ushın ámel etiliwi yaki orınlanıwı shárt bolǵan is-háreketler qaǵıydaları kompleksi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Jaslar isbilermenligi** — isbilermenlik xızmetiniń 18 jastan 35 jasqa shekem bolǵan isbilermenleri tárepinen ámelge asırılıp atırǵan bólimi.

**Jeke járdemshi xojalıq** — awıllıq jerlerde jasawshı puqaralardıń óz úy qaptalı jerindegi jeke miyneti arqalı awıl xojalıq ónimlerin jetistiriw menen shuǵıllanıwına tiykarlanǵan shańaraqlıq xojalıǵı.

**Jeke tártiptegi isbilermenlik** — yuridikalıq shaxs shólkemlestirmesten jeke isbilermenlik xızmetin ámelge asırıw túri.

**Juwapkershiligi sheklengen jámiyet (JSHJ)** — aǵzaları jámiyet minnetlemeleri boyınsha tek ózleri qosqan úles sheńberinde juwapker bolatuǵın jámiyet.

**Kalkulyaciya** — latınsha «*calculatio*» degen sózden alınǵan bolıp, esap, esap-kitap degen mánilerdi ańlatadı. Bul ónim birligine tuwrı keliwshi óndiris qárejetlerin pul kórinisindegi esap-kitabı.

**Kárxananıń básekilesligi** — belgili túrdegi ónimdi islep shıǵarıwshı basqa kárxanalarǵa óziniń óndiris, finanslıq hám marketing xızmeti nátiyjeliligi tárepinen múnásip qarsı tura alıw qábileti.

**Kárxana ustavı** — kárxananıń xızmet kórsetiw tártibi hám shártlerin belgilep beriwshi hújjet.

**Marketing izertlewi** — bazardı úyreniw boyınsha marketing ilajlarınan biri bolıp, óndiris hám bazarda satıw kózde tutılǵan tovarlar haqqındaǵı maǵlıwmatlardı jıynaw, analizlew, qayta islew proceslerin óz ishine aladı.

**Mikrofirma** — belgili tarawdaǵı islewshiler sanı jaǵınan eń kishi bolǵan yuridikalıq shaxs kórinisindegi kishi isbilermenlik subyekti.

**Óndiristi diversifikaciyalaw** — bazar jaǵdayı ózgerislerine sáykeslesiwdi arttırıw maqsetinde ónim islep shıǵarıw túrlerin keńeytiw.

**Óndiristiń zıyansız noqatı** — bul ónim satıwdan alınǵan dáramatlar óndiris qárejetlerin tolıq qaplaǵan jaǵdayı bolıp tabıladı. Bul noqatta payda kólemi nolge teń boladı.

**Ózine túser baha** — ónim islep shıǵarıw hám satıw qárejetleriniń puldaǵı kórinisi.

**Shańaraqlıq kárxana** — yuridikalıq shaxs shólkemlestirgen jaǵdayda ámelge asırılatuǵın shańaraqlıq isbilermenlik túri.

**Shańaraqlıq isbilermenlik** — shańaraq aǵzaları hám olardıń jaqın tuwısqanları tárepinen shólkemlestirgen isbilermenlik xızmeti.

**Startap** (ingl. «*startup company*», «*startup*» — háreketti baslap atırǵan) — óz xızmetin innovaciyalıq ideyalar yaki texnologiyalarǵa tiykarlanıp júrgiziwshi jańa shólkemlestirilgen kompaniya, firma yamasa biznes joba.

**Shólkemlestiriwshilik shártnaması** — shólkemlestiriwshilerdiń kárxananı shólkemlestiriw waqtında óz ara kelisip alınǵan tiykarǵı shártlerin kórsetiwshi yuridikalıq hújjet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MAZMUNÍ

1-Tema. Isbilermenliktiń mazmunı hám áhmiyeti ..................................3
2-Tema. Isbilermenliktiń túrleri hám formaları........................................9
3-Tema. Jeke tártiptegi isbilermenlik .................................................... 14
4-Tema. Shańaraq isbilermenligi ............................................................20
5-Tema. Mikrofirma hám kishi kárxana ....................................................25
6-Tema. Jeke kárxana ..............................................................................30
7-Tema. Juwapkershiligi sheklengen jámiyet ...........................................34
8-Tema. Akcionerlik jámiyeti....................................................................38
9-Tema. Awıllıq jerlerde isbilermenlik .....................................................43
10-Tema. Jaslar isbilermenligi..................................................................49
11-Tema. Biznes-reje islep shıǵıw .............................................................53
12-Tema. Biznes joba hám startaplar.........................................................57
13-Tema. Kárxana shólkemlestiriw hújjetleri ............................................61
14-Tema. Isbilermenlerdi mámleket diziminen ótkeriw.................................66
15-Tema. Isbilermenlik juwapkershiligi .....................................................70
16-Tema. Kárxana qarjıları hám olardan paydalanıw nátiyjeliligi .......74
17-Tema. Bank kreditleri ..........................................................................80
18-Tema. Kárxana qárejetleri......................................................................85
19-Tema. Ónimniń ózine túser bahası.........................................................89
20-Tema. Kárxananıń finanslıq nátiyjeleri .................................................93
21-Tema. Isbilermenlikti salıqqa tartıw......................................................99
22-Tema. Isbilermenlikte marketing........................................................ 103
23-Tema. Tovarlardı satıw hám reklama ................................................. 107
24-Tema. Kárxananı basqarıw ................................................................. 111
25-Tema. Ónimdi eksportqa shıǵarıw....................................................... 115
26-Tema. Investiciya xızmeti...................................................................120
27-Tema. Innovaciyalıq xızmet ................................................................124
28-Tema. Isbilermenlik risklerin bahalaw ................................................128
29-Tema. Kárxanada miynet resursları ................................................... 133
30-Tema. Básekileslikti támiyinlew ........................................................ 137
Glossariy .................................................................................................. 141



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

T 14 **Isbilermenlik tiykarları [Tekst]:** ulıwma orta bilim beriw mekteplerinińi 11-klası hám orta arnawlı, kásip óner bilimlendiriwi mákemeleri ushın sabaqlıq / U. Ǵafurov, Q. Sharipov. — Nókis «Bilim», 2018. — 144 b.

ISBN 978-9943-25-606-4

**UOK 338.22(075.32)**
**KBK 65.290-2ya721**

*O'quv nashri*

**Ubaydullo Vaxabovich G'afurov,**
**Quvondiq Baxtiyorovich Sharipov**

# TADBIRKORLIK ASOSLARI

*Umumiy o'rta ta'lim muassasalarining 11-sinfi va o'rta maxsus, kasb-hunar ta'limi muassasalarining o'quvchilari uchun darslik*

*(Qaraqalpaq tilinde)*

*Birinshi basılım*

Nókis — «Bilim» — 2018

Awdarmashı: *M. Nızanov S. Aytmuratova*
Redaktorı *S. Baynazarova*
Xud. redaktorı *I. Serjanov*
Tex. redaktorı *B. Turımbetov*
Operator *N. Saukieva*

**Baspa licenziyacı: Al №108, berilgen waqtı 2008-jıl 15-iyul.**

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 25.06.2018-j.
Formatı 70x90 1/16. Tip «Times» garniturası. Ofset usılında basıldı. Kegl 11,5.
Kólemi 9,0 b/t. 10,53 shártli b/t. 11,23 esap b/t. Nusqası 10452 dana. Buyırtpa № .

**Elektron mánzil:** bilim.baspa@bk.uz

«Bilim» baspası. 230103. Nókis qalası, Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

Ózbekstan Baspasóz hám xabar agentliginiń
«O'zbekiston» baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi 100011,
Tashkent, Nawayı kóshesi, 30.

Telefon: (371) 244-87-55, 244-87-20. Faks: (371) 244-37-81, 244-38-10.
*e-mail: uzbekistan@iptd-uzbekistan.uz,*
www.*iptd-uzbekistan.uz*

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE